Дагъистаналъул адабият

16+

ISSN 0235-0130

# Гьудуллъи

ЛИТЕРАТУРИЯБГУН ХУДОЖЕСТВИЯБ ВА ЖАМГIИЯБГУН ПОЛИТИКИЯБ ЖУРНАЛ

## ГIайшат МАЛАЧИЕВА
## ТIегьалареб гъветI - 8



3/2023
май - июнь





Расул Гамзатов
Мой Дагестан
(отрывок)
Когда я, объездивший множество стран,
Усталый, с дороги домой воротился,
Склонясь надо мною, спросил Дагестан:
«Не край ли далекий тебе полюбился?»
взошел я и с той высоты,
вздохнув, Дагестану ответил:
краев повидал я, но ты
самый любимый на свете.
в любви тебе редко клянусь,
но и клясться не ново,
люблю, потому что боюсь:
стократ повторенное слово».
МОЙ ДАГЕСТАН
100
НАШ РАСУЛ




Расулу

# ГЪУДУЛЛЪИ

**КІиго моцІида жаниб цо нухалъ бахъулеб литературиябгун художествияб ва жамгІиябгун политикияб журнал**

Литературно-художественный и общественно-политический журнал

**Издается один раз в два месяца**

**Учредитель:**
Агентство информации и печати Республики Дагестан

**Журнал бахъизе байбихьана 1952 соналда Расул ХІамзатовас**

Журнал основан в 1952 году Расулом Гамзатовым

# 3
# 2023
**май - июнь**

**Государственное бюджетное учреждение Республики Дагестан «Редакция республиканских литературных журналов «Соколенок» и “Литературный Дагестан”**

**БетІерав редактор**
Мурад МухІамадович АхІмадов

**«Гъудуллъи» журналалъул редактор** ХІамзат ГІизудинов

**Редакциялъулаб коллегия:**
МухІамад АхІмадов,
МухІамад ГІабдулхІалимов,
МухІамад МухІамадов,
КъурбанмухІамад МухІамадов,
ТубхІат Зургьалова,
ПатІимат ГІабдурахІманова,
Залму Батирова,
МухІамад ХІамзаев,
ГІайшат Малачиева,
ГІайшат ГІалиева.

Электронный адрес редакции:
litdag@mail.ru

Номералда руго:

**РЕДАКТОРАСУЛ КАЛАМ**
МухIамад АхIмадов макьилъ вихьана…………3

**ГIАЙШАТ МАЛАЧИЕВАЛЪ 60 СОН ТIУБАЯЛДЕ**
**ГIайшат Малачиева.** ГIарцул таргъа. ТIегьалареб гъветI…………5

**РАСУЛ ХIАМЗАТОВАС 100 СОН ТIУБАЯЛДЕ**
**Залму Батирова.** Расул ХIамзатов…………37

**ТАРИХИЯБ ПРОЗА**
**МухIамад МухIамадов.** Генуб росулъа машгъурав тарихчи ва хъвадарухъан МухIамаднаби Ибрагьимов…………44
**ТубхIат Зургьалова.** Генуса тарихчи МухIамаднаби…………51

**ХIАНЧIАЗ РЕХУН ТАРАБ БУСЕН КИНИГИН**
**Наби ГIисаев.** Мусаласул мина…………56

**ДИР КЪИСМАТ БУГО ДИР ХАЛКЪ**
**Исрапил Заирбегов.** Дарсал кьуна дие гIагараб халкъалъ…………68

**ПРОЗА**
**ГIалихIажи МухIамадов.** Генераласул хабар. Бекараб ханжар…………76

**ХОЛЕБ МАГIАРУЛ МАЦI ХВАСАР ГЬАБИЗЕ, ЛЪИДЕ АХIИГИ БАН, УРГЪЕЛ БИКЬИЛЕБ?**
**Раисат БатагIалиева.** Меседил къаламалъ бан бугин чIегIер, ХIамзатил Расулил ирсилав хведал…………86

**ЦЦИДАЛЪ ГЪУЛГЪУДУЛА ЦIОРОРАБ ГЬУРИ…**
**Сулим МухIамадов.** Нилъ киса рачIарал, кире нилъ унел?!…………91

**НАКIКIУКЬАН БАККАНА МОЦI**
**Хосият Рустам.** Бокьун гьечIо хъвазе хвалил хIакъалъулъ…………94

*Журналалъул хъвай - хъвагIай гьабун буго хъвай-хъвагIай гьабиялъул ва ДРялда СМИязул ва печаталъул хIакъалъулъ РФялъул закон цIуниялда хадуб халкквеялъул Регионалияб управлениялъ.*

Регистрационный номер: серия ПИ №ТУ05-00417 выдан Управлением Роскомнадзора по Республике Дагестан от 22.04. 2019 г.

**Типография: ООО «Издательство «Феникс - пресс»**
**Адрес типографии:** 367018, РД, г. Махачкала, пр-т Петра I, 61

**ДРУЖБА №3 2023 г.**
*май - июнь*
*На аварском языке*

Подписано в печать 21.06. 2023 г.
Выход в свет 23.06. 2023 г.
Тираж 611 экз
Печать офсетная. Бумага офсетная
Формат 70x108 1/16
Усл. печ. л. 8,75 Усл. изд. л. 7, 11 Физ .печ.л. 6,25
Заказ № 1395 Цена свободная.

***Редакция и издатель:*** *Государственное бюджетное учреждение Республики Дагестан "Редакция республиканских литературных журналов "Соколенок" и "Литературный Дагестан".*
***Адрес редакции и издателя:*** *367000, РД, г. Махачкала, ул. Даниялова, дом 55.*

## МУХIАМАД АХIМАДОВ МАКЬИЛЪ ВИХЬАНА…

Ассаламу гIалайкум, хIурматиял миллатцоял! Гьале рагьулеб буго нилъеца магIарул адабияталъул «Гьудуллъи» журналалъул иргадулаб номер. Россиялда ва нилъер улка бахун къватIибехун кIодо гьабулеб буго нилъер чIухIилъун кколев Расул ХIамзатовасул сон. Дагъистаналъул щибаб районалда ва шагьаралда цIалулел руго гьесул асарал.

Жакъасеб номералда редакторасул рагIабазул бокIон дица кьолеб буго мунагьал чураяв АхIмадил МухIамадил хIакъалъулъ тIирщарал мухъазе.

МухIамад АхIмадов макьилъ вихьана…

**1.**

**МухIамад АхIмадов макьилъ вихьана,**
**Лъимадул гьимигун, лъикIаб каламгун.**
**Баркала, дир гьудул, дур гIумруялъухъ,**
**Баркала, дир гьудул, дур шигIруялъухъ.**

**Щалай чIолареб ицц буго дур къисмат,**
**Нус-нус гIасрабазе гIела дур дарсал.**
**ГIадада кIалъалеб гIамал букIинчIо,**
**ЧIалгIаде цоници рагIи абичIо.**

**БацIцIалъи гурони дуца цIехечIо,**
**ЩIубараб гурони тIаса бищичIо.**
**ШигIрияб нухалъе мун хилиплъичIо,**
**Хирияб халкъалъе хияналъичIо.**

**КочIолъ магIарул мацI байрахълъун ккуна,**
**БахIарчияб тарих чIаго гьабуна.**
**МухIамад-Аминил лъалкIал гьикъана,**
**Халикъасде вуссун, «ГIарафат» хъвана.**

**Баркала, дир гьудул, божилъиялъухъ,**
**Баркала дий хъвараб дур «Дерецалъухъ».**
**Баккана мун араб ихдалги гьеб тIегь,**
**ТIаде балеб гIазу биине гьабун.**

**2.**

**Салам кьола дуе, дир кIудияв вац,**
**Дир кIудияв гьудул, кIудияв инсан.**
**АхIмадил МухIамад, мун вуцIцIун чIана,**
**ВуцIцIунчIеялъулъги буго гIакъиллъи.**

**Къокъана, гьудул, мун, даимлъиялде,**
**Дора духъ урхъарал эбел-инсухъе,**
**Аминихъе щвезе, Шамил ватизе,**
**Нилъер миллаталъул борхалъи лъазе.**

**3.**

**Ихдалил хIанчIазул чIирчIири буго,**
**МухIамад АхIмадов, дур хабада тIад.**
**ХитIаб буго гьезул дуде гьабулеб,**
**Гьез назму ахIула, дур къаданир чIун.**

**Къуръаналъул гьаракь уна зодобе,**
**Дур заниялда тIад тIавапги гьабун.**
**…Гьанже нилъ кIалъала, гьоркьоб пардав ккун,**
**Баркала дур рекIел гIатIилъиялъухъ.**

**ТIаса лъугьа дида, гъалатIал ккани,**
**Камуларо нухда чIинхIалгин къорал.**
**Къадруяб дур цIарул къимат бортулеб**
**Къо дица ракьалда баларо, гьудул.**

**4.**

**Дун гIедегIулаан дуда аскIове,**
**Дур къулгIадул лъималъ къеч буссунаан.**
**Къоял накъитазда роржун унаан,**
**Гьанже… кIалъала дун …ракIалдещвеялъ…**

**Аллагьас мунагьал чураги МухIамад АхIмадовасул.**
**Амин.**



**ГІайшат**
**МАЛАЧИЕВА**

## ГІАРЦУЛ ТАРГЬА

***(хабар)***

Хадижатги ПатІиматги мадугьалихъ бугеб росулъе зигариялъ ине нияталда къватІире рахъана. КІиялго гІодор чІана, машина щвезегІан гІадамазе гІодор рукІине хъарщиги лъураб, бакъалъ рухІунгутІизеги цІад-гІазуялъ риччунгутІизеги гьабураб тІадхъелалъул рагІадги рехараб бакІалда. Гъенирги ругоан цо киралиго рихьанилан кколел эбел-ясги, цодагьалго гІолохъанал васалги. ГІолохъабаз, цІикІкІараб ригьалъул кІияйго гІадан ячІиндал, гьазие бакІги кьуна, жалгоги дагьал дорегІанги ун, жидерго махсаро-хочІалда рахъун чІана. Гьедин, гурхІарас цадахъ рачинегІан нухда чІун таманабго заман бана гьаз.

ТІоцебе бачІараб машинаялда жанисан кІигоязе гурони бакІ гьечІилан абулеб бихьинчиясул гьаракь рагІулеб букІана.

- Нужеца гІайиб гьабичІони, ниж цІакъ гІедегІунги ругин, инаан, - илан абуна дой ясалъул эбелалъ, гьаздехунги йиссун.

- А, валлагь, яц! Хадурго нижги гъелел ратилин. Нух битІаги! – ян Хадижат, цин машинаялда жание лъугьинехъинги йикІун, нахъеги жийго йикІаралъуего - гІодочІелалде тІад йиссина. ПатІиматин абуни, кІиго сумкаги цого гъажалда бан, чІаралъуйго хутІун йигоан.

Хадусеб машинадул сас бахъарабго, гІолохъанчияс квер борхана, ва руччабазе нуцІаги рагьун, гьел машинаялда паракъат гьаруна, живгоги рагІдукьехан хьвана.

- Дозул мажгиталъул имамасда цо гьикъизе жо бугоан дир. Нилъергояс кьураб жавабалдаги цо рекІелчІей гьечІого гІадин йиго дун. МагІиркъоре щвелалде цебе, цин гьение яккизе бокьилаан, мун цІакъго гІедегІун ятичІони? - абун, ПатІиматихъ ялагьана Хадижат.

- Къоялъ гьикъун лъугІуларебгІан гІемераб жо дурги батиларин, рачІинахъего гьесухъе инаха, - ян ПатІиматги тІадрекъана гьелда.

Росулъе жанире лъугьаралго, дов имамасул рукъги цІехон, гьенире гІедегІана гьал кІиялго. ПатІиматица, гьесул кІалтІе щварабго, сумка Хадижатихъе кьуна. «Дица баччизабизедай гьаб кьавуцаквад гьалъ цадахъ босун букІараб?» - илан, кколеб букІана Хадижатида, мех-мехалъ жиндихъе бегьулеб гьеб сумкаги чІалгІун. Бугониги, хІал лъазабичІого, жиндихъего кьунщинахъе кодобеги босулеб букІана.

Гьаругьинан цере-хадур гьал гьезул азбаралде лъугьана.

Имамасда жиндиего баян гьабизе бокьараб динияб суалги гьикъун, гьелъие жавабги щун, гIемер гьевги свакazавичIого, адабиялда, гьениса къватIире рахъана гьал. КъотIноре раккулаго, Хадижатица сумка ПатIимахъего кьуна. Расги бокьичIого гьебги баччун, гьалдаго хадуй кверкьовуда гIадамал чIараб авалалдехун ралагьун рилълъана гьал. «ГанчIамдай гьалъ цадахъ раччун руго, гьадигIан бакIаб сумка букIине ккани?» абун ПатIиматицаги хIисаб гьабулеб букIана.

Рагьахъего бугеб, къварилъи ккарал гIадамазул кавудехъе лъугьиндал, азбаралдаго сумкаги гIодоб лъун, хьитал рахъана ПатIиматица, гьенибго гьебги тун, састун, руччаби данде руссараб рокъоре лъугьана гьайги гьалдаго хадуй Хадижатги. Жанире лъугьун рахъиналдего гьоболалда магIил рагIабиги абулаго, гьелда къвалги бан бахъиналдего, гIодизе лъугьана Хадижат.

- Нужгийищ рачIарал, рокьулел чагIи,

Нуж щайзе кватIарал, нуж кир рукIарал?!

Нужер къокъаялъул гьитIинлъиго щиб?!

ЛъикIай эбелгун яц цадахъ рачинчIел, - абун, магIабиги гьарулел йикIана рукъалъул бетIергьан.

- ЛъикIай эбелалъул гъал хIуличIодай,

ЧIухIарай яцалъул гьан гъвегъинчIодай?

Гъаримго нилъги тун, цо-цоккун араз

Ургьибе квер бегьун, гьалулел ругин! - ан гьалъги ахIулеб букIана данде.

- Валлагь авги арав, лъикIго йикIаян,

Дир хъулухъалдаги рекъечIо гьудул.

ТIуран таралгури турун холаго

Дица кьураб дарман дарулъичIев гьес…

Хадижатидаса эркенлъарайго, лъикIалан мехалъ гьезда аскIой яхъунчIовухъего йикIарай ПатIиматидаги хурхун ячIана рос хун, къваридго йигей СалихIат. Гьениб цоцалъ журан гIодулел рукIана гьезул цереселги гIагаралги, мадугьаллъи-гьудуллъиги…

Гьедин гIодулелги рукIун, дагь-дагьккун руцIцIана руччаби. Цинги байбихьана цоцазул хIал-хIукму гьикъа-бакъизе, рокъор таразулги сахлъи-саламалъи цIехезе. Заман иналде, магIирокъорго гурел, кеп-рохалилъ ругелгIанги гьима-хьимун, цо-цо кепал жал ракIалде щвезарулелги рукIана гьезда гьоркьор. Цин цIад бан, цинги роцIун зоб лъугьунеб гIадин, гвангъун рачIунел рукIана гьезул, дагьал цереги кьерхун рукIарал бералги…

ТIад руссун рокъоре ине рахъунаго, азбаралда тараб сумка гьабнухалъ, хехго кодобеги босун, ПатIиматихъе кьуна Хадижатица. Гьей цо гIажаиблъун гIадин, балагьунги ячIун, цо щибалиго абизе бокьараб гIадин лъугьана, амма гьебсагIатго хабар батIияб рахъалде буссинабизе жуяна.

Гьедин унаго-толаго, щвана гьал радал жалго рекIараб бакIалде ва гьениса жиде-жидер рокъоре ине нухал рикьуде гIагарлъана. КъолъикI гьабулаго, ПатIиматица сумка Хадижатихъе бегьана.

- Аб диейищ кьолеб бугеб? – ан, бачIинчIеб гьимиго гьабун, гьелъие махсаро гьабулеб ххвел гьабун, сумка нахъего кьезе лъугьана Хадижат.

- Щай, дуе… кьолеб? Дур сумка гурищ аб? – илан гьанже тамашалъун лъугьана ПатIимат. Гьелъул гьурмада циндаго гIетIгицин цIирун бачIана.

- Валлагь, гуроха, гьудул, ПатIимат. Дир сумка дихъго бугогури! Дурабги духъго бихьулаха…

- Вай, вай, вай! Лъил сумкаха дица цадахъ босараб?! Кьоялъ баччанагури нилъеца чияр магIишат… - илан ургъел ккун, гьаракьго хисун лъугьана гьей.

- Духъе аб кисанха ккараб, дирги гуреб, дурги гуреб..?

- Гьагъале гьагъаб нилъ нухде рахъарабго гIодорчIун рукIараб бакIалдаса мун, машинаялде данде яхъун арайго, дур батилилан ккун босун букIана яц, дица эб.

- ВахIайха, унго, щийгIагидай йиго абги билун, ургъалица кваналей?! ЩибгIагидай алда нилъеца гьабилеб? Лъида цIехелеб?.. РагьунгIаги бихье, гьарин, эб. паспортгIаги гьечIищ энибали?

Рагьидал, жаниб цIураб целофаналъул таргьа гIарцулги, дангъура гIанасеб месedил баргъич-кIиликIги, рахас-сагIатги батана гьелда жаниб. Руччаби цин цоцахъ ралагьун хутIана, хадур, хIинкъадго гьебги данде къан, ургъалилъе ккана.

- РачIа, гьанисанго мажгиталде рилълъинин. Дова будун-дибиргIаги ватилелъул, гьадинги-гьадинги кканилан бицине.

- Мажгиталдейищ рилъинел, милициялдейищ? Кин гьабунидай нилъ ритIун ккелел? Кинандай нилъеда тIаса гьаб хIакъ ккела?!. Нилъедего цIогь бачIого хутIани гIелаан. Сурилларищ нилъ… Жанир тIамуни щиб гьабизе бугеб?!.

Ургъана руччаби, ургъарана. Рагьана, къана сумка. Руге-регелъурго гIодор кIусана.

Гьедин бутIрулги ккун гьел хIисабазда рукIаго, хьир-хьириги бахъун, добго гIодочIелалда цебе лъалхъизабуна гIедегIун бачIунеб букIараб такси. Гьелдаса жаниса къватIире кIарцIарал гIадин рачIана, радал гьаздаса цере рекIун ун рукIарал эбел-яс. Хадувго вахъун вачIун таксиялъул бетIергьанги щвана гьенивего. Гьезул рахIатхвейги рихха-хочиги бихьун, руччаби гьаругьинан тIаде рахъана:

- Сумка балагьулелищ нуж?!

- Сумка билунгIаги гурищ нуж рачIарал? – илан цадахъго гIадин ахIана гьаз.

Эбелги ясги цоялдаса цее цояй кIанцIулаго гьазда данде рекерулел рукIана. Гьазги гьезда данде хIетI хех гьабизе лъугьана. Гьал цоял рохана, цоял гIодана, добго магIирикъоб гIадаб лахIзат гьанибги такрарлъана.

- Унгоха, нилъеда Аллагь гурхIарав куц! ЦIогь тIад чIезабиялдаса нижги цIунана, боцIудаса ратIалъиялдаса нужги хвасарлъана! – ян абуна Хадижатица, рекIеда ятарай гIадинги лъугьун.

- У, дир яцал, у! Нижги нужги хвасарлъана! – ян ахIана ПатIиматица, магIил цIурал бералги рацIцIунаго.

- Нуж гIадал имам бугел гIадамазухъе гьеб щун букIин буго нижер талихI. Гуребани, киндай бецIизе букIараб тIолалго хIалтIухъабазе кьезе кассалдаса босун унеб букIараб харжил гIарац?!

ГIарацни те, жакъа щун лъураб бугин сумкаялъуб. МеседгIаги щай гьенибго лъун букIараб? Цо ургъел гьечIел гIоркьилазухъе щун букIарабани, кинабго хун букIанагури!

- Меседги, радал тIад базе гIедегIун, жанибего рехун тун букIана, - ян мукIурлъана кассир. – Вай, нужее талихI кьеял, нижеда бихьанщинаб къо,

лъицаниги машинаги чIезабуларого, сумка гъоркь хутIараблъи лъаралдаса бащадаб нухалъ лъелго рачIанин абизе бегьила ниж. Цин рекерана, цин цоцазул квералги ккун, бачIунебщинаб машинаялда церегицин чIана. Гьанире унел ругин, гьудуре гIедегIун ругилан, лъицаниги мурад гьабичIо. ахир-къадги таксиги ахIун, рачIанаха…

- ТалихI ккана нужер, рекIкI гьечIел гIадамазухъе гьеб щвей! – илан разилъун, гьоркьове жувана такси бачун вачIаравги.

- Нужерги тохлъи гIелаха, гIарцул таргьаги меседил къвачIа къватIахъе рехун тезе ккани! – ян абуна Хадижатица, гьанжего-гьанже гьимизе кIун. – Нижеда тIаса кIудияб хIакъги хIинкъиги босизе нуж рачарав БетIергьан-Аллагьасе рецц бугоха, - ян гьурмада квералги рахъана гьелъ.

- РикIкIе нужеца гIарацги, балагье месед камун бугищалиги! – ян яхъана, гьанжелъагIан хагарай гIадин хутIун йикIарай ПатIимат.

- РикIкIинаро валлагь, цо хъван бихьизеги! – ян абуна, гIарцуда кващулей йикIарай кассиралъ. ГьебсагIат кIияйго гIаданалъул хъатазухъ гура-сукIараб гIарцул кагътал ругIана гьелъ.

- Валлагьги кIваричIо, биллагьги кIваричIо! – ян ахIделел гьел ругониги, цо гIинцин гьезухъги тIамичIого, бер къапилалде добго таксиялдеги рахун, роржарал жал гIадин, цереса тIерхьана эбелги ясги.

Хадижатги ПатIиматги рагьун, цере хъаталги ккун, жиде-жидехъ бугеб гIарцухъ ралагьун хутIана.

## ТIЕГЬАЛАРЕБ ГЪВЕТI

***(къиса)***

I.

Гьадинаб букIанин абизе эбелалъул гьумер лъаларей, гьитIинго бестIал хутIарай Саният, beралда бихьулаго берцинлъунги йорхалъунги ячIуней йикIана. Хурдузда гьоркьоса тIегь бищулеб гIадин, гIемерал гьелъул гIелалъул ясазда гъорлъа тIоцебе гIадамасул бералъ йосулей саламатай яс лъугьун йикIана гьей. Гьелъ батила Мурадиеги гьелъул чIегIерал бералги бахьинлъи рештIараб гьумерги рекIее гIураб ва тIоцее гьей йихьарабго хьулги гьабураб гьелъулгун ригьнал бухьеналде нуцIа рагьизе.

ТIад хIур ккезе течIо Мурадица вацгIаласе гьурщана жиндирго анищ.

Гьесги Мурадил эбел-инсуда бицана, нужер васас Саният тIаса йищун йигин, гьей абизе айилан абулеб бугин досилан. Жиндаго ракIалде щвечIей гьелдехун Рукъиятил рекIелъ цо рукьукълъи лъугьана. Амма, я кьибил-тухумалда яги жийго ясалда чIвазе багьанаги ракIалде бачIинчIого, гьелъ васасда тIад рекъезе хIуму гьабуна.

- Мун, лъикIго ургъе, дир вас, эдигIан хехлъизе лъикIаб жо букIунарин гIумруялъго цадахъ рукIинелъун гьабулеб ригьнал иш, - ин абун абуна Рукъиятица жиндирго васасда, цIакъго жий йохараб ригьин гьеб гуреблъи гьесда бичIчIизабизе гIадин, жиндирго хIалакъаб кверги хьвагIезабулаго.

- Ургъунги, борцунги, къотIунги буго гьеб дир ракIалъ, нужеца гьеб иш рагIалде бахъинабе, - ян абуна Мурадица, цо намусаб асар рештIарал тIулакьерал бералги тIелхазукь рахчулаго.

- РакIалда гуреб, гIакълуялдаги гьикъизе ккола гьединаб иш гьабулеб мехалъ. Саниятида кумекалъулаб кверчIвазеги кинабго лъикIаб-квешаб малъизеги мегIер гIадин нахъа чIезе гьелъул эбелги гьечIо, рокъоб квалквазабизе кколебщинаб тIагIел-гIучIги гьелъул батиларо, бестIалэбелалъе гьелъул кигIан дагьабги ургъелги ккеларо, - янги абун, жиндирго тIеренал кIутIби дагьалги жанире цIан ана гьелъ.

- Эбел гьечIолъи гьелъул гIайиб гуро. Рукъалъе къваригIунебщинабги цIехон, гье батани – ячуней, батичIони – ячинчIого толеб гIадатищ бугеб йокьарай гIадан, - абун эбелалде дагьабго гьаракь борхун борчIана Мурадихъа.

- Йокьарайилая?! Эй йокьизегIан заманищ араб армиялдаса мун вуссун? – абун, картIал хутIизегIан рукIкIинаруна гьелъ гьадингоги гIисинал берал…

* * *

Кинги лъикIги васасе бокьарабги гьабун, бертаде къачIадана Рукъиятги АхIмадги. АхIана гIагарлъиги, ячана Саниятги, рукъалде вуссана Мурадги.

Берцинал гурони рагIаби рагIун рукIинчIо рукъалъул къадазда гьел данделъаралдаса. Урхъараб гурони беразул балагьи дандчIван букIинчIо рос-лъадилъун лъугьаралдаса лъагIел данде сверизегIан.

Саниятилги Мурадилги цоцазе хиралъиялъул хабаралъ росуго цIун букIана гьебмехалдего. Гьединаб талихIалъ цIа цIоронгутIиялъе лъимадул гIодиги релъиги букIана рокъоб камулеб, камиллъизе, щулалъизе бокьун букIана гьезие жидерго хъизан жеги тIадеги. Мурадизе гьей ячана бищунго лъикIа-лъикIал курортаздеги, цIар щварал тохтурзабахъеги, хурдузул дарманал лъалел даручагIузахъеги, сабабал хъвалел дибирзабазухъеги. ЦIунулей йикIана кIвараб хIалалъ, хIурмат гьабулеб букIана рокьуца тIамухъе, щвезабулеб букIана гьелъул хьуллъунщинаб нигIматги. ГIемерал сонал ана, амма Аллагьас хъван букIун гьечIо гьезие насибаб наслу дунялалде бачIине.

Гьеб кIудияб анищалдаса гIащикъаб букIана гьезул рокьиги, рокьуца бижараб букIана цоцазде божиги. Пайда щиб букIинеб рокьи-хинлъиялъул, гьединаб гьуинлъиялде гьоркьобе кьогIлъи тIолеб гIамал букIиндал якьадалъулги, гьел берцинго цоцалъ ругелгIан цIикIкIун мугъ бекулеб букIиндал иблисалъулги.

Цо-цо рагIи хIунсизе, цо-цо питна бухъизе, гьей нахъе йитIеян малъизе гIагаралги раккулаан гьоркьо-гьоркьор. Кьибилго букIана гьезул жидерго гуреб, жалго рос-лъадул ишалда гьоркьоре лъугьун.

- Марад! Ва, Мурад! Вахъун вугищ, чIу, мун? БахIарай кьижахъего ятилин, - абун, къетIасанги къулун, ахIун абулеб букIана, мадугьалас гьаризе кьурал гурдал-нуцIби лъугIизарулев вугев васасда Рукъиятица.

- Вахъун вуго, эбел! БахIарайги яхъинеги яхъун, росасе квенги гьабун, хIалтIуде ине къачIалей йиго, - ян гьелъго гIадин гьаракь борхун ахIана Мурадицаги.

Рукъият къетIасанго гьезул рагъизеги лъугьун ячIун, васасда цее чIана:

- Балагьея, дир вас, дуе лъикIаб магIишатги гIадамазулалда релълъараб хъизан-рукъги къваригIун батани, гьадаб «тIегьалареб гъветI» тIад бацIцIине цебе заман щун бугоан. Гьадаб «гьоцI тIолареббб на» тIалинибго тун хьихьичIого, бачIарабго нухалъ нахъе битIизе мех щун бугоан дуе!

- Лъида лъалеб, эбел, Аллагьасда гурони, кинаб гъветI тIегьазе бугеб, кисинаб наялъ гьоцIо тIезе бугебали. КингIаги кIолеб кIудияб ригьалъул гIаданалда гьеб рагIиги босун васасул къавулъе ячIине, - ян абуна гьелъул кIалъайги рагIун рагъиде яккарай Саниятица.

- Гьанжеялдего васасул къавулъа эбел гьукъарай нусалъ, дагьалъи гьаний кватIани, нижер васги къватIиве гъун, буголъиялдаго кверщел гьабилагури. Дирго васасухъе ячIине духъа изну босизе ккарай дида гурхIичIого лъидаха гурхIилел!

- РагIи-рагIиккун гIаксияб магIна гьабуге, эбел! Дица гьедин абулеб букIинчIо…

Эбелалъул тIекъаб каламалъ карабиххарав гIадин лъугьана Мурад.

- Эбел, Аллагьасе гIоло дир рокъоб гьанжеялдего питна ккезабуге! Бокьун гьечIо кьал. Те ниж берцинлъиялда! – ян Мурадица, къан кIиябго квералъ бетIерги ккун, гьарунги хIелунги абулеб букIана эбелалда.

КIутIби соролаго кIалъалев гьесул беразульги цо бальгояб хIинкъи бугилан кколеб букIана.

- Дуе лъади ячунел рукIун ругоха ниж, Бичас биччани! Мунго вихьула мун гьелъие росасе ун. Гуребани, эбелалдехун вуссун гьедин мун гаргадилароан. Хвезавун вуго дир вас, хисун лъун буго гIамалго! – ян ахIделаго кавудухъа къватIие тIерхьун ана Рукъият.

Агьиялда гIодизе лъугьарай Саниятги нуцIахъа жание тункун, «ЮцIцIа, гIелин дуеги!» абун ахIдон виччан тана Мурад.

## 2.

Росулъго рацIцIалъиялъул цIар арай, авалалдаго мисаллъун йигей гIадан йикIана Саният. ГIемерабги бечедабги гьечIониги, берцинго гIуцIа-къан букIунаан гьелъул къайи-цIа, цIурцIури бахъун, рикIкIадасанго гвангъун рихьулаан гьелъул цIорогордал. Гьираялда ва тIагIамалда гьабулаан гьелъ кинаб бокьаниги квен.

- Квер берцинай, куц рекъарай гIадан йигоан Рукъиятил нус, росуго хъирщун ялагьаниги щвеларо додинай яс дозие. Мальунги бицунги лъугьунев чи ватиларо гIадан, живго лъугьарав вижичIони. Лъица мальунха гьедигIан цIакъай лъугьарай Саният. Бахиллъун йиго, чIи, дун гьелда. Цого-цо чохьол хьон бакъварай йигоха пакъир, - ан цебетIохил рагIалдасан ХIабсатил рагъидеги къулун гаргалей рагIулаан гIинтIе чохтIоги рехун, курак бичIулей йигей ГIазраъ.

- Гьа гъарин, лъица чорок гьабун гурин гьелъул рокъоб кьищни-къул бакIарилеб. Кинабго цоцахъе базе лъимал рукIаралани, букIинаандайха долъул доди наб гIуцIа-кIутIи, - ян Саният жойидго гьайичIого гIадин абулеб букIана ХIабсатицаги.

- Лъимал рукIараланигицин бихьизе букIун батиларо гьелъул чороклъи. КIвахI гьечIей гIадан йиго, гIанкIуялъ мугь босизегIанцин сасун йихьуларо. ХIалтIудаса щварайгоги, сваканищ йикIинарей, кавудал кIалтIасанго балагьула гьелъ жиндиего хIалтIи. ТIадежоялъе гьалбал-чагIиги камуларо гьезул къавулъа. ЦIакъ адаб-хIурмат гьабула гьелъ тIаде рачIаразулги.

Руччабаз бицунелъул ргIа-ракьан лъазе бокьарай Рукъиятги, къирун кавугун яккана къотIноехун. Халатаб кIазги бадибегIан цIан, цIорораб гьимиги гьурмада лъалхъизабун, мадугьалзабигун гьикъа-бакъарана гьей.

- Дур нусалъул бицунелха, чIи, ниж рукIарал, Рукъият. Унго-унгояй гIаданха, АллагьасхIаги, Сaният йигей.

- Гьа, гьарин, гьедигIан цIакъ еццизе щиб гурин гьелъул бугеб, гьоцIо гьабулеб найго гурин эй.

- ГьацIудасаги гьуинаб каламги, кваназе тIагIамаб квенги, бихьизе чи вачIине бегьилеб гIадаб рацIцIалъиги! Цойги щибха гьелъги гьабилеб?

- Цониги лъимернигиха гьабилеб, ГIазраъ. Гьаб бихьулебщинаб дунялалдасаги бокьилароанищ, ункъго ясалда гьоркьов цохIо вугев васасе наслу щвезе?!

- Гьебали лъие кьечIебали лъазе кIолеб жо гуро, гIедегIунге, кьезеги бегьулин Аллагьас, щиб лъалеб.

- Кьезе мех цебе щвана, ГIазраъ, кьолеб букIарабани. Гьесдасаги кватIун лъудби рачаразулги руго кIи-кIи, лъаб-лъабцин лъимал. Гьелъие гьабичIеб дару-дарманги хутIичIо, хвезабичIеб боцIиги течIо. ГьечIо. ЩвечIо наслу. Чан сон бугеб дир васасул гIадада унеб.

- ГIадада гIумруги регIичIого, гIадамаз гIадин гьабизе, ячеха гьесие цойги гIаданги, йитIеха нахъе дунги, - ян абуна лъадаса юссунаго тIаде щолаго, якьадалъул ахирисел рагIаби рагIарай Сaниятица.

- Нахъе йитIуларого гурей мун йигей, йитIаниги – унарогойин йигей! Ячинейха цойгидайги, щай ячунарей. «Росу кIудиябин, кIатIи гIемерабин» рагIичIищ дуда? Бокьараз кьола дир васасе яс!

- Мун гIадай эбелги нахъа йигони, бокьа-бокьараз кьеларищха яс, - а нги абун, азбаралде лъугьун ана Саниият.

- Дица гьавурав вукIин жакъайищ, чIи, дуда эв лъарав? Дунин эсул эбел!

АхIи-хIуралда йигей Рукъиятихъ гIинги тIамичIого, къан нуцIагун рокъоvжание лъугьун чIана нус. Нахъе-нахъегIанги къан, йихьулелъуса тIерхьана ГIазраъги. Добго хIалалъ, ахIунго-ахIун нусалтIе ягъулей Рукъиятихъ гIенеккун, чIаралъуйго йикIана росдал ункъабго авалаллде щущазе жиндирго кIалалъе щущ бакIаризе щварай ХIабсатги. ГIадада гурелъулха гьелде «Радио-хIабсат» абун ахIулеб букIараб росдал руччабазги.

**3.**

«Цоцада хьибилцун аскIобгIаги гьечIебани гьаб мина-къайи, къваригIел ккун гурони раккизе ккелароан цоцазухъе. Цинги букIинареб букIун батила гьаб ргIиги кьалги эбелалъулги лъадулги. Бичун минагун нахъе вахъаниги, чIужуялъ малъарабги гьабун, херал эбел-эменги рехуне тун анилан гIадамазги гIайиб гьабила. Гьабизе дарман дирги тIагIун буго. Лъимер гьечIогойилан, эбелалъе бокьарабги гьабун, гьадигIан дунгоги диегоги хирияй лъади нахъе йитIани тIасалъугьине ватиларо дидаса БетIергьан. КигIан бицарабги берцинабги лъалай, семун абурабги гIоларей, дихъгIангицин инсухъги гIинтIамуларей гIадан лъугьун йигоха гьай эбелги. Унго, дун ккараб бакIха!..» Гьединал пикрабазда тIубараб сордоялъ бер данде къазе кIвечIого вукIана бакIаб ургъалица рахIат хвезабурав Мурад.

Радал вахъаравго, яхIго гъабизе кIвечIого, инсухъе вилълъана жиндирго ургъел гьесде бикьизе хIукму ккарав Мурад.

Васас кинабго бицун бахъиндал, щурулеб гIадин, гIодовиччан абуна инсуца:

- Мунги цIакъго тамахлъун вихьула. ГьедигIанго-гьедин, бихьараб жого хIехьеларилан лъугьинеги бегьуларо, дир вас, бихьичи. Эбел-инсуца абурабщинабги унтилъани, лъадул щибаб рагIиги уйилан ккани, кутакалда мекъи ккезе бегьула мун. Херлъунги унтунги йикIинчIейани, эдигIанго цIакъ тIасанкколей гIаданали эбелги йикIинчIей. Нужецаги, дица гIадин, гъоркьан-тIасан биччан теха гьелъ абураб рагIи. Гаргалей гьейги тун, рагIичIеб ххвел гьабун рукIа. Цо заманалдасан жиндаго чIалгIине бегьула. Гурони, бицарабгIан халалъулеб жойин рагIиги хабарги букIунеб.

- Гаргалейги тун, гIинтIамичIого чIезе ккани, гьедигIан цIакъищха нужеда дун рихун йигей? – абун байбихьана, нуцIида нахъаги чIун гIенеккун йикIарай Рукъиятица. – ХвезегIаги холейани дун, БетIергьан-Аллагь, гьадигIан росасдаги васасдаги рихун йигей. БакI къварид гьабун бугеб куц буго дица нужее! Нусилан йигей гьадай цо… - нусалде абизе хIакъираб рагIиги батуларого, кIалдиб мацI цIорорай гIадин хутIана гьей.

- Мун хвезеги дуе кигIан дагьабниги къварилъи-захIмалъи ккезеги бокьарав чи цониги гьечIо, эбел! Дуегоги нижееги ццин гьабулей гурони мун чIечIони…

- ЧIечIони!? ЧIечIони, чIвангIаги кинха рехуларай, чехь чурад! Чохьол наслуялдасагийищха йохиларей йикIарай, - абун ахIдолейги йикIун, нуцIихъ бахъараб чIинхъиялъухъе къотIизе тана гьелъ жиндирго кIалъай.

- Нуж киналго данде руссунищ ругел? Цадахъ кваназейилан аниехун йилълъана дунги, - абун хIохьлачинаго гъадаро цIун цIурачадалги росун жание лъугньун ячIана Саният. Гьелдаго цадахъ жанибе бачIараб берцинаб махIалъ цIуна рукъги. Рукъиятил нусалда дагьабги ццин бахъана. ТIеренал, тIатIала ккарал, тамахал цIурачадазухъ мекъса бералги речIчIизарулаго, гъулгъулиялда рикIкIунеб букIана Рукъиятица: «Гьай жоялъул сихIирлъи, лъалеб куц гIадам кверде восизе. Гьадинги додинги гурищха алъ Мурадги жиндехунго вуссинавун вугев…»

- Рахъа, рахъа церегIан, цIорозе гурин квен, - анги абун Саниятица ункъихъе къотIана цIурачадал.

АхIмадги Мурадги гъираялда кванде тIаделъана. Якьад цеегIан къазегIан кванде кверги бегьичIого, чIовухъе хутIун Саниятги йикIана.

- Дун яхъинаро. Дун некIого квананги яхъана, боцIи-панзги тIубана…

- Дидасаги бахчунищха дуца квен кванараб, дида жакъа дур гъастIасан кванил махIги чIвачIин, - абун велъана АхIмад.

- Бахчунги бикъунги гурони, рокъоса жо квине лъица дие гьукъун бугеб?!

- Гуреб батани, дунги щайха хIалае ахIичIев? – абун нахъеги хабар махсхароде сверизабулеб букIана, сихIираб гьимиги чарлъараб магжилъе рехун, АхIмадица.

Гаргалел гьелгитун, яхъун къватIиехун ана Рукъият. Къулкъулиялда кавудухъа къватIие тIерхьуней йихьана гьей.

**4.**

Шагьаралда росасда йикIарай эбелцадахъай яцги хун, жиндирго рукъалъул къварилъиялде тIаде тIул-ракI бухIараб рухIелги бихьун, бальго магIид ецIцIулей йикIунаан Саният. Кинабго ургъел бикьизеги рохел гIахьал гьабизеги, гIакълу дандбазеги мугъчIвалеб кьурулъун йихьун йикIунаан гьалда Барият.

Жиндасаго гьитIинай йикIаниги, кIудияб кумек гьабулаан Саниятие гьелъ. Малъулаан къварилъи хIехьезе, сабру кьолаан кинабго къулчIизе. ГьечIо гьанже гьелъие дунялалда цого-цо хутIун букIараб бечелъи – тIулбикьарай яц. Барият хведал, гьелъул лъимергIаги жиндиего хьихьилилан хьулалда йикIарай гьалъухъа гьеб анищги бахъун ана – больницаялъул кIалтIа эхетун йикIаго.

- Хвана нужер яс. Нижеца кIвараб хIаракат баъана, бажаричIо цIунун. Гьабулаго гIемер къобихьиялъ цIакъго загIиплъун букIана лъимер, - абун гаргалей йикIарай тохтиралъул рагIабиги рагIулелцин гьечIин кколаан, гьадинги бекараб рекIеда нус чIвараб гIадин лъугьарай Саниятида.

Къварилъиялъги къваридабщинаб бакI балагьулеб гIадин, гIурабго ками букIана гьалъие, гьитIинаб букIаниги, яцалъул цого-цо букIараб лъимер хвей.

МагIирукъги биххун, хвел-хобалъул киналниги шартIалги тIуран, росулъе юссарай Саният моцIгIанасеб заманалда, йихьани къосинедухъ хисун йикIана. БестIаллъун йикIана гьей гьанже унго-унголъунги.

«Дир васасе ричIчI баккулейин ай йигей. ЧегIералъ чIегIераб тIаде цIалилан абула, бахъизе заман щвана гьалъие гьаб. РакI бухIун батани садакъа-къулгьуги гьабун, дир васасул рокъоб чIегIераб къо чIезабичIого, чIолейани гьай!» абун, чIегIераб ретIелги ретIун хьвадулей нусалде гаргадулаан руччабазда цее Рукъият.

ЧIегIераб бахъилалде нахъе йитIана якьадалъул хIалкIвараб кIалалъ нус.

«ТIегьалареб гъветI», «ГьоцIо кьолареб на», «Чехь бакъвараб гIорцIен».. – Саниятида хIехьезе кIвеялдаса ана ахираб заманалда якьадалъул кьалги рогьралги.

Гьезего гьечIел чагIигIанги, Мурадил къавулъе нухкъосун чIана, Саниятиде кьал ахIарал гьелъул ункъайго якьад-ясалги…

- Кинабго бицани, мацI гьабулеб бугин дудаги ккелин хIинкъун, дирго каранда тун букIана, бажаризехъин гьечIо. ГIела. Гьанжеги тIокIалъ яхI гьабизе кIвеларо. Абурабщинаб рагIиги хIехьон, гьабурабщинаб къварилъиги къулчIун, къватIиса хабарги рокъобе босичIого чIун йикIана гьанжелъагIан дун, - абун цIан тIуна Саниятица къададаса халича.

Квералги махIабиги соролаго, жиндирго къайи-цIа данде бакIаризе лъугьана гьей.

- Санийт, мун унго-унголъунищ? Дица дуда гьедин гьабеян абичIогури? Нилъер гьединаб къотIийищ букIараб? – абун Мурадица гьелъ данде гьабунщинаб къайи-матахI букIа-букIаралъубго лъолеб букIана. – ЧIа, те, Санийт…

- Толел гьечIо, Мурад, толел гьечIо нилъ. Нилъерго къисматги нилъерго гIумруги нилъецаго гьабизе толеб гьечIо нилъее. Дур эбелалъ толеб гьечIо. Дур яцазеги бокьун гьечIо. Чамабилеб нух бугеб гьезги гьезул рахъкколел дур гIагаразги дие гьаб питна гьабулеб!

- Щайха гьеб дуца дидаса балъго гьабураб?!

- Щибаб нухалъ дурги ракIбакъвазабизе бокьичIого, дуеги ццин гьабизе бокьичIого балъго тун букIана, Мурад!

- Санийт, дица тIокIалъ биччазе гьечIо дуда чи кIалъазе. Дица кьела жаваб, Санийт, дуца лъадаго щибго абуге. Дун кIалъала гьезда.

ЦIорораб лъеца гьумерги чурун, кинабго кIочене тун, мун дурго хIалтIуде а, Санийт! Дица малъараб гьабе, мун кватIизехъин йигин…

Саниятица гьабнухалъги росас малъараб гьабуна. Къоялъ кинабго кIоченабизе, жиндирго ракI цIилъизабизе, лъикIабщинаб ракIалде щвезабизе хIаракат бахъулеб букIана гьелъ. Кидаго релъа-рохун рукIунел заводалъул хIалтIухъабазулъ, гьелго гIадин, махсаро-хочIалда гъорлъеги жуян, жиндие ккараб жого гьечIеб гIадин чIезе хIаракат бахъунеб букIана гьелъ.

* * *

Нахъе-нахъеги такрарлъана Рукъиятил лъугIелго гьечIеб питнаги, гьеб сабаблъун гьазда гьоркьоб кколеб гьогьенги. Гьаб нухалъ кинго кIвечIо росасда Саният тIадюссинайизе. Гьанжесалъ тIубараб хIукму къотIана гьалъ жидерго гьоркьоблъиялъе.

- ТIасалъугьа, Мукрад, букIун гьечIо нилъер хадубккун къадар. КъотIе гьанже нилъерго букIараб бухьен!

- Гьеб нилъеца биччазе бегьуларо, месед! Аллагьасе гIоло, нилъер рокьуе гIоло! Унге, Санията! Тоге дун мунги гьечIого! – абун бадиб магIу ххулун гьарулеб букIана ахиралда Мурадица гьелда.

- Дунги гьечIого мунги, мунги гьечIого дунгиха! Унго, бокьун букIинчIеб куцха, гьудул, гьедин ккезе! Гьедин гурони течIо нилъ! ЙитIарай ятизеги бегьула дур эбел. Щвезеги бегьула дуе лъимер. Батила цо маслихIат. Йиччай дун, - абун туркIун бахъана Саниятица Мурадихъа жиндирго гьеж ва рокъоса къватIие тIурун ана гьей.

## 5.

ЗахIмат букIараб куц, инсул рокъой паракъалъарай Саниятие, цIидасан жийго жиндего ругьунлъизе. КIолеб букIинчIеб куц тIокIалъ киданиги хирияв вукIарав росгун дандчIваларилан абураб хIакъикъияб хIукмуялда тIад рекъезе. Жийго хутIидал дагьабги бакIлъулеб букIана гьалъул ракIалъе жиндиего букIарабщинабги, бачIун цебе чIолеб букIана жинцаго абунщинабги.

ХIалтIудаса тIад юссунаго, чIвазе ячуней йигеб гIадаб асаргун лъугьунаан гьей, азбаралъул ракьанда жибго жиндаго бугеб, гьалъул къисматалда релълъарабилан тезе бегьулеб, гьитIинабго рокъое. Къалаан нуцIа. йигищ-гьечIищали цIехон гурони, лъиданиги лъалароан гьей рокъе ячIун йигейлъи. Доб цебе росасул рокъоб букIараб гIадаб гьира-шавкъги тирилъиги гьалъулъа ссуну неб букIана. Ургъел тIагIиналъе тIехьалдегIаги йиссинилан лъугьани, цIалулеб букIин гурони, щибго ургьибе унароан. Нахъеги жиндирго кканщиналъул сурат хъвалаан цебе. ЧанцIулго такрарлъулаан цо-цо цIакъго хIунсарал рагIаби: «тIегьалареб гъветI», «гьоцIо кьолареб на», «чехь бакъвараб гIорцIен»… Цинги кьижун-кьижичIого йигей гьалда дагьалги хIабургъарал, жура-гъуран ккарал, гьабан абун цIар лъезе лъаларелщинал макьабиги паркъулаан цере. Мехалъ хIинкъун, тIуркIунги йорчIулаан, нахъойги макьил гьоркьоса тIураб бакI цIидасан дандбацIцIунаан…

Санията жинцаго хьихьун гIурай йикIиналъ лъаларо, элъул инсудаса жийго хIинкъиялъ лъаларо, бестIалай йикIаниги, жиндирго лъималаздаса лъалеб батIалъи гьабулароан СалихIатица. ЦохIо сурпа-тIутIалда сверун киналгоги ракIарун цадахъ кваналеб гIадат букIана гьезул хъизамалда. СалихIатица жидедаго цадахъ гIодой чIезе ахIулаан Саниятги.

- Санията, дурго инсул рокъойин мун йигей. Гьоболлъухъ йигей гIадин йикIинчIого, гьаний гIодойчIа кваназе! Нижеца кванараб кванай, нижеца

гьабураб гьабе. БатIияб хьаг лъезе ккола дуе гIоло цIетIа, - ян лъазабулаан инсул лъадуца гьалда, бальго росасде берги речIчIизабулаго.

Щибго абичIониги, лазаталда кванда тIаделъун вугев ХIажиеги гьеб рекIее гIураблъи бихьулаан.

Саният цIидасан инсул рокъой паракъалъиялдаса расги йохун гьечIониги, хIаллъазе биччалароан СалихIатица. ХIунсулеб букIаниги, рекIехъ гIенеккичIого, гIакълуялда хадуй унаан гьей. ГIадамаз щиб абуниги щакаб рагIиги борчIулароан гьалъул кIалдиса. «Жийго жинцаго тIубалей гIадан йиго Саният, батIаго нижер цIобалде ккарай гIадан гуро гьей. Амма цIакъ бокьилаанха араб бакIалда тIуян йикIарайани. ГIезегIан гIатIидаб мина-къайи буго гьелъ инсул. Ункъгоял дир ругеб бакIалда цо гьелъиеги бакI камилареб батила» абун толаан гIакъилай, рокъоб рагIи ккезе бокьуларей СалихIатица.

ЛъагIелгIан мех гьоркьоб иналде цIидасан росасе ине ккей бичIчIизабулеб букIана Саниятида. ЧIужуги йиччантарав, гьоркьоб лъимерги бугев Гьиматие гьарулей йикIана гьей. «ГьададигIан лъикIав росасдаги йикIун, валлагь инарейха халатав Гьиматие, гьадин рокъойго хутIаниги» абун жинцаго жиндийго ракI-макI гьабулей йикIунаан гьей. Ахирги иш квешаб бакIалде ккезехъин букIана. Жинца мальлъараб гьабеян ццинбахъун гаргадана эмен: «Азарго жо абула гIадамаз ятIалъун рокъой йигей гIаданалде. Гьединал бугьтаназе къурбанлъун берда цеечIван йикIинчIого, дурго рукъалде йисса. Къаси-къад чIечIого дихъе хьвадилел Гьитатил гIагарлъиги, гьедин халваталда гIадин чIарай мунги. ЧIалгIана дида. РагIулищ дуда?!»

- Дида ракIалда гьечIо, дада, тIокIалъ киданиги росасе ине. Дица бакI къварид гьабун батани…

- Къварилъи-гIатIиялъулъ гуро иш бугеб гьаниб. Дурги, гIадамазул гIадин, дунялги магIишатги букIине ккола. Яс кьуралъуе ине ккола. Гьеб дир дуе ахирисеб рагIи буго! БичIчIанищ дуда?!

БичIчIичIого рес букIинчIо Саниятие инсул рагIи. «Гьадин рагIула, додин рагIула» абун гаргалел Мурадил гIагарлъи, гIинда рагIанщинаб уйилан толел росдал гIадамалги, гIумруялъго гьедин йикIун тIуяларейлъи лъачIого тIубачIо Саниятида.

КIалалъ щиб бицаниги, СалихIатиеги цIакъго бокьун букIана жиндирго рукъалдеги йиссун, Саният жидедасаго рикIкIалъизе. Жиндирго чехь бухIун гьайичIей гьей йикIиналъги, квешав ватаниги, Гьиматил къавулъе гьей ккезайизе бокьун лъугьана СалихIат.

ХIалица тIамуна Саниятица рекIее къабулаб гуреб гьеб ригьнаде гали. Цо санагIат бакI ккезегIангIаги теян абичIого, «ясалъул инсуца гьабуралда тIад кIалъалей гIадан дун гуро» абун СалихIатги чIедал, чвахулаго магIугун ретIана цIияв бахIарасул сайгъатал Саниятица. Пашманго лъугьана гьесул къавулъе къваридай бахIарай. Нур гьечIеб букIана гьелъие бертадулаб дандеруссинги.

Живго лъикIав вугилан ккезе хIаракат бахъулевищ вугев, хIакъикъаталдаги лъикIавищ вугевали лъазе кIолеб гьечIониги, дагь-дагьккун ругьунлъизе лъугьана Саният ракIалъ нахъегIан цурав росасде. БатIияб рукъалъул батIияб къагIидаги, батIияв чиясул батIияб гIамал-хасиятги – хисун лъураб дунялалде рехун йикIана гьей. Гьаниб гьалда батичIо гьесул гIагарлъиялъулниги якьадалъулниги хIенсейги, хIинкъизе кколей йикIинчIо рукътун

къватIибехунисеб рагIукьаги. Амма гIемер заман иналдего загьирлъана росасул щакдарулеб гIамалги, гIадан-чиясда берцинго кIалъаниги, гьесул хисулеб гьурмал кьерги. БахIарай гьайидал жинцаго сайгъаталъе бачIарабгицин берцинаб ретIелги ретIине къабуллъичIо гьесие. ХIалтIудеги инчIого, рокъойго чIайин, жинца хьихьилиланги лъазабуна гьелда гьес. МатIуялъуй ялагьун рас битIа-бишазабулей йихьаниги «лъида йихьизедай къачIадилей йигей?» абун лъугьунаан Гьимат.

ГIемер заманго гьоркьоб иналде росулъ щущана Саният лъимаде йикIиналъул хабар. Рохун бицунелги рахъана гIадамал, гIажаиблъун хутIаралги рукIана, божуларого ругелги лъугьана. Саниятил рохалиеги гIорхъи букIинчIо «Эбелалъул цIар лъезе ясгIаги гьаюлейани» абун анищазде лъугьана гьей.

Гьеб рохалилаб хабар хехго щвана Рукъиятил рокъобеги. Амма рохеллъун гуреб, кинабалиго жахIдаялъул асарлъун жемана гьеб гьелъул рекIеда. Саниятица жинцаго жидее квешезе биччараб хабар батилилан, божизе кIоларого хутIун йикIана гьей.

КIиго моцI Саният нахъе йитIун балалде, хъамун ячун йикIана Рукъиятица васасе лъади. КIигониги сон гIолеб букIана гьелъул цIияй нус Анисатиеги лъимер кьечIого. Гьанже дагь-дагькккун жиндирго гIайибалъеги, гIакъуба кьун бестIалай жинца къварид гьайиялъеги мукIурлъун, ракI бухIун, гIадамаздаса нечезе бачIун лъугьун йикIана Рукъият. Рокъобги бихьулеб букIана гьей хисун лъураб куц, намусалъ гьелъие кьолеб бугеб гIакъуба. КъватIисан жидедаго рагIизегIан я росасда, я васасда, яги нусалда цIар бахъичIо гьелъ Саният лъимаде йигилан рагIиялъул. Гьелда лъалеб букIана Саният лъимаде йикIиналъул бицунаго гIадамаз цIидасан жиндирги цIар рехсезе букIин ва жидеде гIайиб гьабун гьел гаргазе рукIин.

Радио-ХIабсатги ячIун гьеб хабар цIидасан бицана Рукъиятие.

- Гьереси батила, - абун чIана Рукъият.

- Гьересийищ букIунеб, дирго бералда бихьхана, лъалаго тIаде загьирлъун буго Саниятил чехь. ТIаде гьан бахун ятилин ккун букIана дидани. ГьикъичIого яхI гьабизе кIвечIо. Бугилан дольги абуна, нечадго. Гьеле, гьудул, Рукъият, бихьанищ нилъее ккараб, - илан кIудияб ургъел гьелъулги гьелъул васасулги жиндиго бугеб гIадин гаргалей йикIана гьей мадугьал.

- Нилъееги кьелеб батилин, гьелъие кьурав Аллагьас, - абун къокъ гьабуна Рукъиятица кIалъай.

Жиндаго бугеб хIал ХIабсатида лъазе бокьун букIинчIо гьелъие.

## 7.

ГIадамгун цадахъ бижулин гьесул гIамалгиян абухъего, унтилъун лъугьараб щакдари нахъчIвазе кIоларого, чIечIого васвасазда вукIунаан Гьимат. ГIемергохIал гьабулеб гьечIони, гIиси-бикъинаб рагIиги гIочIода чIван данде къотIаризе бокьулароан Саниятие. Щаклъизе гIадай гIаданищин жий йигеян, елъун тIасавихьизавулаан гьелъ гIемерисеб мехалъ Гьимат.

- ГIадаллъун вуго гьав, дунгIаги гIадамазе щай, росасул лъадиги, лъеберидe сонал рахарай гIаданги, - ян абуна гьелъ цо нухалъ. – Диеги щивго къваригIун гьечIо. Дир мунги вуго, дудаса щвезесеб лъмерги буго.

- Дуени Мурад вокьулев вукIун рагIула. Нуж цIакъ цоцазе хириявл ругилан

бицунеб рагIулаан. Дидехун щибго хIеренлъиго гьечIогури дур. Дун вокьулев гьечIо дуе. Досухъго ракIги тунищ мун ячIун йигеяли. Дие гьедин данде кколаро.

- Гьимат, нижер букIараб рокьулги адабалъулги дуда добмехалъго рагIун букIун батила, гьеб гьанже бугеб рокьиги жакъа лъараб хабарги гурелъул, гьарула, дир араб гIумруялъул бицунгеян. Доба букIарабщинаб добаго тана дица. Цадахъ босараб щибго гьечIо. Цебе букIаралъул суравчилъун лъугьине кколаро мун. Дун гьесул чIужу йикIарайлъи лъачIого гурелъул дица ячарайги. Дургоги йикIанагури чIужу. Дица гьелъул ракIалде щвезабулеб гьечIогури дуда?

- Дуе дун вокьунгутIи вокьунгутIи буго дие захIмалъун. Гьелъ буго дун валъаргъуневги.

- Вокьун вугилан чIезе, рокьи ккун данделъарал чагIиги нилъ гуро, Гьимат. Амма дица дур адабги рехичIо, хъулухъги течIо. Жибго рокьиги бачIинеб батила. Гьеб дудаго барабги букIинарищха… Щибго гьечIеб бакIалда, рукIунарел, лъугьунарел жалги ургъун рахъун, хъубаб щакдариялъул кверде унго мунго.

- Дие мун йокьана, вокьа дунги…

- Рокьи гьарунги зулмуялъги бахъулеб жо гуро. Мунго вокьизе гIадав вукIа. Цо чIечIого лъукъулеб ракIги бугони, бицунебго-бибцунеб цого хочIги бугони, бугебги чIинтIилагури рокьи, бокьичIониги тIагIина божилъиги.

- Дие мун йокьула! Йокьула! – Гьиматица каранде къана Саният. – Дун вокьичIого диеги бегьуларо!

- Вай, унго, дур кверазул хъачIлъи! Михъазул хичи! ЧIа, Гьимат, те дун, - абун нахъегIан цуна Саниятица рос.

- Гьединищха?! Мурадил цIакъго хIереналищ кверал рукIарал?! Бихьинчи вукIаравани, досдаги рукIинаан михъал! Амма дов гIадинав куса-тайпалда рижулел жал гурелха михъал рукIунел! РагIулищ дуда?! Реэдизе бегьулел жал гуро нуж – руччаби! «ХъачIал квералила. Хичарал михъалила! Тамахалги хIереналги кверал къваригIунищ мун йикIарай? Муралищха эдинал рукIарал?! – абун Гьиматица чIвархан, хъатица кIаркьен чIвана гьалъул.

- Мурад живго те, Гьимат, жиндирго рокъов вугев чи. Дица цониги нухалъ дуда цебе гьесул цIаргицин бахъичIин.

- ЦIар бахъуге, хадубккунги!.. Мурад вокьула алъие, гурищза?! – ян гьанжеги кьабураб хъатица, хъураб гIиялъажоялдаса гIадин, речIчIун бачIинабуна гьес гьалъул магIарзухъан къватIибе би.

ХIинкъун, йиххун лъугьарай Саният цин Гьиматида хурхана, хадуй гьесул квералги ккун, гурхIиледухъ гьесда бадие ялагьана. Гьесул беразулъ бугеб ццидал гуч бихьидал, нахъ нахъегIан кIанцIана… Гьиматил хъахIаб гурдеги, гIодоб тIамураб тIансаги, Саниятил халгIатги бидул тIирабаз цIуна. Цояб кվералъ мегIерги ккун, нахъехун бетIерги гьетIизабун, диваналдехунги чIван, синкъиялда гIодана Саният. Цинги, тIаде гIадан-чи вачIине гурилан, гIедегIун, цIорораб лъеца кисаго би чуризе жуяна, рекIеда ятарай гIадинги лъугьун. Гьиматица бахъун гьелда цебе речIчIана жиндирго гурде:

- Гьабги чуре! Гьедин гурони дуе бегьулеб батичIин.

Саниятица цониги рагIи абичIо. Гьесул гурхIелгьечIолъи бичIчIиялъ,

чIахIиял хъатазул кьаби жеги такрарлъизе бегьулилан ккун, ургьиб бугеб лъимералъе зарал ккеялда хIинкъун чIана гьей йицIцIун. «ГIодосаго кьоларо кьезе хъвачIев чиясе талихI» абун хIисаб гьабулеб букIана гьелъ.

* * *

Саният лъимаде йикIиналъул хIакъалъулъ хабар рагIаралдаса, лъалаго хисана Рукъиятил цIияй нус Анисатил гIамал-хасият. Цебе букIинчIеб, батIияб разилъунгутIи загьирлъана гьелъул кIалъаялъулъги, тIаде балагьунго лъазе рес букIана гьелъул рохел гьечIолъиялъул рагIадги.

- Саният гурей, дурго вас вукIун вуго доб «тIегьалареб гъветI». Дуцаго бухъаралъуе мунго кканагури гьанже, - ян адабтун данде кIалъазе лъугьана якьадалда гьей. – Нужерго васасул гIайибги букIун, гIадада бестIалалъе гIакъула кьолей йикIун йиго мун, - абун чанцIулго хIунсана Анисатица Рукъиятида.

«Гьедин батани, дунги чIеларо чIорго кIанцIулареб бакъвараб хIехь гIадав Мурадида аскIой. Жиндирго эбелалъ абухъего «тIегьалареб гъветI» гIадав ав диеги щай къваригIарав?! Диеги къваригIинагури чохьол наслу! Гурони, рекIелгъеялъе цониги лъимерги гьечIого, дун гьаний щай йикIиней. Рокъове вачIаравго бичIчIизабила гьесдаги, ина нахъеги…» абун хIукму гьабулаан гьелъ жийго жиндаго хутIанщинахъе. Гьев рокъове вуссиндал, сундасан байбихьилебали, кин абилебали лъаларого хутIулаан Анисат. Амма гьелъ питна байбихьиялъе гIиллалъун кколеб цониги санагIатбахъараб рагIи абулароан Мурадица. КигIан Анисатие цо щибалиго къватIибе кьвагьун биччантезе бокьун букIин бихьанриги, щибго халлъичIевлъун чIолаан гьев. БихьичIеб ххвел гьабун толаан гьес гьелъул чанлълъаб, гванзаб рагъа-ракариги. РагIичIеблъун толаан тулии-гъулиялда цIарагIгун ягъулей, ванки-дваргъиялда богорокъой гьей йигониги.

«Къададаги гIундул ругин, гIалхуда берал ругин» абухъего, гIадамаздаги гIемер хехго халлъана, гьурмадаса гьимиги ун, ссвараб чирахъ гIадин лъугьун йигей Анисатил хIалхиси.

Рукъият хIинкъулей йикIана васасул къавулъе лъугьинеги, нусалъул жиндиего рукIкIинарурал, ритIуларел кьунсрузда берчIвазеги. Амма Мурадица, кигIанго жив пашманлъун вукIаниги, рекIел хIал къватIибе гьабулеб рагIиниги абун, нодониги букIкIун, хIаллъазе толеб букIинчIо. КигIан хIасратго, лъимадул эменлъун вахъине рукIарал анищалги хиялалги хабалълъ рукъизе кканиги, къватIибе бахъараб гьабан абураб асар лъиданиги халлъизе биччачIо. Лъадудехунги жиндирго ругьунаб берцинабги сабурабги калам гурони гьабулеб букIинчIо. Жиндиего гурей, эбелалъе йокьун ячарай йикIаниги, «Гьалъул гIайиб щиб, дица ячиндал ячIарай гIадан йиго» абун кIвараб куцалъ адаб гьаби гурони, ракIбакъараб къо Анисатие гьес биччалеб букIинчIо.

- ЧIунтун кIалагъоркье чIваяб рагъи-къоноялда къойил бацIцIаниги, хIурул гъат батула, - ян рагIуледухъ хьандезе лъугьана Анисат. – ГIадада хвезабунагури аз дир гIумру, абу-абурабги уйилан ккун асие ине разилъарай дир. Асие хъамидалго нахъе ине лъан букIарабани, рос щвечIогойищ дун хутIизе йикIарай?! Жаний сверанщиналъул талихIкъоналъе барабдай гьазул минаго букIараб? – абун Анисатица ццидалъ хьвагIулеб ббкIараб жулица хIурул накIкI лъезабун бугин кколаан азбар-къоялдаго.

Рухулаго жанире гъуна гьелъ тIокъода рукIарал гIачи-бачалги, гIагIа-къвакъваялда рахъ-рахъалъ риххун инаруна берцинго цо тIарсинисан кваналел рукIарал гIанкIуялги.

Гьеб кинабго бихьулебги рагIулебги букIана, горда цевеги эхетун, рокъосан гьелъухъ балагьун хутIун вугев Мурадида.

8

Гьуинго букIинчIо къо анагIан цIикIкIун лъалев вугев Гьиматида цадахъ Саниятие. Бокьунги кIолебги букIинчIо кIиабилев росасдасаги нахъе ун йигилан гIадамал гаргадизе тIамизе, Рукъият йохизе, дояги хIебтIичIилан гьелъ гIадамазда бицинабизе. Амма Гьиматил гIамалги хасиятги лъанагIан, гIеладай гьединаб къо хIехьезе рекIел къуватиланги кколеб букIана. Баччиладай гьадигIан бакIаб гьир гьанжесаги жиндир гьодицайилан ишкал кколеб букIана щибаб ракIбакъваялдаса хадуб.

Цонухалъ рокъове вачIарав гьобол тIовитIун хадубги, тIасалъугьине кIелареб къварилъи гьабуна Гьиматица Саниятие. Гьоболас къолъикI гьабулагоги цин Гьиматихъе, цинги Саниятихъе бегьана квер. БихьичIеб ххвел гьабун чIарай гьелдаги тункун, Гьиматица абуна:

- Щай босулареб Асадулагьил квер. Унев вихьуларищ дуда гьав?

- Къаси гьанивгIаги чIечIого, битIун рукIкIунеб мехалда унев вугоха, вац, мун. Нух битIаги, - ян хIинкъадго бегьана гьелъ гьесухъе квер.

- Ресищха бугеб, яц, инчIого. ГIедегIун вуго цIакъ. Нужее къо-мехлъикI, - анги абун, гьалъулги кверги босун къватIиве лъугьана гьобол.

Гьесда хадуб нуцIа къан бахъиналде, хъичизе лъугьана лъадуде рос.

- Дицани абилин, дуца босизейищ кколеб букIараб досул квер?!

- Диеги бокьун букIинчIо, Гьимиат, дуцагоо щайха дун хIалица гьесул квер босизе тIамурай? Дуца абидал, дир гIайибищха гьеб кколеб? – абун рагIи-рагIиккун гьитIин гьабуна Саниятица жиндирго гьаракь, гьанжеги цIидасан питна бухъизе гьев лъугьине вукIинги бичIчIун.

- Бадиеги ялагьун, елъулейги йигоан досда. Унгедила къасиги…

- ЦIорораб гамачI гIадин гIунунищха чIезе кколел тIаде вачIарав чи нухарегIулелъул. РагIиниги абулеб гIадат гьечIищ унев чиясда. Мугъзада кверищха тункизе кколеб букIараб, хекко-хекко айилан? Адаб-хъатир букIине ккеларищ гьоболасул…

- Дица гьабуна досул кколеб адаб-хъатир! Дуца дир гьабе адабги тIалабги! – абун бан биччантараб малаца печалтIа гьалдолеб букIараб хьаг гIодобе бортизабуна Гьиматица.

Чваххун бачIараб гьагIдаца, бежун лъураб чед гIадин, багIарлъизабуна Саниятил махIу. Гьабилеб дарман тIагIарай гьелъ рагьдехун ине хиял гьабидал, гьей кквезе жувана гьав.

- БухI-у-улеб бу-у-го, бежж—жулеб буго! – ян угьдиласул гьесул бадие ялагьана Саният.

Кинабали лъалареб – гIурччиналищ мачIалищали лъалареб кьералъул, халатаб гьурмада, ццидаца къватIире цун рачIунел ругел гьесул бераздаса загьру бецIцIулеб бугилан кколеб букIана синкъиялъги бухIиялъги хIалдагьлъарай Саниятида.

- Йиччай дун, рагьдехун! ГIазулъгIаги бухIи къотIуларищали! - абун ахIана Саниятица, гьаракь борхун.

Хинаб рокъоб яхI гьабизе кIвей Санията, тIеренабго халгIаталъулъ, мугъзаде хинаб кIазниги рехизе рекIетIе ячIинчIого, рагьдухъе кIанцIун гIадин ана.

Унти хIехьезе кIвезе, хасалил сордо нахъалъизегIан гIазулъ эхетун йикIарай Саният, халатккун квачазе чIани унтизе гурилан, гьелъ лъимералъе асарги гьабизе бегьиялда хIинкъун, тIаде пальтогIаги рехизеян рокъожаниехун яккана. ТIорччоца боркьараб рокъосан речIчIун бачIунеб багIариялъ, нахъеги хIехьезе кIолареб унти жемана гьалъул махIалда. Халатаб хасалил сордо рогьинегIан бусада хьибил лъезе биччачIо гьелъие ругънал бухIиялъул кутакалъ. ГIазул гъонода махIуги цвизабун, дарран соролаго, рагьдухъго хутIана гьай.

ГIадамазда рагIилин хIинкъун, къулчIулеб букIана гьелъ гьеб гIазаб, медпункталдениги лъазабичIого.

Рогьиндал гьелъ хIукму гьабуна, вачун цадахъ вацгIалгун, тохтирасухъе ине.

Мадугьалалъул гьитIинав васги хадув витIун вачIинавуна ГIамир.

- Машина хIалтIулеб бугищ, ГIамир?

- Буго, валлагь!

- Жакъа къваригIелго гьечIищ дур районадехун? Нолъ дир бох бухIун бугин…

- Ия, щиб гьелъие ккараб? Гьединаб жо лъугьараб мехалъ, къваригIелищ букIине кколеб районалде?! ГIедегIил гьабе!.. ГьанжелъагIанги щиб дуца гьабулеб букIараб?! Кив вугев ГьиматгIаги?.. – ян Саниятида гурхIиялъ хIухьел хехлъун гIадин кIалъалев вукIана ГIамир.

- ЛъачIого… хIетIеги кунтун, бегун ана дихъаго беэанаб гьагIдал хьаг. ЦIакъго бухIун букIун буго… ХIехьелин йикIана, кIвезехъин гьечIо. Гьиматги нолъ рокъовго вукIинчIо. Шагьаралде ун вукIана гьев, - абун гьереси бицана гьелъ, жеги босноса вахъинчIого нахъарокъовго Гьимат вугониги.

- Гьедин бегьулищ, нольго лъазабизе ккелароанищ?! КъваригIелги къварилъиги ккедал ахIизе гурищ гIагарлъиги гIадамалги рукIунел?

Саниятида кинго кIолеб букIинчIо бухIараб махIалда рештIунеб щвата тIадегIан цIазе. ЛъадалкъвачIа бан далун букIана кIудияб пул. ГIедегIиялъ, босун рукIкIенгун бихьизабуна гьелъ гьеб торгIо гIадаб пуликъвачIа. Парччи лълъел чIехьараб гIадаб хIорчIчIел лъугьана печалда цебе.

Бихьинчи вугониги, берда цебе бугеб гурхIараб сураталъ рекIее лъикIаб гьечIеб асар гьабуна ГIамирил. Кин гьелъие кумек гьабилебали лъаларого, цин цевегIан къана гьев, цинги кин-щиб гьабилебали лъачIого, бералги къанщун, къан данде хьаталгун чIун вукIана.

КIичI-кIичIараб, чIедераб, цIороца гIазутIе тIеренаб хьал биччараб нухдасан расги бигьа букIинчIо ГIамирие хьущтIизе биччачIого машина кквезе. РакI гIедегIаниги, нухлул ресмекълъиялъ гIодовиччан бачине кколеб букIана гьеб.

Лъимер гьабизе тIаде къо щолеб букIиналъги, бухIулеб-ссудулеб махIуялъги, тун бахъунареб нухлул халалъиялъги, кутакалда чIамучIлъунги сваканги лъугьинаюн йикIана Саният.

Ахиралдаги, больницаялъул азбар бихьидал, гъваридаб хIухьел биччана Саниятица.

- БачIинахъего нижеда щай лъазабичIеб? – абун йицца-йихъатай йикIаниги, тири-гъирияй тохтиралъ Саниятие дару-сабаб гьабизе байбихьана.

9.

МоцIрол гъумералъго гьарулел дараби ругониги, дагь-дагьккун гурони сахлъулареб цIадал ругънадасаги захIмалъун букIана Саниятие гьебгощинаб мехалъ больницаялда йигей жиндихъе ваккизе вачIинчIев росасул гIаламалъул хъублъиги гурхIелгьечIолъиги. Цогидал руччабазде раккизе росалги рачIун, азбаралда лъурал гIодочIелазда, кIи-кIи микки рештIн бугеб гIадин, гIащикъго щурщулел гьелги рихьун, гьезда бахиллъизе бачIунаан Саниятида.

Жиндаго рос-рукъалъул рахъ цIехедалги, гьев росулъго гьечIин, хъутаналда хIалтIулев вугин, кIалдиб ругьунаб гуреб гьереси бицине кколаан гьалъ.

РакIалде щолаан Мурадгун цадахъ араб заманалъул къокъидго паркъун араб, бихьизеги кьун, кьурун бахъараб гIадаб талихI.

Гьиматин абуни, больницаялда йигей лъадул ургъелго гьечIеб гIадин, паракъат рокъов вукIана. ГIагарлъиялъги росдал гIадамазги Саниятил сахлъи цIехедал, лъикI йигин, мадар бугин, тIасарихьизарулаан Гьиматица гьел. Гьелъие ккараб щибилан гIадамаз гьикъидал, гьелъие гIилла лъалебги букIун, жиндихъа рагIи бахъулел ругин гьелиланги ккун, ццин бахъине бачIунаан гьесда. Ваккизе ине хиялазда вукIаниги, Саниятица кинабго битIун бицун батизе гурилан, хIинкъун чIун вукIана. Жинда бадире ралагьизе унтаралги, бадирчIваял гьаризе тохтирзабиги рачIинел гIадин, таваккал гIолароан гьесул, лъадул хIал цIехон больницаялде ваккизе.

Саниятил бухIараб махIалдаса катан бахъун букIинчIо жеги, лъимер гьабизе къо тIаде щолеб букIаниги. Гордухъан, кьурабазул каранда свераби лъураб шагьранухдеги ялагьун, жакъаги вачIинародай ГIамирилан хьулазда йикIунаан гьей. Цо-цо мехалъ гьесул машинаялда жиндирго бестIаляцалниги, Гьиматил гIагарлъиялъул чиниги рачIунаан гьелде раккизе. Щибаб нухалъ, Гьимат вихьичIищан гьикъизе бокьун букIаниги, гьездаги щибгIаги ракIалде ккезе гурилан, абичIого толаан. ЖакъагIаги вачIине бегьулин Гьимат, жинцаго гьабуралда рекIекълъун ватилин гьевилан хьул къотIулароан гьалъул. Гьесул ссогIлъиги хъачIлъиги жиндирго ракIелъ къойилго гIадин багъулеб букIаниги, гьабнухальги тIасалъугьине хиял гьабулеб букIана Саниятица.

Амма Гьиматил рекIеда кверщел гьабураб гIантаб пикруялъ гьеб рахIмуяб гали тIамизе биччачIо гьесие. КъобакъинегIан годикIанив чIалтIа гIодовги вукIун, кагътаз хIалезул гурулъеги тIерхьун, тIамулаан гьес заман. Къаси кватIун рокъове щведалги, тIаде чи вачIине гурилан, жанисан нуцIаги рахан, гьабулаан гьес жиндиего квен. Кванан хадувги, диваналде рехун, сордо бащалъизегIан хъалияналъул кIкIуйица чIулх лъазабураб рокъов телевизоралъухъги валагьун вукIунаан.

**10.**

Жакъаги, добго шагьраялде бералги руссун, жиндирго пикрабазда йикIарай Саният, битIахъе мугъзалълъ хеч къазабураб гIадаб хIунсиялъ тIуркIизаюна. Нахъойги гьеб такрарлъидал, сукI-сукIун ун, бусаде ккана гьей. Гьоркьоб дагьа-дагьаб заманги биччан, цоги-цоги нухалъги жем-жемун бачIунеб унтул кваркьиялъ жиндаго жаний ячинаюлаан гьей. Егунги яхъунги чIезе бакI тIагIун

лъугьарай гьалда махIалзул унтиго кIочана, горбода мусру жемарабилан абулел гьел гIассиял лахIзатаз.

Рогьел загьирлъулаго палатабазда кьижарал унтарал макьидаса рорчIизаруна жанахIалъул тIарадасан гIадин рагIулеб букIараб цIигьабураб лъимадул гIодиялъ.

- Вас вуго, вас! – абун цеве ккуна акушеркаялъ лъимер, жеги риччалъ гIадин йигей Саниятида.

Щап-щапун унел бераз пашманаб лъимада лъалхъизабун, лъавудаса ана гьей.

Йигьиналде, кьуща-рущан хьолбохъ лъун батана батана гьелда, хIалхьун кьижараб гьитIич. Жиндихъа вахъизехьин вугевгIанги гIедегIун каранда къана гьалъ жиндирго вас. КIутIбиги данде къан, гирун-гирун магIугун , ургьиехун гIодизе лъугьарай гьалъ, лъиданиги сас рагIизе толеб букIинчIо.

- Йохизе заман щвараб мехалъ, гIодизейищ кколей? – абун, бусадул ахадасан кIалъалей тохтуралъул борхатаб гьаркьица тIуркIизаюна Сания т. – ГIодизеги къварилъизеги бегьуларо дуе. Ццин бахъанигицин рахь тIагIине бегьула. Берцинго лъимерги хахе, гьанжего тIадеги яхъунге, - ян лъазабуна гьелъ, тIаса бахъун жиндирго халгIатги нахъе лъолаго.

Сордо рогьинегIан йорчIуда чIезе ккеялъги, лъимер къабул гьабулаго къобихьиялъги макьиххунги сваканги йигей тохтир, Саниятиеги гьимун, гьаюгьинан нуцIихъан тIерхьана. – ХутIараб сестрабазги малълъилин дуда, кин щиб гьабизе колебали, - абун ахIана гьелъ жанахIалъуе лъугьиндалги.

«ГьадигIан кьогIав Гьиматие кьечIого гьаб месед гIадаб наслу, гIумруялъго лъимадухъ инагьдилев вугев Мурадие щвезе бегьуларебандай букIараб! Унго, кигIан кIудияб рохелдай букIинаан жакъа гьесул рокъоб. Кинаб разилъидай рештIинаан досул гьурмада! Гьедин хъван букIун гьечIоха… ВасгIаги лъикIин ав вугев, дида бихьанщинаб къо бихьизе яс гьайичIого…» гьединаб пикрабаз кIвекIулей йикIана Саният. Сах-саламатаб лъимер батиялъги, берцинго жийго йорчIиялъги йохунги йикIана гьей. РекIелъ гамачI бугев цIорорав росасул къадарлъиялъ къварилъунги йикIана гьей. Гьеб кIиябго асар жубараб хIалалъ, гIаданиб хIор чIун бугеб гIадин, бецIцIунго бахъунеб букIинчIо гьалъул магIу.

11.

- Дур росулъан больницаялде кIалъалей цо гIаданалда бицана дица дуе вас гьавун вукIин, гъолъ бицун батила нужераздаги, - ян елъана санитарка, Саниятида тIадеги къулун.

Гьеб рохелги рагIидал, гьанжегIаги Гьимат ваккизе вачIинчIого чIелин абураб щаклъиго букIинчIо Саниятил. Лъимер гьоркьоб букIиналъгIаги дагьавниги хисизе бегьулин жиндехунго Гьиматил гьоркьоблъийилан, анищазда йикIана гьей.

Амма анцIила кIиго къо васас баниги, Гьиматил рагIадцин паркъичIо дол нухаздаги больницаялъул азбаралдаги.

Саниятица вас гьавиялъул хабар гьалда жиндагоялдасаги цебе лъана ва тIибитIана гьазул росулъ.

Рохел бицине гьесухъе ячIарай жиндирго яцалдаги щибго разилъи лъазе биччачIо Гьиматица.

- Гьев тIоцевесевищ, гьедигIан мун йохизе ккани. Цойги вугогури дир вас, - ан гьелъие щибниги кьезедай ккелаян, кьогIго гьимана Гьимат.

Вацасул гьединаб рагъа-ракариялъ гьалгъан хутIарай Халисат, тIокIаб рагIиги абизе рекIеда ятичIого, жиндагоцин лъачIого, чвархъан нуцIаги къан къватIие щун ятана. ЩибгIаги бегъулареб жо жинцаго абурабгIанги квешаб асар рекIееги лъугьана яцалъул.

Saният больницаялдаса йиччалеб къоялъ, Халисатги, Асиятги, Аминатги рачIана ГIамирида цадахъ.

Сестраялъул кодоса тIоцебе Халисатица бачана лъимер.

Гьадабго нух нахъеги тезегIан релъа-рохун, хабар-кIалалда рукIана Саниятил кIияйго яцги Халисатги. Гьезул хабаралда гьоркьове жувалев гьечIониги, цо-цо гьоркьо-гьоркьов ГIамирги велъулаан гьез бицунелда. Гьезда щибго хIалги лъазе течIого, махсаро-хочIалде жуязе хIаракат бахъулеб букIана Саниятицаги.

Машинаялдасаги рештIун, росдал къваридаб къватIчIван унаго, данде ккканщиназги лъимер баркун, гьара-рахьи гьабулеб букIана гьазие. ГодидкIанире раккулагоги, данде ваккун вачIунев вукIарав Гьимат,  гьазда беркIутIарабго, тIадвуссун, батIияб къотIновехун сверун ана.

Хапун Халисатихъа лъимерги бачун, инсул мина бугеб рахъалдехун сверана Саният. Цоцазухъ ралагьун хутIана лъабайго яс…

- Саният, мун кие уней йигей? Дихъе кье лъимерги, рокъое йилълъа мунги! – ян ахIдолей йикIана Халисат, нусалда хадуй.

Яцазги, гIемер берцинаб бицун, росасул рокъоехун цIалей йикIана гьей. Кьурун гьезухъа гъежги бахъун, дагьалги хехго галабиги росун, ине лъугьана Саният.

- Мун унтизе гурин, Саният, екеруге гьедин! – иланги ахIун, гьанжеги гьелда кодоса лъимер бачине лъугьана ХАлисат.

Саниятица гьеб биччачIо.

- ТIасалъагьа, Халисат, гьадин гурони тIубачIин… Мун берцинго рокъое а, дургун ракIхвезе дие бокьун гьечIо. Вац додинав лъугьунилан дуда щибго гIайиб гьечIелъул, гьесул мунагь дутIе ккоарo. Кинабго дудаго лъалелъул, дида ццинги бахъунге. Мун а!

Асиятица Саниятихъа лъимер нахъе бачана. Аминатица гьелъул ботIродаса хъуштIун ун, хадуб бехъерхъун букIараб кIазги кIутIа-сутIун гьелъул ботIроде рехана.

Гьанже гурел гьанже гIодизе къачIан ругин кколаан Саниятил яцал, жидерго яцалда гурхIиялъ ва гIодулаго нахъе уней дурцасул яцалда щиб абилебали лъаларого хутIиялъ.

## 12.

КIиабилей лъадуцаги жив рехун тедал, дагьавги ццидахарав Гьиматица цо-цоккун босун гIодобги речIчIун, ричIчIи гьабун гъурана Саниятил чинидул цIа-рагI. Аллагьас гурел, жинцаго рижарал рукIаралгIанги гIакъуба-гIазаб камун течIо гьес цониги лъади. Кинабго гIайиб жиндирго букIанигицин, цонигиялда рагIичIо гьесул кIалдисан, жиндихъаго ккараб гъалатIалда рекIекълъун, тIасалъугьаян гьарулеб рагIи.

Гьоркьоб щибго ккун букIинчIеб гIадин, кавуги рагьун, азбаралде лъугьунги вачIун, Саният ялагьизе щибаб рокъове ваккана Гьимат. Ахирги жиндирго букIараб гьитIинаб рокъой цIа бакулей ятана гьесда гьей.

- Гьанибищ дуе лъикI бугеб? Гьаний эркенго йикIине бокьун батила, дица тани! – янги абун, цояб кнералъ хапун кодобе кьущан бусада лъун букIараб лъимерги босун, цояб къвалакь Саниятги ккун, нуцIихъа къватIиве лъугьине хIалбихьана гьес.

- Йиччай дун! Те дун! ГIодов лъе дир васги! – ян чIучIадилаго ахIдана Саният.

- Дур василая?! Дуца цадахъ вачун вачIун вукIун ватила ав… Алъул васха! Гьа-гьа-гьа!

- Дица цадахъ вачун вачIинчIониги, дур дова ватаравги гурелъулха гьев, гьаниве кье вас! – гьесул къвалакьа йорчIарай Саният лъимада хурхана ва Гьиматихъа гьеб бахъизе жуяна.

- Гьеб ахIи-хIуралъухъе киналго рокъосел къватIире кIанцIана.

ХIажица, карандаса гурдеги ккун, цин теркIезавуна Гьимат, цинги гьесухъа бахъун лъимер Саниятихъе бегьана.

- Мун щибизе дир къавулъе вачIарав?! Гьаб рукъ те дуца! Ничги гьечIого… - абун ццидаца рагIи абизе бачIунарого кIалъалев вукIана ХIажи.

- Щай дун нечезе кколев, дирго чIужуялдаги васасдаги хадув вачIине?! Гьел рокъоре рачине вачIун вуго дун! – абун дагьавго гIодовиччан гаргазе лъугьана гьанже Гьимат.

- Рокъое ячине дуе кьун йикIана дица яс. Дуца течIо гьей доя. Гьанжейищ мун рекIеда ватарав? Васги чIужуги больницаялда ругеб мехалъ мун кив вукIарав?! Гьанже дур щибгIаги къвригIел гьечIо гьаниб! ТIагIа! РагIулищ дуда?! – абун ХIажица цебе батараб цIулал хъвалхьен кьабун биччантолеб букIана Гьиматида.

ХIинкъарал гьаркьалги гьарун, гьоркьоре кIанцIана ХIажил лъадиги ясалги.

- Дада! – ян гьаракь борчIана, инсуца гьев чIвазе гурилан хIинкъарай Саниятилги.

- ЧIаха, цо. Дица эдин толищали балагьилин. Нуж гIемерал ругелъул, бергьинарищха дидаса. Амма лъан букIаха, лъадиги лъимерги дир ккола, законалдаги шаргIалдаги…

- Руччаби гIемерал рукIаниги, гьанир нилъ кIиго бихьинчи вуго, дунги мунги вуго. Бокьани гьаниса къватIире рилълъина нилълъ. Законги шаргIги лъалев чиясда гIадан хIакъир гьавизе бегьулареблъиги лъазе кколаан. БухIараб хьагги тIаде чIехьон лъадул махIу бухIарав дуего кинаб тамихI букIунебалиги лъазе ккола! – ян ахIдана гьесде ХIажи.

Надаллдаса гIетIги бацIцIунаго, ццидалъ цабиги къерщезарулаго, нахъе ана Гьимат.

Бищунго кумекги къваригIараб, къварилъиги цIикIкIараб заманалда жеги тIад хIули бижичIеб хIанчIитIинчIгIан загIипаб лъимада тIадеги къулун, тIуцабго рокъой къан йикIана Саният. Жиндирго рекIел къварилъиялъ хIалкъан, Гьиматица гьабунщинаб цциналъ рекIеда ругъун цIигьабун, тIадеги къварилъунги гьитIинлъунги унаан гьелъие лъухьабго рукъ. Цого-цо бугеб рохеллъун букIана гьалъие къо анагIан лъикIлъунги чIаголъунги бачIунеб бугеб лъимер. ТIадчIун хьихьиялъги лъалаго рухI речIчIулеб бубкIана гьитIичида. Гьесул гIодиялъухъе гIодизе бачIун лъугьунаан гьей, гьесул гьимиялъ гьимизе тIамулаан.

Ункъго моцI тIубаралдаса дагъа-дагъабниги цIияб гъаваялде азбаралде вачунаан Саниятица ХIабиб. ХIайранаб ихдалил махIалдасаги хинаб бакъаналдасаги ракI регьун, рагьдухъ ругел гъутIбузукь хIалхьи гьабулаан гьез. РетIун берци-берцинаб ретIелгун гIагарлъиялъухъеги вачунаан цо-цониги. Амма лъимерги бачун къватIие яхъарай Саният, цониги нухалъ унароан Мурадил кIалтIасан. Инсул рукъ бугеб къватIалъул тIарада букIана гьесул мина. КъватIалъул ахадасанги сверун, рикIкIадаб нухалъ унаан, азбаралде вахъун яги кавудахъ гьев данчIвани, ургъунго жинда лъимер бихьизабизе хьвадилей йигилан гурин гьесда ккелилан хIинкъун.

«КигIандай досул ракIбакъвала, кодоб лъимергун дун досул кIалтIасан хьвадани. Инаро дун доясан. КигIан лъимер баччизе захIмат букIаниги, халатаб нухккун ина. Гьеб адабтей дица Мурадидехун биччаларо. Гьедин чIухIун дун хьвадани, дие кьурав БетIергьанасда, кьурун нахъе бахъизеги кIолелъул лъимер» абурал пикрабазда йикIунаан гьей. Нагагьлъун, тохлъукьего, рикIкIадасан Мурад вакканиги, кьурун тIадги йиссун, гьесда халлъилалде нахъе йорчIизе жигар бахъулаан гьалъ.

«Чияр чиясул лъимерги кодоб ккун йигей Саният, гьанжеги цIидасан ячинехъин рагIула Мурадица. Васги жиндиего хьихьилилан абулила гьес» абун гаргадулаан, гьалъул хIалбихьизего гIадин, гIадамал.

- Гьанже дун гьесие щай гьарин. Гьел тIерхьун арал къоял тIадруссунеб гIадат гьечIо, - ян абулаан Саниятица руччабазда. «Къараб талихIалъ нуцIа цIидасан рагьиларо дир къавулъе» абун жинцаго жиндагоги абулаан.

Унго-унголъунги гьелъул намусалъ цебе къазеги толароан, рокьи батIалъун гьечIониги, цIидасан Мурадгун данделъилин абураб пикру.

Гьейги Мурадги рекъелин абураб пикру букIана бищунго Гьиматие рахIат толареб жоги. ГIадамазги бицунеб бугелъул, рекъон гьел ругелгIанги захIмалъун, лъугьине бакI тIагIун, гьабилеб дарман къосун вукIунаан гьев. «Дир лъимерги жиндирголъун хьихьизехъинха ав! Ай жийгоги йихьуларищ, анищазда йикIун йигей. Гьесда берцин йихьизе батила, багIар-хъахIабги ретIун, пудра-мудраги бахун, къачIадилей йигей» абун цабзакь ккун михъ къунцIулев вукIунаан гьев, бахунеб-толелъулгун гьудуллъи гьелъие гьечIониги.

Саниятица тIокIалъ рослъун жив къабул гьавулев гьечIониги, гьелда цIар тIамизеги инкар ккуна гьес. ГьелъгIаги квалквал гьабизе бугин гьезие, гьебгIаги бугин Мурадидаги Саниятидаги гьоркьоб бугеб бахине кIолареб гIорхъиян вохунги вукIунаан цо-цо.

## 13.

Саният Гьиматидаса ятIалъарлдаса унго-унголъунги Мурад гьейгун рекъезе гурилан хIинкъун къотIизе тана жинцаго росасеги якьадалъеги бухъулеб букIараб питна Анисатица. Дагъа-дагъабккун гIодоцана гьелъул пахруяб хьвада-чIвадиги, чIахIарал жавабалги. «Жакъаги ина нахъе, метерги ина рокъое, диеги къваригIина цогIаги лъимер» абун къойил такрар гьабулел цого рагIабиги рагIулелго рукIинчIо гьанже гьелъул кIалдисан. Кин букIаниги, росасул рекIелъ бахчараб балъголъи лъазе бокьиялъ, гIиссинккун гьесул пикрабалъе лъугьинчIого чIезе кIвечIо Анисатида.

- Саният нахъе ячIаралдаса росулъ хабар гIемерлъун буго, мун цIидасан гьелда хадухъинев рагIулилан бицунеб буго. Дун нахъе йитIун йигилан – цоял,

йитIизехьин ргIулилан – цогиял ругилан щурщулей йикIана гьадайцо Радио-ХIабсатги.

- Дица йитIизегIан чIолейго йикIинчIелъул мун, мунго иней йикIиндал. Гьанже инчIого чIезе хIукмуйищ дур ккараб? – абун гьалъул мурад гьабураб рагьараб жаваб гьабичIо Мурадица.

ГIадалълъ чIвазе магIгIанги бокьичIо Анисатие гьеб щакаб жаваб, амма тIокIалъ щибго абичIого юцIцIун чIана.

Макьилъ гIадин Саниятгун цадахъ арал къоязулги соназулги, дой цадахъ йигеб мехалъ жидедаго тIад чIун букIараб талихIалъул нуралъулги ракIалдещвеязда вукIунаан цо-цо мехалъ Мурад: «БукIаян абеха гьебб Гьиматил лъимер. Гьес гIодоб таниги, дица кодобе бачина. Гьелъул дие Аллагьасул рахъалъ кириги, гIадамазул рахъалъ баркалаги гурони, нагIана щвезе батилагури. Жиндирго лъимералъе алимент кьезецин инкар гьабурав Гьимат вугин гьев. Дун барахщизе гьечIо гьесие унеб харжалда. Дир гьаб минаги гьесие букIаян абе. Эбел-эмен лъаларелги гурищ лъимал, рачун хьихьулел! Диеги гьадигIан хирияй Саниятил лъимер дирго гIадин бокьизе кIвечIониги, гурхIизегIаги кIвеларищ дидаги. Щиб лъалеб, бокьизеги бегьула, ругьунлъизе ватила. Цинги дие щибго хIажат гьечIо. Кодой ккун хьихьилаан дойни дица. Амма гьай Анисатида гьабулеб жо гьанже дида лъаларо. ЦIидасан лъикIай лъугьине хIаракат бахъулеб буго алъни, амма релълъунеб гьечIоха гьалъухъа гьеб. РакI бухIунгIаги ятила, гIамалквеш…» абурал пикрабазда хутIулаан гьев.

Цо къоялъги гьелго пикрабазда, Саниятихъ ругел анищаз гьаваялде восун укIана Мурад.

Цо кIалъаларев гьесда тIад бералги лъун чIун йикIана Анисат.

Мурадил рекIелъ бугебщинаб жиндаго бихьараб гIадин, цинтIаго хурхунги ячIун, гурхIараб гIоди гьабуна Анисатица… (…)

## 17.

Чваххун балеб цIадакь, росдал рагIалда кIийиде нух бикьулеб бакIалда чIчIун йикIана цо чIужугIадан. Гьелъул цояб гъажалда бан букIана бихьун инедухъ цIараб кIудияб сумка. Гьебго кверaлъ каранде къан букIана лъагIел тIубараб гIадаб лъимерги. Кваранаб кверaлъ кккун букIараб чараб дугъ гьороца гьелъул кодоса бахъизехьин бугин кколаан. Добе-гьанибехун хьвагIолеб, хIалица ккун чIезабун бугеб дугъалъ цIадги кквечIого цIалтIун биччун, махIабаздаги мугъзадаги рекIун букIана гьелъул тIеренабго горде. Гъугъай-пириялдаса хIинкъунищали, гьоркьо-гьоркьоб риххарал гьаркьалги гьарун гIодулеб букIана лъимер.

МагIил мухъалищ яги цIадал тIирабийищали лъазе рес букIинчIо Саниятил гьурмадасан гирун-гирун рачIунел лълъадал къатIраби.

БачIи-бачIинеб машинаялда цебе кколеб букIана гьелъ жиндирго дугъ ккураб квер.

Гьелъ сапар бухьун букIана рикIкIадаб шагьаралде. Гьелъул лъимералъе садикалда бакIги гьелъие жиндиего хIалтIиги хIадурун, вацгIал ГIамирица паракъат гьаюна гьей, гьанжего-гьанже бан бахъараб цIияб минаялде хьизам-лъималгун жалгоги гочараб минаялъул цо рокъой…

**Залму БАТИРОВА**

## РАСУЛ ХIАМЗАТОВ

Расул ХIамзатовасул кIудияб гьунаралъ, Аллагьас гьесие кьураб пагьмуялъ, гьев жеги гIолохъанго вукIадго, регана нилъер мугIрул. Гьесул асарал, таваккалго, тIамулаго галабигун, батIи-батIиял пачалихъазде щвана. Гьенибги машгьурлъи батана. Дида цониги хъвадарухъан лъаларо (дица цIалун батичIого букIинеги бегьула) 300 000 азарго тIехь бичун арав. Гьеб къадаралда ричана «Дир Дагъистан» абурал Расулил тIахьал. Гьелгощинал ричаниги, гьел гьаб жакъаги цIехолел, ралагьулел, цоцазухъа цIализе росулел руго.



Расул дуниялалде вачIаралдаса нахъе гIуна шигIрабазул гьастIа. Гьесда гIагараб мацIалда цадахъ, рагIана гIорхъолъа ун берцинаб чвахxиялъул, ХIамзатил асаразул мацI (м.ч.) Зайирбегица бицунаан кидаго ХIамзатил рукъ цIун букIунаанила мадугьалзабазул, цIигьулдерил кучIдул рокьулел гIадамазул. ЦIияб кечI ХIамзатица тIоцебе цIалулаанила жиндирго гьастIа. Цо рагIарабго гьеб Расулидаги рекIехъеги лъалаанила.

Зайирбегги ХIамзатги рукIун руго кIудиял гьудулзаби. ХIамзат соназ гIемер кIудияв вукIун вуго. Адабияталдеги маданияталдеги рокьи кIиязулго букIинальги батила, гьудуллъи сокIалаб, берцинаб гьезул букIараб. Гьедин гуребги ХIамзатил цевесев гIагарав чи СагIитил тIоцеесей чIужу ИзахIат йикIун йиго Зайирбегил яцгIал. Гьей йикIун йиго рес бугей гIадан, амма жинс-куц берцинай йикIун гьечIо. ГIумру боцIулъги магъилъги уней магIарулалъул жиндего кIудияб регIелги букIун батиларо. Гьелде тIаде Сагитица ячуна цоги лъади. Гьелдаса ХIамзат разилъуларо, кечIгицин гьабун букIун буго («гьагьал – МухIумилъуй, хIамул – нижелъуй») абурал рагIабиги гьоркьор ругеб. Гьеб сабаблъун гьезул гIагарлъиялъул цоцазде букIараб гьуинаб гьоркьобилъиги хун букIун буго. Хадур гьел рекъезе гьарула Зайирбегица, рекъел щулалъизе ригьналги гьарула.

Расул гьитIинаб къоялдаса, мацI лъазе байбихьаралдаса нахъего вукIунаанилан бицунаан Зайирбегица ракI цIодорав, цо рагIараб жо хекко ракIалда чIолев, бегIерав вас. Гьелда цадахъго чанкIкIаравги, цо минуталъги чIезе кIоларевги. ХIамзатица абулаанила цо сундениги вуссун вукIине ккараб мехалъги Расулил гIундул жиндихъ гIенеккун ратулила, гьев вугеб бакIалда тохаб жо бицине бегьулароанила.

ХIамзатил тIоцересел асаразул тIехь къватIибе бахъизе хIадур гьабун буго м.ч. Зайирбегица. ХIамзатица асарал гIараб хатIалъ хъвалел рукIиндал, гьел цIияб алфавиталъул хатIалде руссинаризе Зайирбег, сордойил хIалтIудаса хадув унев вукIун вуго ЦIадаве. Цо-цо мехалъ хIалтIизе санагIат кколароанила тIаде рачIарал гьалбадерил гIемерлъиялъ.

Хъандулалъ кIудияб хьагиниб мугь бан бауталаанила. Цо-цо мехалъ киназего гъудал гIолароанила. Жиндицаги лъадуцаги, кепалъе, доре унеб мехалъ, рокъосаго гъудал росулаанила. Гьелде ХIамзатица абурал кепал рагIабиги рукIанила:

**…Рокъо-рокъосаго гъудалги рачIун,**
**Гъара щвезабуна къаси могьоде…**

ХIамзатил рокъоб цо турараб хъарщи хисизе ремонт гьабулеб мехалъ, турараб хъарщи бахъун, гIодоеб рехун буго, жеги школалде инчIев Расулица устарасде кечI гьабун букIанила:

**…Дун гьавураб сон хъвараб**
**Хъарщи хвезе гьабуге, – ян.**

Школалде цIализе Расул Хъаладухъ букIараб гьоркьохъеб школалде ун вуго. ЦIала-къалиялъул рахъалъ жинда гьесде гьабулеб гIайиб рагIичIилан бицунаан Зайирбегица, директорвукIиндал школалъул, амма гьалмагъиралъе тIоцебесеб бакIалда вукIунаанила Расул. ХIамзатил цIикIкIарал васал МухIамадги, Ахилчиги, ХIажиявги гIодоре риччарал, кIицIул кIалъан гIадлу гьабизе кколарел васал рукIанила Расулида данде. Бищун гьитIинавги вукIун, кIарчамавги вукIун, киназдаго берцин бихьун букIунаанила Расулил бегIераб мацIги, рицунел кепал жалги.

Радал годекIаниб киназго тIамулаанила инсул кучIдул цIализе. Лъица малъарабали, Расулида малъун буго, кечI цIаларалъухъ гIарац кьезе кколин дуе, кьечIони цIалугеян. Расулицаги байбихьун буго гIарцухъ инсул кучIдул цIализе. Гьеб лъараб мехалъ ХIамзатица Расулие гIадлу гьабула, жиндицаго кучIдул цIалулеб мехалъ цогидаб рокъове витIулев вукIун вуго. Гьесие гIолаанила ракIалда кечI чIезе цохIо нухалъ инсуца цIалулеб рагIарабги.

Расулица жиндицаго байбихьула кучIдул хъвазе, гьел инсул кучIдул ругилан цIализе. Цо ЦIадаса чияс ХIамзатида абула – дурила цIакъал гIенеккизе бокьулел магIнаял кучIдул рукIанила, гьанже кучIдул расги рекIее гIечIила, щибдила дуе лъугьараб?

Гьеб мехалъ лъала ХIамзатида Расулица кучIдул хъвазе байбихьун букIин, инсулилан цIалулелги рукIин.

Дир эмен районалъул газеталъул редакторлъун вукIун вуго НКВДялде хIалтIизе иналде цеве. Расулил цо жиндирго автобиография бицунеб кочIолъ рехсон буго – тIоцебехъе районалда гIуцIараб кочIол олимпиадаялда живго цеве вахъин.

«Батировас ургъараб КочIол олимпиада», – йилан хъвалеб буго гьес. Гьелдаса хадуб къадал газеталдаги школалда; районалъул газеталдаги рахъулаанила тIецерехъе жиндир кучIдул.

Гьедин, соналдаса соналде байбихьана Расулил гьунар машгьурлъизе, кIудияб гIезе, камиллъизе. Расулил гьунар буго нилъер багьа гьечIеб хазина, наслабазе хутIизе бугеб бечедаб ирс, Дагъистаналъул цIар сонал анагIан тIолабго

дуниялалда рагIизабизе бугеб цIумур. Гьесул кIалги, берги щвечIеб цониги рахъ гьечIо гIумруялъул. Щибаб рахъ рагьун бугеб гъварилъиялъул бицун хIал кIоларо. Расулил асарал цIалулаго бичIчIула гьесул лъаялъул борхалъи, гьесда лъалареб жо щибниги гьечIин тарихалъулилан ккола ракIалде. Дида цебе буго гьес нижер хъизаналъе сайгъат гьабураб «ГIумруялъул гьоко» абураб тIехь. ТIехьалда жанире рачун ругел асарал: «ЧIагояй аллагь», «ГIумруялъул гьоко», «Диван» абурал поэмаби «МагIарул рокьи», «Гьвелги, чолги, магIарул ясалъулги къиса» ва гь.ц.

Щибаб асаралъул бечелъиялъги камиллъиялъги гIажаиблъизе тIамула. Гъваридаб магIнаялъ, пикрабазул гIатIилъиялъ, мацIалъул бечелъиялъ пикрабалъе тIамула. РакIалде ккола «Диван» абураб поэма цIаларав чияс киданиги гIумруялда жаниб квешлъи гьабилариялан. Гьесда цебего кIудияб ургъел чIван буго дунялалъул гIолел гIелазе бугеб хIинкъиялъул. Гьес балагьулеб буго жиндирго асаралъ гIумруялъул магIна. Цо-цо гIадамазе гIумруялъул магIна батани кваналеб кванилъ, ретIунеб ратIлилъ, гIумруялдаса босулеб кепалъулъ. Поэтасул гьединазде щцим бахъуна.

Расулил гIумруялъул магIна буго – дунялалда рекъел цIуниялъулъ, гIадамазул гьудуллъиялъулъ, цоцада ричIчIиялъулъ, цоцазухъе бегьулеб гьудуллъиялъул квералъулъ. Жакъаги гьаб асаралъулъ буго бищунго цIакъ халкъазе хIажатаб пикру. Жакъа къоялъул ургъел Расулида цIакъ цебего бичIчIун букIун буго. ЧанцIул цIаланиги хIал хьолареб «МагIарул рокьи» абураб поэма. Гьелда жанир руго унго-унгоял бахIарчиял магIарулазул образал, щибав бихьинчиясги чIужугIаданалъги жиндилъго куцазе мустахIикъал хасиятал. Гьеб асар расги нахъе ккараб гьечIо «Хосровги Ширинги» «Ромео ва Джульетта», «ТIагьирги Зугьраги» гIадал классикиял асараздаса. ЦIодорай чIужугIаданалъ гьаб жакъаги тIаса вищула бечедав, берцинав яги кIудияб хъулухъалда вугев чи гурев, цIодорав, лебалав, бахIарчив бихьинчи.

Расулил герояс абулеб буго:

> **…Дун ХIажимурад гуро,**
> **Амма дун хIинкъуларо;**
> **Гьидалъа Хочбар гуро,**
> **Амма дир хвалчен буго, – ян.**

Диего асар гьабураб асаралъул дица халат гьабиларо, гьеб цIаличIев чи ватиларо Расулил асарал рокьулезда гьоркьор.

Расулил асараз дун жеги гьитIинго асир гьаюна, гьанже цIар арав шагIирас гьединал гъваридал асарал хьваялда дица гIажаиблъи гьабиларо, амма дун гIажаиблъана газеталъул кагъаталда бахъараб Расулил тIоцебесеб тIехь бихьараб мехалъ.

Зайирбег ГIалихановасе битIун бачIараб тIехьалда Расулица хъван буго:

*«Хирияв Зайирбег! Дуда ракIалда вугищ кIалгIемерав, чанкIкIарав цо вас? Дуда гьев ракIалда ватани, гьес дуе сайгъат гьабулеб буго жиндирго тIоцебесеб тIехь. Дуца гьелъие къимат лъезе ккола.*

*Расул ХIамзатов».*

Зайирбегица гьебго тӀехьалда нахъа хъвалеб буго: «Вуго ракӀалда чанкӀкӀарав, кӀалбегӀерав вас – 20 векалъул вукӀинесев Пушкин» – илан.

Дица гьелда гӀажаиблъи гьабуна нухлул байбихьудаго, Зайирбегица «балъго лъараб» гӀадин, Расулие кьолеб бугеб къиматалда.

Расулица Зайирбег рикӀкӀунаан жиндирго учительлъун. Гьесул столалда тӀад, цӀорода гъоркь лъун, кидаго букӀунаан Зайирбегил сурат. Хунзахъеги вачӀун гьев киданиги Зайирбегиде щвечӀого чӀолароан. Дун гьитӀинго ругьунлъараб бакӀ бугин гьабилан абулаан Расулица. Расулил гӀемераб мехалъ гӀодов чӀезе заман букӀунароан.

Цо нухалъ Расулица абуна – гӀорцӀизегӀан Зайирбегихъ гӀенеккизе щолеб гьечӀила, нужеца гьесухъ бугеб хазинаялдаса пайда босичӀого тогейилан. Нижги: дунги СагӀитги, регӀарал чагӀи рукӀинчӀо, школалда кӀиго сменаялда хӀалтӀулаан. Росулъ доб мехалъ цо гурони школа букӀинчӀолъиялъ, кватӀун щолаан школалдаса рокъоре. Хъизан, лъимал, магӀишат, тетрадал, планал – чӀезе щвараб сагӀат букӀунароан дир. Зайирбегица абулаан нужги гӀенеккизе регӀуларого, хабалъе босизе ккезехъин бугебщинаб бечелъийилан. Нилъеда кидаго кколаро умумал хвелалан. Гьел цересa араб мехалъ хутӀула кверал хӀанчӀулел.

Дица гьаниб кьолеб буго Расулилги, гьесда аскӀор ругел СагӀитил, СагӀитил яц м.ч. Умужатилги сурат. (Сурат лъезе гьоркьоб).

Заирбегица бицунаан: «Гъазул дора рукъалъ рукӀанила кӀиго гӀурус яс – хӀалтӀизе Хунзахъе рачӀарал. Расулил цӀакъ рагӀи данде ккolaанила гьезулгун, чӀахӀиял классазда цӀалулев чи, гьев гӀемер вачӀунаанила гьезухъе. Расулица жиндирго тӀагъурги бахъун, тӀад лъолаан жиндирдир тӀагъур, цинги унаанила ясазухъе гьоболлъухъ».

Зайирбегиде щвезе унев вугилан жеидедаги абун «яс багьана, бабай кариш»-илан абухъего бугилан кколила Расулил рагӀийилан велъанхъулаанила ХӀамзат.

Гьеб сураталда рахъараб гӀужда лъимал ругеб мехалъ, Зайирбегил лъади Мухлисат хола. Хунзахъе больницаялде яӀчарай цӀа-каналъул унти (корь) бугей гӀаданалдаса унтиги бахун. Гьей гьоболалъе хъулухъ гьабулаго, Мухлисатиде унти бахуна, больницаялде иналде цере гьел Зайирбегил рокъор рещтӀун рукӀунаанила. Гьобол сахлъула, Мухлисат хола. СагӀитие букӀуна 13 сон, яцалъе 5 сон. Гьеб ракӀбакъвараб заманаялъ, мех-мехалъ СагӀитги Умужатги Хъандулалъ рокъоре рачун унаанила, гьел реэдулаанила, эбелалъ гӀадин.

Гьей хвараб мехалъ гьабураб буго ХӀамзатил магӀу.

**БухӀулеб рекӀелъан кӀанцӀараб хӀухьел**
**ХӀехьезе кӀвечӀого къватӀий рехизин.**
**Каранлъ рекӀун бугеб цӀадул карачел**
**ЦӀилалъ квалилалде каву рагьизин.**

**Мокъокъ тӀаса араб тӀанчӀазул босной**
**ТӀаде ячаралъул хьибил лъеладай?**
**ТӀавус бортун арал билал рагъабахъ**
**Цоги гъалал багӀар гъул-гъудилелде.**

**Бесдал эбелалъул хъачIал квераца**
**Мугъзалъдай цIинкIкIила дур СагIитида.**
**Ццим бахъараб къоялъ къисас босизе**
**Къвалакьдай хIунсила Умужатица…**

Зайирбегица гьаб нилъер хатIалде буссинабураб тIоцебе къватIибе бачIараб «Асарал» абураб цIахIилал мужалатал ругеб ХIамзатил тIехьалда, мужлаталъул жанисеб рахъалда чIедераб кагътида ХIамзатица гIараб хатIалъ хъвараб кечI буго седон. Гьеб кечI тIоцебе СагIит школалде араб къоялъ хъван буго. ЦIадаса ХIамзат гьеб къоялъ вачIун вукIун вуго гьазул дове. Суратги буго гьеб къоялъ бахъарабилан абулеб. ХIамзатица жив кодове вачанила, жинда тIоцебесеб цIалул къо барканила, цинги инсуда кагъатги ручкаги гьарун, накалда тIад тIехьги лъун, гIодов вукIун вугеб бакIалда цо жо хъвазе лъугьанила. Гьеб кечI жиндие сайгъат гьабураб бугилан бицунаан СагIитица.

**…Воре цIале, цIале, цIале, дир цIодор,**
**ЦIияб ватIан тIегьазабе, берзул нур.**
**БецIлъиялде данде рагъ бай, багьадур,**
**РакIги мацIги бацIцIад цIуне, цIалдохъана…**

Рагъул захIматал соназ цIакъ мискинги рукIун руго росдал гIадамал. Дол соназ Хунзахъ райкомалъул секретарьлъун вукIун вуго Къадиев АхIмад Ибрагьимович абулев Дурангъиса чи. Гьев вукIанила цIакъ ХIамзатил асарал рокьулев чи. Гьев Зайирбегил лъикIав гьудул-гьалмагъги вукIун вуго. Дос Зайирбегида тIадкъала жакъа яргъил бакIалда чIолел асарал хъвалев ХIамзатил кIудияб хъизанги бугила, цо гьесие хIажатаб щиб бугебали лъазе гьабейилан, гьев нилъеца цIунизе кколилан. М.ч. Гьеб гара-чIвариялдаса хадуб Хунзахъ райпоялъул председательлъун вукIарав ХIаштIихица гьакидаги лъун, щвезабула ХIамзатил рокъобе ролъги цогидал квание хIажалъулел нигIматалги. Гьедин тIалабги хIурматги гьабулеб букIун буго гьунар бугев чиясул доб заманаялъ.

Расул вукIана дирги СагIитилги берталъ тамадалъун. Гьесда цадахъ берталъе рачIун рукIана Москваялдаса рачIарал Расулил кIиго гьоболги (гьезда цIарал лъаларо) гьесул кIудияй яс Заремаги. Бертин букIана кIудияб, аваданаб. Киназулго пикру буссун букIана Расулиде. Гьесул махсарабиги рицунел кепал жалазги асир гьабун букIана киназего. Цояс абуна ракIалдаса инчIого рукIине Расулица абулел жал хъвазе бокьилаанилан. Гьеб рагIарав Расулица жаваб кьуна – ургъел чIвагейила жиндица абурабщинаб жо КГБялъ цо рагIи гьоркьоб биччачIого хъвалилан. Киналго релъанхъана. Дун йигеб рахъалдехунги вуссун Расулица абуна: росасе аралго гьунар бугел ясаз хъвадари жибго толила, лъаларила гьелъие гIилла россалищ, яги цоги батIиябищали. Адабияталъул рокъое ккарай Залмуца гьабилареб батилила поэзиялъе хиянатан.

Дун, гIолохъанай учительница, хIалтIуде машгъуллъана, учителасул хIалтIи дие кидаго бокьулаан. Институт лъикIал къиматазда лъугIаниги, хIалтIулаго бичIчIана гIемераб жоялде тIаде юссине кколеблъи, щибаб классалда дицаго кьолеб мацIалъул методика лъазе кколеблъи учителасул хIалтIи чIечIого цIалдезе кколеб пиша бугеблъи.

Цоги, дир эбелалъе бокьулароан дица кучIдул хъвазе, дун гьезде юссине. Эбелалъ, дун росасе иналде, цIаги гъун бухIана дир бахъизе хIадурараб тIехь, гIемерисел черновикалги. Школалдаса рокъое щвелалде каву бакьулъ батана рохьдол гъуни. Гьелъ дир цIакъ ракIбекизабуна. Цо лъагIелалъ дица щибго хъвачIо. Росасе ун хадуб шагьаралде арав Зайирбег вачIунаан жинда кIудияб гIайиб гьабунила Расулица нужеца гьелъул гьаракь къине гьабунилан. Бицедила дуе СагIитица квалквал гьабулеб бугищали, жиндица гьесда хIакъаб ргIи абилила. Дица абулаан – гьечIин, хIалтIудаса регIуларого йигилан. Дун эбелалъ бухIараб, бахъизе хIадурараб тIехьалъул бицине нечана. СагIитги вачIунаан эхеве анщинахъе Фазуцаги Расулицаги гьарурал гIайибалги раччун.

Дица цIидасан эбелалъ бухIараб «Намус» абураб поэма хъвана. Гьеб тIоцебе Фазуца «МагIарулай» журналалда бахъана. Дицаги цогидал дун гIадиназги хъваялъе гIоло щиб, хъварал асарал рахъизе издательствоялъ рес кьолареб букIиндал. КIудиял поэтазе гурони тIахьал рахъизе изну букIунарилан абулаан ГIабасил МахIамадица – Дагъиздаталъул редакторас.

Гьаб дир суал тIокIаб халат гьабиларо.

Расулица дида абуна Хунзахъ тарихалъул бакьулъги йикIун, мун хъвадаричIого чIезе бегьуларила, дур бугила дуцаго бижараб гIадинаб берцинаб мацIги. «Вернись к истокам» – ан абуна гьес гIурус мацIалъ. Цин заманаялъе данде ккечIого, цин регIел ккечIого хутIанила жиндихъа хъвачIого, гьеб дуца ргIалде бахъинабизе кколилан. Гьев цIакъ вохун вукIана дица «Бахубика», «ХIажимурад»-ги хъвараб мехалъ. Жиндие бокьун букIанила ХIажимурадил хIакъалъулъ хъвазе гьеб жиндихъа хутIанила. Дуца хъвалеб бугеблъи лъарабани жинца дуе дагьабги материал кьелаанила цо-цо фактазул. ЦIидасан дагьалъги хIалтIизе кколила мун ХIажимурадил асаралда тIадилан абуна гьес. Цебесеб замана гьеб нилъер наслабазда кIочон тезе бегьуларила. Жиндица цо кочIолъ гьадин хъван букIанила:

**…Цебесеб замана – гьеб заман гуро,**
**Жакъасел къоязде къваригIинчIони;**
**Цересел бахIарзал – гьел бахIарзалищ,**
**Жакъасеб яхIалъе хIажалъичIони…**

Расулиде щвезегIан гIелалдаса хадуб хъвадарухъабазул лъилнигиян абизе дун хIинкъиларо, гьесул гIадин ргIа-ракьанде щун улкаялъул гIунгутIаби какараб поэзия букIинчIо.

**ХIалтIи дагьаб, хIакимлъи цIикIкIараб…**
**Заман кинабго ишги гьабун, дица кеп босулеб,**
**Лълъарги рачIги чияе кканиги,**
**Ччунги кунги босеян дир столалда**
**Кинабго рекъезабун сокIкIунеб**
**ТIатIул гургадухъ гIадин, дун балагьулеб,**
**Хъулухъ кье дие, хъулухъ кье дие…**

Чан хIалихьатие лъай-хъваялъухъ балагьун, гIагарлъи-божилъиялъухъ балагьун хъулухъ щвараб? Лъида бихьараб гьединазул социалияб гьумер Расулида гIадин, лъица хIинкъичIого гьеб какараб?

КигIан кIудияб хъулухъалда гьел рукIарал ратаниги, хIинкъичIо Расул гьезукьа.

**…Дихъе бачIараб дело**
**Дица цо цIалуларо**
**ЦIайи кинаб бугоян**
**Квераз гьанкIезабула.**
**Гьалъухъ дий щибдай щвела**
**Щугоги дий дагь буго,**
**АнцIазарго, хех давай…**

Дида бицунеб рагIун букIана депутатлъун вугеб мехалъ СССРалъул Верховный Советалъул членлъунги вукIарал соназ гьес, махсараги хIалай ккун, цо-цо кIудиял хъулухъазда ругел хIакимзабазда кIалъаязда рехулел рукIарал рагIабазул ганчIазул, кьолел рукIарал гIакълабазул. Гьелъул хасаб тIехь гьабунани, гьеб кигIанги пайдаябги интересабги букIинаан. Гьесда кIолаан махсароялъулъ гъваридаб магIна лъезе. Гьесул гьеб велъулаго, мекъи бихьилареб хIалалъ абизе Аллагьасго кьураб гьунар букIана.

Советияб хIукумат биххаралдаса хадуб гIемерал квешал лъугьа-бахъинал ккана «Дир Дагъистан» абураб тIехь хъварав поэт щокъроб магIил гороги къан, угьдана – гьеб дир Дагъистан гурилан. Гьесул къоял унел рукIана лъикIалщинал камиязул хIисабалда. ЛъикIаб ана, гьеб хисун жеги цIияб лъикIаб щолеб гьечIилан абулаан шагIирас.

РакIалда гьечIо (журналистасул цIар, цебего цIалун букIана), журналистас Расулилгун гьабураб гара-чIвариялда букIана гьадин: «Ццидалай, хъачIай лъадиги йиччан тун, ячарай «хъахIбаялда» релълъун бихьулеб бугила жиндида гьаб замана, цеесей лъадулги хIехьезе бегьулеб хIал букIинчIила, цIияй ячаралъги гIумру рогьояблъун ккезабун бугила» – ян. Цо дандекквей бихьулищ поэтасул цIияб заманаялъе къимат кьолаго. ГIадан учузлъараб, къайи-къоно хиралъараб заманаялъ поэтасе рекIее зулму гьабулеб букIин бихьулеб буго гьесул жавабазулъ.

Бищунго бихьинчи талихIав вукIине ккани (дида цо гIакъилав херав чияс абулеб рагIана), гьесул йикIине кколила росасул къварилъиги, гIатIилъиги, гIунгутIабиги, жанисеб чорхол хIалги битIун бичIчIулей лъади. Гьединай лъадуда аскIов бихьинчи, щиб бихьаниги, гIадада холарила. БахIарчиясде бачIунеб бищун кутакаб балагьги камиги бугила гьединай лъади хвей. Гьеб къварилъи гьесие хисулеб жо щибниги букIунарила.

Дагъистаналъул хъвадарухъабазул (магIарулазул) бищунго лъудбузул рахъалъ талихI кьурал рукIана Расулги Шамхалов МухIамадги. Шамхаловасул лъадуца гьев хун хадуб рукIалиде бачана гьесул архив, хIадурана цIияб тIехь. Гьей йикIана гIурусай, Ленинил орденги доб заманаялъ лъикIаб хIалтIухъ щварай гIадан. Шамхалов СагIитгун цадахъ хIалтIулев вукIиндал дида гьезул хъизам лъикI лъалаан. Дир инсулги Шамхалов МухIамадилги букIана цебесеб гьудуллъи-божилъи. Нижецаги гьабуна гьесул лъадуе цо-цо хъвай-хъвагIаял гIуруса мацIалда (подстрочникал) руссинаризе кумек.

ПатIимат хвана Расулидаса цее. Ниж гьей захIматго йигей ахирисел къояз ун рукIана Расулихъе. Гьев лъимер гIадин гIодана – уней йигила жиндир ПатIимат,

кIвечIила жинда гьелъие кумек гьабизе, чIобоголъулеб бугила жиндие дунял. Цадахъ магIу бацIцIун гурони, гьев гIодове виччалеб рагIи нижеда батичIо. Ниж рукIана Расулил богорокъор гIодор чIун. Гьединай гIадан тIокIай цониги йижичIилан абулеб букIана шагIирас…

Дида гьедин лъадул хвел захIмалъарав чи рагIичIо. Гьей йикIана гьайбатай гIадан. Бечедав инсул рокъой гIурай яс йикIаниги, дунялалдаго цIар рагIарав, дуниялалъго къимат гьабулев росасул лъади йикIаниги, чIухIиги гIамалкIодолъиги, гIумруялдаса ракIрегьинги лъиданиги бихьизе течIей. ГIадатлъиялъ берцин гьаюрай гIадан. Киданиги дида гьей я Хунзахъе, я ЦIадае ячIараб мехалъ, яги батIи-батIиял бертабалъ, байрамазда, юбилеязда йихьичIо тIасан борчIараб ретIел ретIун, гьелъ килщида ххун букIунаан цо баргъич. Гьей гIадамалгун кIалъаалан гIадатго. Бокьулароан гьелъие тIокIал, тIасан ккарал жал. ЦIигьулдерил руччабаз бицунаан гьелъ росулъе ячIараб мехалъ ясазул рихьарал колготкаби рукъулилан. «Дуцагийищ букъараб жо лъималазда тIад ретIунеб?» – илан руччабаз гьикъараб мехалъ, гьелъ жаваб кьун буго: «Дир нужедаса батIияб жо щиб бугеб? РетIелги, ретIел гуребги пасат гьабизе дун Аллагьасукьа хIинкъула» – ян. Гьей жийгоги йикIана берцинай гIадан. ГIадатлъиялъги гьей дагьайги берцин гьаюн йикIунаан. Кидаго Расулил ургъалида, гьесие гьекъезе бегьулареблъи лъаниги, гьесие гьеб кьолеб бугилан пашманго йикIунаан м.ч. ПатIимат.

Москваялда нижер вас цIализе лъугьунеб сон букIана. Дунги СагIитил «Киевский» метроялда поезд бачIинегIан чIун рукIана. Вачун цо чи нижеда тIад хурхана. Гьев вукIана Шахтаманов (м.ч.). Гьикъа-бакъарана.

– Нужер рещтIен киб бугеб? – ан цIехана гьес.

– Ниж кидаго рещтIуней гьобол йиго цо гIурусай, гьелъухъ рещтIуна ниж, – ан жаваб кьуна нижеца.

– Нуж Москва бакьулъ «граф» Шахтамановги тун, гIурус кIодол дора щиб гьабулел? Нахъе къайи-къоноги босе, хех гьабун дир доре рилълъине ккола, – ян чIана гьев.

КигIан нижеца инкар гьабуниги, гьес ниж течIо, таксиги ккун, ретIел-кун нахъе босизе ана. ГIумархIажиги Эллаги рукIана Переделкиноялда. Цо–цо рокъореги рачIунаан. Цо сордоялъ кIалъан вачIана Расул. Дица трубка кодобе босана, щияли бицана. Расулица абуна:

– Гьев ГIумархIажийищ нужее дидаса цевесев ватарав? Нуж гьесул гьенир рещтIине. Дица бицана ккараб жо. СагIитги рокъов вукIинчIо дунго гурони.

Расулица абуна жиндие ГIумархIажихъе зигардиялъ вачIине бокьун бугила (доб букIана ГIурмахIажиясул вац хвараб мех), гьев вачIараб мехалъ жиндихъе кIалъайилан, ПатIиматил ццим бахъине бокьун батичIони жидехъеги рачIайилан, адрес бицана.

Шамат къоялъ Расул вачIана ГIумархIажихъе.

Гьезул цоцаздехун бугеб адаб цоцазе хиралъи дида тIоцебе бихьана. Диваналда гIодор рукIун ругел гьез цоцазул гъежда лъун рукIана кверал. Цогидаб хабаралдаса хадуб, бицана поэзиялъул ва поэтазул. Расулица ГIумархIажиясда абуна Ленинил хIакъалъулъ поэма хъвазе кколин. Гьеб «халкъияв поэтасул» цIаралъе чара гьечIого хIажатаблъун бугилан. КIванагIан хехго хIалтIи лъугIизеги гьабейилан. Буго ГIумархIажиясул гьеб поэмаги

доб мехалъ хъвараб. Гьеб цIар кьезе хIалтIи гьабулеб мехалъ гьезда гьоркьоб мацIихъабаз бана гъегъ. Ана гьунар кIудияв поэт гьеб цIар щвелалде хабалъе.

Гьеб сордоялъ кIиявго кIудияв поэтасда ракIалде щвана цо гIаракъидал шишаялъул ккараб кепаб лъугьа-бахъин.

Гьекъолеб жо щолареб заманаялъ Эллаца «на черный день» цIунун букIуна цо гIаракъидал шиша. Расул вачIуна гьоболлъухъ, лъади рокъой йикIунаро. Гьеб тIаде кIул рахалеб гьитIинаб тумбочкаялъуб регулеб рокъоб цIунун букIуна. ГIумархIажияс кIул балагьула, амма батуларо. БукIаниги кIола зарал ккечIого гьеб ричIизе. Босун кIудияб шприцгун, цIакъ мухIканго, къватIибе цIала гIаракъи, Гьебго исприцалъ жанибе лъимги тIун, шиша лъола букIаралъуб. Уна гьоркьоб заман. Расул нахъеги щола гьоболлъухъ гьазухъе. Гьалбал берцинго къабул гьарулей Эллаца, йохуца холаго, шиша къватIибе бахъула, цебе лъола. КIиявго поэт цоцахъ ралагьула, рохараб ххвел гьабула, дагьа-дагьаб лъимги гьекъон, Элла тохлъарайго, гIодобе тIун, шиша чIехьола. Лъади гIажаиблъула цIакъ хеккого гьекъон бахараб шишаялда.

Ниж нахъияб сордоялъ Расулил доре ана. ПатIиматица нижехъ букIараб жо нахъе босун ана. Гьеб «бегьулареб» жо босунилан гIайибги чIвана…

БукIаниги кваналеб мехалъ Расул чIечIо цо «дагьабжо» цебе лъечIого. Дир учителасул васасул дуца хIурмат гьабулеб гьечIилан чIана.

– Расул, цо гурони ургьисала гьечIев, цохIо вугев васасе дуца гьеб тIуни, дудаса Зайирбег разилъуларевлъи лъалилан ПатIиматги чIана. Гьасул вас Москваялда бищун лъикIаб цIалул заведениялде ворчIун вуго, цо гьеб чуризе цо-цо жо тIе, тIокIлъи кIваричIин чIана Расул. ПатIиматица, кин букIаниги, цIакъ дагьа-дагьаб жоги тIун, коньяк нахъе босун ана…

Гьеб сордоялъ Расулица бицана цо кепаб лъугьа-бахъин коньякалъул хIакъалъулъ. Киб бахчаниги батулила гьелда жиндир шиша, я тIахьазда нахъа, яги чIехьарал шушбузда нахъа, гьей яккулареб бакI букIунарила. Ахир жинда батанила гьеб бахчизе бакI. Жанире лъугьунеб коридоралъул лъикIго эхедегIан къадада бугоан цо гьитIинаб нуцIа. Гьениб жаниб букIун буго счетчик. Къадалги Расулил квартираялъул рорхатал ругоан. Гьеб счетчикалде гIунтIизеги гьоркь бакI лъезе кколеб бугоан. Расулица хIадурула кIиго чIчIинтIараб ункъбокIонаб шиша коньякалъул. Счетчикалъул кIиябго рахъалда гьел шушби жанир дурус кколеб бакI батанила. Жиндица чIехьаралго кIиябго шиша бахъун къватIибе босулаанила, тукадаса босараб гургинаб шишаялъуса коньяк гьенибе тIолаанила – гьеб кIиябго гьитIинаб шишаялда жаниб дурус кколаанила. Цинги добе бахине гьабулаанила. Гьеб бакIалдеги якканила гьай. Я гьалдаса балъго киб лъуниги, гIаракъи батулила гьалда.

– Расул, дица гьеб диего гIолойищ гьабулеб бугеб? Дур сахлъи цIунизе гурищ гьабулеб бугеб? Дуда тохтирзабаз щибилан абураб? Мун гьедигIан чанкIкIизе ккани?

Расул велъанхъилев вукIана. Кванан рахъараб мехалъ Расулги СагIитги яс ПатIиматие щвараб цIияб квартира бихьизе ана. Гьеб букIана Расулил квартираялда гъоркь. Гьел тIаде рачIине цодагьалъ кватIулел рукIана. ПатIиматил рахIатхун букIана. Гьел цодагьабги тIаде жубазе гъоркь бугеб кафеялде ун ратилилан. Дица гьелъие ракI-макI гьабуна – СагIитица гьекъоларин, бегьулареб жо гьабизе гьел цадахъ ун ратиларин. Лъаларо щиб

ккарабали, амма гьел лъикIго кватIана тIаде рачIине. ПатIимат йикIана лъикIай хозяйка, тIагIамалда квен гьабизе лъалей. Гьей йикIана кутакалда искусство бокьулей. Гьеб бичIчIулей гIаданги.

1986-абилеб сон букIанилан ккола Хъвадарухъабазул совещание букIараб сон. Расулги ПатIиматги кIиялго гьеб соналъ Совминалъул больницаялда регун рукIана. Дунги СагIитги гьезде раккизе больницаялде ана. Гьел батIи-батIиял палатабазда регун ругоан. ПатIиматица абуна гьесде раккизе рачIунел гIадамал гIемер рукIиналъ, жий батIаго егун йигилан. Гьелъул «рожистое воспаление» букIана магIарул мацIалъ хъастIуян абулилан ккола. ПатIиматица бицана цIакъ ургъел бугила жиндие метер совещаниялъулан. Жакъаги тIаде рачIарал гIадамазул гIемерлъиялъ гьесухъа докладалде хIадурун бажаричIила, къасигIаги хъвалеб батилила Расулица. Гьелъ гьарана совещаниялдаса хадуб, ккараб куц бицине жиндихъе ячIаян.

Нахъисеб къоялъ совещание букIана. Расулида ретIун букIана цIахIилаб кьeралъул, химчисткаялда букIараблъи каранда ругел ишарабаз бицунеб костюм. Гьелъул тIаби мекъи рахан рукIана. Гъоркьан ретIун букIана багIарсиял кьeралъул гурде. Досул помощник вукIана доб мехалъ м.ч. ГIисаев МухIамад. ДосдагIаги кин гьеб бихьичIого хутIарабали лъаларо, тIабигIаги ритIун рахазе костюмалъул.

Доклад букIана Расулил рагIа-ракьанде щун гъваридаб кодоб кинаб букIаниги тIамач букIинчIо. Гьес цIакъ мухIканго, цониги миллат гьоркьоб биччачIого, жеги гIолохъанал хъвадарухъабазде кIал щун, гIатIидаб анализ гьабуна Дагъистаналъул литератураялъул. Рехсана лъикIал асарал, кIочон течIо тIаде кIвар буссинабизе кколел темабиги, рорхизе мустахIикъал суалалги. ГIажаиблъи гьабизе бачIана кодоб тIамачги гьечIого, цогидал миллаталъул хъвадарухъабазул гIурус мацIалде руссинарурал асарал ракIалдасан лъалел рукIиналъ. Литератураялъ кIвар буссинабизе кколел, гIун бачIунеб гIелалъе тарбия кьезе рес гьечIого хIажатал суалал рорхиялъ, къо-бахъанагIан цIикIкIун хIажат рукIиналъул ва гь.ц. суалал. Доклад букIана кIудияб, гIенеккун свакалареб, интересаб.

Хадув кIалъазе вахъарав Михалковас цIакъ кIудияб къимат кьуна Расулил докладалъе. ТIадеги жубанаб жив асир гьавунила гьадин гъваридго киналго Дагъистаналъул миллатазул литература Расулида лъалеб батиялъ. Жинда жакъа бичIчIанила гьадин рагIа-ракьанде щвараб анализ Россиялъул литератураялъул гьабун жиндихъа бажарулареблъи. Гьаб бугила къватIибе бачIарабщинаб асар бачIарабго Расулица цIалулеб букIиналъул хIасил.

Дун нахъисеб къоялъ ПатIиматихъе ана. Бицана кинабго. Костюмги кIочон течIо.

Лъабго, цоялдаса цояб лъикIаб, костюм букIанила шифоньералъул магIида бан. Балагьедила цо гьес тIад ретIун букIун бугеб жо. Гьесда щибниги лъаларила, рокьоб жиндирго ретIелгицин букIунеб бакI, мегеж кIкIвалеб жо букIунеб бакI. Лъимадухъе гIадин цо-цоккун кьезе кколила Расулихъе гьел. Цо-цо мехалъ чанцIулго тIад ретIараб костюм цIиябищан цIехолила. Кидал боссарабилан гьикъула.

Цо нухалъ Расул жий унтун больницаялда йигеб мехалъ Москваялде ахIун унев вукIанила. КIалъанила кибдила бугеб жиндир бритва, дур вазабазе гурони

гьаб рокъоб бакI гьечIила, дуниялалдаги жиндир бритва гьечIила. Жиндица абунила, Расул, мунго вегулеб кроваталда аскIоб бугеб тумбочка рагье, гьениб буго дур цо бритва, цогидаб дуца сапаралде босулеб дипломаталда жаниб. Нахъасаги кIалъан вачIанила жив самолеталде кватIизехъин вугила, жиндир цониги ретIине гурде батулеб гьечIила. Бицана. Рагье, бетIерчIахъад, шифоньер, гьениб дур чанго гверде буго, гьездаго аскIор галстукалги ругоян.

БитIахъе лъимер гIадинав чи вугила гьев. Гьесда лъалила цохIо хъвадаризе. Рокъов чи гьечIони, гьесухъа кванан бажаруларила. Цо нухалъ гьес чадил бакIалда бакъвараб речче кваназехъин букIун бугила, махIцараб чедгIаги рокъоб щиб гьабулеб? КIалдиб лъураб мехалъ букIараб санагIат гьечIеб жоян вуго абулев. Чед жаниб лъолеб алат столалда гIумруялъ бугеб, рагьизе бегьуларищ, речче кваначIогоян абунила жинца. Амма дун божулей гьечIо дуда. Доклад дуца дир ракI гIодобиччазе бецщун батила. Гьев рокъове ана жив доклад хъвазе инев вугилан. Лъазеги гьабуна тIатIа вусун – дуе жив контролалде восизе бокьулила, мун жиндихъе кIалъагейила. ЛъикI буго – кIалъароян абуна дица.

СагIат 11 тIубараб мехалъ кIалъан вачIана:

– ПатIимат, мун дихъе кIалъаге, дун доклад хъвазе гIодов чIолев вуго.

– Вай, хирияв Аллагь! Щиб гьабулевгIаги гьанжелъизегIан вукIарав? – ан гьикъана дица.

Чвархъан гьес трубка гIодоб лъуна.

ТIубана анцIила кIиго. Кьижун йикIана, бачIана цIумур, босана трубка кодобе.

– ПатIимат, мун диде кIалъаге, дун доклад хъвазехъин вуго…

Дир кIалдиб мацI цIорона. «Огьо-гьо!» – анги абун гIодоб лъуна дица трубка.

Расулил кидалго гIадат букIана киналго кьижизе регидал хъвадарулеб. ГьедингIаги батилин тана.

ГIемераб мех бана Расулица тIуризабураб макьу щоларого. Цинги гьебги щун кьижун ккана. БачIана цIумур. Жеги лъикIго рогьун букIинчIо.

– ПатIимат, мун дихъе щай кIалъачIей? Дуе ургъелищ гьечIеб дир докладалъул? Лъиего гьечIо дир ургъел…

– Вай бетIерчIахъад, мун чанцIул дихъе кIалъарав духъе кIалъагеян абизе? Гьанже дуца бицунеб жо щиб? Хъварабищ доклад?

– ХъвачIо!

– Щиб гьабулевха мун вукIарав?

– 13 кечI хъвана (велъулеб рагIана).

– Гьел цIалеха докладалъул бакIалда. Дуца дун тIадеги унтизаюна.

– Кинабго гIайиб диде.

Дица трубка гIодоб лъуна.

Бихьулищ цо пагьму-гьунаралъул хаслъи, сундулъго лъиданиги релълъинчIолъи

Цо нухалъ Расул нижеде вачIараб мехалъ, дица пурщаби гьаруна. Гьесие рокьулаан бакъвараб нисдал пурщаби. ПатIиматица гургинал гьарулила, дур гьал лъаббокIонал пурщабиги цIакъал рукIунилан абулаан гьес. БитIун кваналаго, цо-цоккун лъимал школалдаса руссана. Расулие саламги кьун, жидерго рокъорехун ана. Щибаб нухалъ гьес гьикъулеб букIана:

– Гьав лъил?

– Гьавги нижер вугоха, Расул. Цоясда дур цIарги буго. Цо Москваялдаги вуго гури. Бищун цIикIкIарав дова вугоха цIалулев. Расулица кваналеб букIараб пурщинадул мочIу гIодоб лъуна. Пашманго валагьунги чIун, абуна:

– Дидаса талихIгьечIев чи вугодай? Цониги вас щвечIо, ясазулгицин ясал руго, – ян.

СагIитица абуна:

– Расул, дудаса талихIав чи щив вугев? ТIолго дунялалда дур цIар лъала, мун кIодо гьавула. Дур талихI гурищ гьадинал кутакал асарал наслабазе тей. Улкаялъго мун кIодо гьавуна, чанги Дагъистан цадахъго чIухIизе бегьулел шапакъатал дуе щвана. Цо яс йигейанилан рукIуна ниж. Васал анцIгогIан лъикIал рукIуна ясал, унтидалги херлъидалги.

– Малидал гIоркь кквезеги вас вокьилаан. Дица чанго нухалъ росдалги районалъулги гIолохъабзада гьарана, дун кив хваниги, росулъ вукъизе восеян. Дун хIинкъун вуго ясазе дун гьанивго вукъизе бокьилилан, ПатIиматги гьез мукIур гьайилилан…

Хъван букIун буго ПатIимать цее хвезе. Гьей чIаго йикIарайани, лъаларо гьелъ Расулил мурад тIубазеги бегьилаан.

Расулил асаразулъги, гьесулгун цо-цо букIунеб букIараб гара-чIвариялъулъги загьирлъулаан гьесул ватIаналде, Дагъистаналде бугеб кIудияб рокьи. Гьесул рахIат хвезабулел жал Дагъистаналда гIемерлъун рукIин. Цоги гьесда гIадин Дагъистаналъул къварилъиги, гIатIилъиги, пашманлъи-рохелги бичIчIарал, гьелъул Расулица гIадин асаразулъ бицарал поэтал гьечIо. Гьесул асаразул аслияб тема Дагъистан бугиланги абизе бегьила. «Дир ракI мугIрузда буго», «Дагъистаналъул цIва», «Росулъе ругьел» ва гь.ц.

Ахириял соназда Расулица хъварал асаразулъ загьирлъулеб буго Дагъистаналъул ургъел. Гьес кутакалда рекIекълъун, угьун биччан, 90-абилел соназда абулеб буго: «Мун дир Дагъистан гурилан…» Гьесда бичIчIана Дагъистаналда цIияб гIел, цебе букIаралда релълъинчIеб гIел гIун букIин. Гьелъ гьесул керен хIалуцинабулеб букIана. Гьес хъвана поэма «ЧIегIераб ящик». Гьеб поэмаялъ гьесул рекIее захIматал цо-цо харбал раккизе байбихьана поэзиялъул гъварилъиялъул, магIна бичIчIуларел гIадамаз гьесде гIайиб гьабуна. Дагъистан МахIачевасе кьезе ккани, гьеб Расулил инсул ракьищилан абизе рахъарал гIабдалзабиги ккана. Гьесул ракI къварид гьабуна. ХIажие гуро Дагъистан Расулица кьолеб букIараб, ХIажил поколениялъе кьолеб букIана. ГIадада лъураб цIар гуро поэмаялда «чIегIераб ящик». ХIалхьезегIан гIунгутIаби рукIаниги цIияб гIелалъул гIунгутIабазда цадахъ букIана бажариги, таваккалги, гIумруялде гъираги. Расулил хьул буго гIунгутIаби къезаризе цIияб гIелалъул бажариги жигарчилъиги бергьинин. Ришватазги цIогьалъги багьизабураб Дагъистаналъул тIину регьезе гьезул бажари гIелин. Гьес гьеб къасидаталда жаниб рагьулеб буго жиндирго рекIел хIалуцараб хIал, вижараб ракьалъул ургъел, букIинесеб лъикIалде кIудияб хьулги. МахIачев гIолохъанаб мехалъ кинав вукIарав ватаниги, гьесул лъугьана унго–унгояв Дагъистан бокьулев, Дагъистаналъул гIадамазе бажарараб кумек гьабулев чи. Гьел гIодоса эхедего рацIцIадал, гIунгутIаби гьечIел пачалихъалъул бутIрул кида ва кир рукIарал? Нилъеда лъала Сталинилги Ленинилги ва цогидазулги медалалъул цогидаб рахъги. ГIунгутIаби цIехечIого, жидерго гIунгутIаби къезаризе чиясулъ бугеб бажари, жиндасаго жиндирго нафсалдаса бергьине гIадамасул бугеб чIаголъиялъухъ балагьизе ккола. Диналда жанибги гIадада бугеб жо гуро тавбу. Гьединазде гIайиб гьаби битIараб букIинищ?

Цо нухалъ дица ПатIиматида гьикъана:

– ПатIимат, гьедин мун хирияв, гьагъадинал берцинал кучIдул дуе хъварав Расул, киданиги дуе хилиплъанищ? Муиде МахIмудица хъварал кучIдуздаса нахъа ккарал гьечIо Расулил дуе хъварал рокьул кучIдул:

**…КIиго иццулаб бер цохIо надалда**
**ЦохIо дур кьунсрузул кьури гIолеб дий.**
**Нусго хIанчIилаб кечI гьеб мацIалда**
**Дур цохIо рагIиялъ гIадаллъулев дун…**

– Гьес гIададайищ абураб – дие нусго чIужугIадан йокьулин? Гьесул рокьи диеги гIун, тIасан гьелчолеб, чвалхолеб букIун батила. Гьев вуго гIумру, цадахъ аниги, вичIчIун вахъинчIев, щибаб нухалъ цIияв, щибаб нухалъ гIажаиблъизе тIамулев. Гьесул цохIо рахъцин лъаларо дида вац ХIажиясда релълъараб. Гьесда кIола бокьараб жиндаго ккараб гIайиб бацIцIине, ццин бахъараб мехалъ релъизаризе, пашманаб мехалъ рохизаризе. Гьев вуго гIажаибав инсан, дун гьевгун талихIай йиго, – ян.

Цо нухалъ ниж Нальчикалде дозул поэзиялъул байрамалде ахIун рукIана. Ниж рукIана гостиницаялда. Цо заманаялдасан тIагIана Расул. ВачIине кватIидал хадуй яхъана, цосина гьекъолев ватизе гурилан. Дица гостиницаялъул хIалтIухъаналда цIехана. Долъ бицана жиндадила гьев гьадаб коридоралъул тIарада бугеб номералде унев вихьанилан. Дун гьение ана, дагьабго квер хъварабго, къирадго букIараб нуцIа, рагьун ана. Вугоха цо гургинай гIаданалда аскIов диваналда гIодов чIун, гьелда къвалги бан. Дица рази гьечIеблъи загьир гьабуна, дун гьесде гаргадизе лъугьана. Дой гIаданалда бан букIараб къвалги нахъе босичIого Расулица абуна:

**Мун дир ЦИКги йиго, ЦКаги йиго,**
**Цоги дуй бокьани ООНги йиго,**
**Цо дур хIухьелалъухъ хIукумат кьолев**
**ХIамзатов какизе кин дуда нечоларей?**

Дун нуцIаги къан нахъе ана.

– Цинги?

– Щиб гьабилеб? Гьей лъикIай гьалмагъ йигилан абуна, кеп-гIоркь гьабуна. Гьесда лъала бокьараб жо тIаса ккезабизе. Дун некIого ругьунлъана гьесул лъугьа-бахъиназде, гьесул мунагьазде.

Цо къоялъ Расул рокъове вачIана хIалтIудаса, нилъ ГIазиз Кусаевас, чачаназул Хъвадарухъабазул союзалъул председателас, гьоболлъухъ ахIулел ругилан. ГьабсагIатго къватIире рахъине хIадурлъейилан. Гьел нижер лъикIал гьудулзаби рукIана, чанго нухалъ нижехъеги щун рукIана. Цере гьезухъе щвараб мехалъ нижеда цогидалги чачаназул хъвадарухъаби ратулаан ГIазизил дора, гьаб нухалда хъизан гурони батIияв чи гьечIоан. ХIадурун кинабго квен-тIехги батана столалда гIуцIун. ГIодор чIана, кванан, цодагьаб мехалдаса ГIазизги Расулги къватIирехун ана, хадувго Расулил шофер Зауpги ана. Дунги досул лъадиги гара-чIварун ругеб заманалда гьел тIагIана. Лъадуца абуна Хъвадарухъабазул союзалде ун ратилилан. Дида лъалаан халат кватIиялда хадуб лъикIаб жо букIунареблъи. Къаси кIалъан рачIана цо жидер гьалмагъ захIматго унтун жал ине кканила, ургъел гьабугейилан. Щив гьеван цIехолаго трубка гIодоб лъуна. Доб мехалъ мобильниял телефонал рукIинчIо. Лъабго

къоялдасан руссана гьел тIад. ТIокIал кIалъазеги кIалъачIо. Нижеца, лъудбуз, хIукму гьабуна россалгун барщизе. Руссараб мехалъги ниж кIалъачIо. Гьезул тIабигIаталъухъ хал гьабураб мехалъ бихьулеб букIана гьел кепалда рукIин. ГIазизиеги гьекъолеб жо тохтурас гьукъун букIун буго. Лъадуца гьекъезе квал-квал гьабулелъул, гьес балъгояб план ургъун букIун буго. Гьениб гIахьалъи гьабизе Расулги ахIун вукIун вуго. Гьел жидерго гьудуласухъе Тифлисалде ун руго. Гуржияздa аскIобе щвараб мехалъ гьезул букIараб жо бицинчIониги лъаларищха – лъадае гIологи чагъир гьекъолел гуржиял! – ан абуна ПатIиматица.

Дица цIехана:

– Мун халатккун барщун чIарайищ Расулидаса? – абун.

– Гьединаб мехалъ гьесда кIола дир гьесде бахъара ццим белъизабизе. Дагьаб мехалъ чIун йикIана кIалъачIого. Дида рагIана жиндирго кабинеталдасан Расулги ГIазизги цоцахъе кIалъалел. Гьас абулеб бугоан – жиндирайила жеги кIалъачIила, барщун чIун йигилан. Ургъел гьабугедила, ГIазиз, барщараб жага дагьабги гьуинаб букIунилан вуго Расул абулев. Дун ругьунлъун йиго гьесул лъугьа-бахъиназде. Чан гьел рукIарал! Кьвагьун хваниги чIечIо гьев гIумруялда жаниб жиндиего бокьараб гьабичIого…

Дир гIагарав чи Гъазиев Зубаир вукIана Расулил кIудияв гьудул, гьес херлъараб мехалъ цIакъ тIалаб–агъаз гьабулаан гьесул. ПатIимат божулаан цохIо Зубаирида, гьесухъ гьей гIенеккулаан. КIудияв шагIирасул сахлъи цIуни гьес рикIкIунаан тIадаблъун. Зубайирица, ххвел-кIеч гьабун, кампаниязда кIалдибе цо дагьабжо босун гурони, гьекъоларoан.

Дие бокьун буго цо Зубайирица бицараб бицинеги.

«Расулил гьавураб къо кIодо гьабулел рукIана гьесул дачаялда МахIачхъалаялда. Гьавураб къоялъ дагьабгIаги жо бегьаниги бегьичIониги гьекъечIого Расул чIелищ? Нахъияб къоялъ «похмелье» илананищ гъолде абулебали, Расулие ПатIиматица щвезе толареблъиги лъан, Расулил дачаялдаса гIемер рикIкIад гьечIого бугеб правительствоялъул дачаялда рукIуна МухIу Гимбатовичги Жамалудин Рамазановичги хIалхьи гьабулел. Гьез хIукму гьабула коньякалъул шиша, щиб гьабунги, Расулил гъобе борчIизабизе. Гьелъие цого-цо бугеб нух букIуна ральдадасан. Ракъадасан вачIунев чи ПатIиматица чIухь бан гурони, жанире риччалел рукIинчIелъул.

Ральдалъ чвердолел рукIарал МухIги Гимбатовичги Жамалудин Рамазановичги, росодаги рекIун, коньякалъул шишаги, закускаялъе бакъвараб ччугIаги босун, росоде рахуна. Лъим хъвазе жинда лъалин абула Жамалудин Рамазановичас. Кодоб шишаги ччугIаги МухIуца ккола, байбихьула лъедезе… Жамалудинил росодеги раханалдеги гьоркьобеги ккун, килищ чIчIинтIула. ХIалтIуе ярагьунеб хIал кверaлъул букIунаро. Лъим ххазе тIаде ккола МухIу Гимбатовасде. КIиябго дачаялда гьоркьоб нусго метрагIанасеб гурони манзил гьечIониги, лъим ххазе бугеб махщелалъул хIасилалда, кIиго сагIатниги бала Расулил гъоре щвезе. Бахчун салулъ шишаги тун, ральдал рахъалдасан гьал кIиялго жанире рорчIула. Цо тохаб бакIалда санагIат ккезегIан балагьун чIун рукIуна. АхIи бахъуна, тIад ретIел гьечIев цо-кIиго чи жаниве ворчIун вугилан. Гьеб ахIухъе Зубайир тIаде щола. Зубайирица гьезда тIад ретIине цо щиб бугониги балагьула. Жамалудин Рамазановичасда дачаялда ремонт гьабулев вукIарав слесарасул, тIаде гачги тIинкIараб ретIел дурус ккола. МухIуда дурусаб жо батуларого гIемеркъо бихьула, цо кIудияб размералъул хIалтIухъанасул халгIат гурони батуларо, тIаде лажбарги тIинкIараб жо букIуна гьебги.

Гьеб ретIелги ретIун, цо хьвавуда ругел гьазда аскIове вачIуна Москваялда вукIунев, (гьоболлъухъ вачIун вугев). Расулил шофер гуржияв. Гуржиясеги

похмелье хIажат букIуна. Гьев кIиявго «хIалтIухъанасде» аскIове вачIуна. Гьес бегьун бачIуна гIарац, гьарула цIакъ бетIер унтулеб бугин, гIолохъаби, жиндие цо гIаракъидал шиша босун рачIайилан. МухIу Гимбатовичасул ццим бахъунеб букIуна, Жамалудин Рамазановичас кIал цебе ккезабула, дуца гьеб ПатIимат СагIидовналъухъе кьейила, гьелъ гьебсагIат дур мурад тIубазе бугиланги абула. Гьев уна. Цо заманаялдасан рагIула ПатIиматил релъи – жинда гьаб рокъоб чанги жо бихьун букIанила, жакъа гурони жий лъицаниги гIаракъи босизе гъурщалги кодоре кьун, йитIун йикIинчIилан. Квеш-лъикI, цо-цо чайги гьекъон, ралъдал рагIалде уна. Гьениб лъиданиги лъачIого, гьезухъ балагьун чIун букIуна салулъ бахчараб коньяк...

Киназего хирияв Расул – Расул вукIинароан гьесул гIакъиллъиялда цадахъ кепал лъугьа-бахъиналги, махсарабиги, кополал «репликабиги» рукIинчIелани. ГIадатлъиялъги гIакъиллъиялъги берцин гьавун вукIунаан Расул. Гьесие лъикIаб «настроениялда» вугеб мехалъ жиндиегоги бокьулаан лъугьа-бахъиназул, ПатIиматие гьарулел махсарабазул копое бицине.

Расулида цIакъ цебего ургъел чIван букIана магIарул мацIалъул къисматалъул. Гьес гьеб темаялда тIоцебего хъвана кечI. РекIел ссудиги, рекIел бухIиги гIадада букIун гьечIо шагIирасул. Балагье жакъа къоялъухъ, жидерго гъасда лъикIго лъалесги лъаларесги хъурулеб буго гIурус мацI. БитIахъе ракI унтула мацIалъул букIинеселъул пикру гьабураб мехалъ. Расулие гIагараб инсул мацI, тарих бечедал магIарулазул, мацI хвей жиндирго хвелалде бащалъулеб букIараб батани, Расул гIадав магIарул бихьинчиясда жакъа гьеб сунда бащалъулеб бугеб? Щай гьезда ургъел чIвалеб гьечIеб миллаталъул букIинеселъул? ЦIале, магIарулал, Расулил «АвармацI» абураб кечI, цIаличIони, гIенекке, гьеб махщалида ахIулезухъ, авторасул шигIрияб философиялъ асир гьабуларищали бихьизе. Расулица хъварал нилъер лъикIал гIадатазул, гIамалалъул асарал дагьал гьечIо. Чорхолъ дагьабниги къадру бугев, чIухIи бугев чиясда нилъерго кьучIги, нилъерго ирсги кIочон тезе бегьуларо. Щай гурелъул, гьелъ нилъер чорхол хIалалъеги, рухIалъеги, яхIалъеги къуват кьолелъул. Расулил асарал рукIине ккола щибав магIаруласул столалда тIад.

Цо гIурусазул хъвадарухъанас Расулил «Къункърабазул» байрамалде вачIараб мехалъ абуна: «Расул лъикIал таржамачагIаз цIар рагIаравлъун лъугьинавуна» – абун.

Дица гьесие жаваб кьуна, кигIан кутакалда гьесул асар гIурус мацIалде буссинабун батаниги, шагIирасул оригиналалда бугелъул 70% гурони гьениб гьечIилан таржама гьабураб мехалъ.

КIудияб гьунаралдеги жахIта камулеб гьечIо.

ВатIаналде кучIдул хъвана чанги цIар рагIарал поэтаз Пушкиница, Лермонтовас, Есениница ва гьел гурел цогидазги. Расулица гIадин ВатIан гьез рагьун цебе лъечIо, халкъалъул гьес гIадин кIудияб рокьигун бицинчIо. Нилъеда лъала цIакъго гIолохъанго хъвараб («Релъи-хъуй гьечIого рохизе лъалел…») кечI. Гьесие ракI-ракIалъ бокьулаан ватIанги халкъги («Бокьула, бокьула дир гьитIинаб халкъ, бокьула, бокьула дир кIудияб халкъ…»).

Киве Расул щваниги, кинал пачалихъал гьесда рихьун ратаниги, ватIаналъул пикру букIана гьевгун цадахъ дуниял сверулеб.

**Гомерил ракьалда Грециялда**
**Дица цохIо дуде ахIана сарин.**
**Рафаэлил улка Италиялда**
**Унтана дир керен, дур хIисаб гьабун…**

Дагъаб кутакалда гьеб рокьи загьир гьабулеб буго «Росулъе ругьел» абураб къасидаталдаги.

Пушкиница хъвана: «Люблю Отчизну я, но странною любовью»; Лермонтовас хъвана: «Прощай немытая Россия, страна рабов, страна господ»; Расулие ватIан бокьула (не странною любовью, а страстною любовью). Гьелъул берцинлъиялдаги, наслабазул гIакъиллъиялдаса гьезул бер гIорцIулеб букIинчIо.

Цо ццим бахъараб мехалъ мун дир Дагъистан гурилан абуниги, гьесул ракIги рухIги букIана Дагъистангун. Гьесие гьеб бокьулаан риидалги, хасалоги, ихдалги. Бакъ щвараб мехалъги, гIазу балеб мехалъги.

Дир мадугьалалъул вац Заур (тумав) вукIана Расулил шофер. Гьес бицунаан Расулил гIажаибаб хасияталъул. Гьесие кутакалда цIад балеб мехалъ бокьулаанила, машинаялдаги рекIун, шагьар сверизе, доре тIаде Тпркиялде рахине. Гьес, ахIун, гьаракь биччан, рекIехъе цIалулаанила жиндирго кучIдул. Гьесул цIалиялъухъ гIенеккараб мехалъ кколаанила бугеб берцинаб мацIин магIарул мацIилан. Гьедин, цIад къотIизегIан сверулаанила жив Расулгун цадахъ. Гьес абулаанила: «Заур, дуда цIадаца ахIулеб кечI бичIчIулеб бугищ?» «ГьечIо, Расул». «Дида бичIчIулеб буго дуца цIалулеб кечI. Гьеб цIадае цIалулаго, дир свакараб бетIер чучулеб буго! Мун кидаго цIад балеб мехалъ дида хадув вачIа!» – ян.

Гьединав гIажаибав, тIабигIат берцинав, аваданав, гIадатияв, кутакаб гьунар Аллагьас кьурав чи вукIана нилъер Расул.

Ахириял соназ Расулица хъвана диналда хурхарал, цIалулесул рекIее кIудияб асар гьабулел асарал. «ГьечIо Аллагь гурев, цониги Аллагь…» абуна гьес.

Расулица Дагъистаналда цIилъараб диналдаса жиндирго рохел загьир гьабулеб буго «Эмен, тIаде вахъа» абураб кочIолъ. ХIамзат вукIана диналъул гIелму гъваридго лъалев чи. Какал гьукъарал соназ Рузман базе Даниялов вачIунев вукIун вуго ХIамзатил дове. Гьеб балъголъи цIунун букIун бууго анцIго рахаялда гъоркь.

Гьеб пачалихъ биххун хадуб бицана.

Расулица биххараб пачалихъалъул гIунгутIилъун, улка биххизе тIоцебе ккараб гIиллалъун рикIкIунеб букIана диналдехун букIараб квешаб бербалагьи.

**…Эмен, тIаде вахъа, дуда рагIизе**
**МагIарухъ махIмараз ахIулел какал.**
**Мажгитул къадазда гургинаб къадалъ**
**Къуръанул аятал аварагасул.**

**Дур хIинкъарал сонал, дир бикъараб ригь**
**Бакъ тIерхьунеб мехалъ рагьараб пардав.**
**Огь, гьаб дуниял, гIасру, миллион пикру**
**ГьечIо, Аллагь гурев цогидав Аллагь…**

ЦIакъ хIайранго, хIеренго бицунеб буго «Какил сагIат» абураб кочIолъ, гьеб сагIаталъе чиясе кьолеб хIикматаб лахIзаталъул берцинлъи?

**Какил сагIат, какил сагIат –**
**Бищунго камилаб сагIат.**
**Кинабго хIалимлъана,**

**Кинабго хIалаллъана.**
**Дир ккарал хIакъаздаса**
**ЧагIи тIаса лъугьана,**
**Киналго чагIаздаса**
**Дунги тIаса лъугьана.**

Хвалил пикрабаца рахIат толеб гьечIо шагIирасе. Гьел, вегараб мехалъ, «руккелал гIадин, къаданир» чIолел руго. Гьес суал кьолеб буго араб заманаялъе – жив Аллагьгун барщизавизе гIилла щиб букIарабилан, щиб рохел дуе гьелдасан щвварабилан. КантIиги тавбуги бусурманчиясухъе сагIаталде щвараб мехалъ бачIунеб батила. Расулил ахириял сонал рукIана дин рекIелъ бессарал, хъвана гьес гьелда хурхун философиялъулаб магIнаялъул асарал. Жиндирго гьоркьохъей яс ПатIиматгун цадахъ гьес борхана хIеж.

ХасмухIамадил тIехьалда хъвалеб буго Расулие цIакъ бокьанила живгун дандчIвазе. Гьес жинда гьаранила, мунагьалги чанги кканин, гьукъараб лъимги гьекъанин, рекIелъ Аллагь гьечIеб къо жиндир букIинчIониги, жив гьесда цеве гIайибияв вугин, малъейин жинда тIадал жал жинца гьел мухIканго тIуразарилин… ЦIакъ ракI бухIун бугин гIадада араб гIумруялдаса… – ян.

Гьеб дандчIваялдаса хадуб Расул баракат щваяв ЧIикIаса КIудиясухъе щун вуго.

Расулил аманат букIуна хабалъ КIудиясги (б.щ.) ХасмухIамадицаги лъезе. Жинда ургъел чIван букIанилан хъвалеб буго ХасмухIамадица, чIинчIикъаб лагаялъул чиги вугелъул, хIал гIелебдайин жиндир (б.щ.) ЧIикIаса КIудиясде данде Расулил жаназа хабалъе бегьизеян. Бегьулеб мехалъ гьеб жинда кканила, битIахъе гьорол тIамахилан. КIудияс, жинде вуссун, абунила: «Бихьанищ?» илан.

Гьеб буго Аллагьасда цебе гьабураб тавбуялъул кутак.

Дица гьаб макъала лъугIизабила гIурусазул кIудияв шагIир, гIалимчи Наровчатовасул рагIабаздалъун:

«Дида абулеб бугони нилъер заманаялъул бищунго лъикIал анцIго хъвадарухъанасул цIар абейилан, дица анцIгоясул цIарги абилаан, тIаде Расулги жувалаан. Дида абуни гьеб сияхI щугоядде щвезегIан къокъ гьабейилан – дица, гьелги рехсон, тIаде жубалаан ХIамзатовилан. Гьезда гьоркьоса цо цIар абейилан дида абуни – дица абилаан ХIамзатовилан. Дун гьесул асарал цIалулев вугеб мехалъ вукIуна гьесул халкъгун гаргадилев».

Гьединав вукIана шагIир Расул.

РухI алжаналъубе ккун батаги. Мунагьал чурун ратаги.

## ГЕНУБ РОСУЛЪА МАШГЬУРАВ ТАРИХЧИ ВА ХЪВАДАРУХЪАН МУХIАМАДНАБИ АХIМАДОВИЧ ИБРАГЬИМОВ

Дида цере руго МухIамаднаби АхIмадович Ибрагьимовасул тIахьал. Гьезул щибалъулъ буго магIарулазул гIумруялъул, хасго нилъер машгьураб, бечедаб, бахIарчияб тарихалъул, гIасраби аниги, лъахъвазе гьечIеб лъалкI.

МухIамаднаби АхIмадович Ибрагьимов гьавуна Унсоколо районалъул Генуб росулъ 1957 соналда. 1981 соналда гьес лъугIизабуна Дагъистаналъул пачалихъияб университет. ХIалтIана Генуб росдалги поселокалъулги школазда, мугIалимлъиялдаса байбихьун, батIи-батIиял хъулухъазда. Гьанже вуго пенсиялда.



МухIамаднабица цIалулеб заманалдаса байбихьун, аслияб хIалтIи-ишалда цадахъ кидаго кIвар кьолаан гIагараб ракьалъул тарихги, адабиятги, маданиятги лъазабиялде ва лъараб жо цогиязе гIахьал гьабиялде. Гьедин гьес хъвалаан газетазегун журналазе гIемерал макъалабиги ва цо-цо асаралги. Аслияб къагIидаялда хъвана магIарулазул тарихалда хурхарал асарал. Гьезул гIемерисел хъвана магIарул мацIалда, хъвана гьединго гIурус мацIалдаги. МухIамаднабица гIемераб хIалтIи гьабуна магIарул тарихги адабиятги цебетIезабиялда хурхун. Нужецаго хал гьабе МухIамаднабица къватIире риччарал тIахьазул сияхIалъухъ. Цо чиясул гIумруялда жаниб гьалгощинал тIахьал наслабазе ирсалъе тарав Генуса МухIамаднаби Ибрагьимовасул цIар гIасрабаз хутIила Дагъистаналъул тарихалда жаниб. Гьаниб цо-цо къокъалго баянал кьелин МухIамаднабица хъварал тIахьазе.

Гьезул бицине байбихьилин, МахIачхъалаялда 1997 соналъ къватIибе биччараб «Генуб. Тарихалъул нугIзал» абураб тIехьалъул тIанчалги регун. ТIехьалда бицунеб буго Генуб росулъ ругел цо-цо машгьуралги цIалдолезда лъикI лъалел рукIинчIелги тарихиял бакIазул хIакъалъулъ. ТIехь хъван буго магIарул мацIалда, цIакъ къокъго, гIицIго аслиял тарихиял баянал гурого гьоркьоре рачинчIого, тарихалъе мухIканлъи кьолел далилаздаги къучIал биценаздаги мугъчIвайги гьабун. Гьеб тIехьалдаса жидерго гIелмиял хIалтIабазулъ гIатIидго пайда босула Дагъистаналъул тарихчагIаз.

Гьебго соналъ МахIачхъалаялда басмаялда бахъана «Имам Шамил» абураб тIехь. Гьеб тIехьалда буго 1991 соналда Унсоколо районалъул «Ахихъан» газеталъул редакциялъул гьариялда рекъон хъвараб ва газеталда рахъарал

макъалабаздаса гIуцIараб тарихияб очерк. Гьеб асаралда бицунеб буго Шамил имамасул гIумруялъулги хIаракатчилъиялъулги аслиял рахъазул хIакъалъулъ. Гьенир руго жакъа къоялде щвезегIанги тарихалда жаниб мекъаб рахъалдехун сверизабулелллъун жал ругел Шамилил умумузда хурхарал цо-цо суалаздасан битIарал, тарихалда жидее далилал ругел ва имамасул цебесеб гIагарлъиялдаса рачIарал баяналги. Дагьалго тIадежураялгун гьеб асар 1997 соналда, Шамилил 200 сон тIубаялда хурхинабун, магIарул мацIалда басмаялда бахъана. ХIакъикъаталда гьеб асар ккола имамасе рахьдалаб магIарул мацIалда гьесул хIакъалъулъ хъвараб тIоцебесеб тIехьлъун.

«ГьаракIуниса СагIид» абураб мажмугI басмаялда бахъана 2005 соналда. Гьениб МухIамаднаби Ибрагьимовас бицунеб буго ГьаракIуниса СагIидил гIумруялъулги, хIаракаталъулги, лъай ва тарбия кьеялъул хаслъабазулги хIакъалъулъ.

2009 соналъ МахIачхъалаялда гIурус мацIалда къватIибе биччана «Муса Балаханский» абураб тIехь. Гьениб гIелмияб кьучIалда бицунеб буго XIX гIасруялда гIагараб ракьалъул эркенлъи ва чияда бачIеб гIумру цIуниялъе гIоло къеркьарав Шамил имамасул наиб Балахьуниса Мусал гIумруялъул ва бахIарчияб къеркьеялъул хIакъалъулъ.

2014 соналъ къватIибе биччараб «ЦахъахIил» абураб тIехьалда бицунеб буго XIX гIасруялъул ахиралда ва XX гIасруялъул авалалда вукIарав Дагъистаналъул машгьурав гугарухъан Генуса ЦахъахIил МухIамадил хIакъалъулъ. Спорт ва магIарул тарих бокьулезги, гIун бачIунеб гIелалъе тарбия кьолезги, цоги тIахьал цIалулезги пайда боси буго асаралъул мурад.

ВукIинесев машгьурав гугарухъан жеги кIалъазе лъалареб лъимерлъун вугеб заманалда эбел Зубаржат хведал, эмен ГIалилмухIамадица хьихьун вуго. Хадубги тIехьалда буго гьев чанго магIарул гугарухъанасдаса бергьиналъул, Темир-хан-Шураялде гочиналъул, хадув цIидасан росулъе вуссун, Нуцалханил ПатIимат ячиналъул бицен.

МухIамаднаби Ибрагьимовас тIехьалда хъвалеб буго ЦахъахIил вукIанила Дагъистаналъул гугариялъул ва тIолго спорталъул кьочIолъ щулаго жиндирго бакI ккурав чийилан. Гьесул кIварги бакIги жиндир заманалда кутакалда бихьулеблъунги хIажатаблъунги букIанилан ва гьесул гьунарги ишалги гIадамазул ракIазулъги ва халкъиял биценазулъги хутIанилан.

Гьале хадусеб тIехь – 2016 соналъ басмаялда бахъараб «АхIулгохIда ахирисеб хоб». Гьеб буго тарихияб къиса. ТIехьалда бицен гьабулеб буго Кавказалъул рагъул заманалда ккарал хIакъикъиял лъугьа-бахъиназул ва тарихалда лъалкI тарал гIадамазул хIакъалъулъ. Къисаялда аслияб бакI ккола имам Шамилил чIужу Жавгьаратил сипаталъ, гьелъул гIумруялъул хIакъалъулъ цереккун лъалел рукIинчIел баяназ. МухIамаднабица тIехь сайгъат гьабун буго миллияб тарих бокьулезе. Гьанибго тIаде жубазе бегьилин ккола авторасул гьадинаб мурадги: «Азаралда микьнусиялда лъебералда ичIабилеб соналъ АхIулгохIда букIараб гъазаваталда бахIарчиго рагъарал ва шагьидлъарал магIарул руччабазе сайгъат гьабула».

Гьаб тIехь цIалулаго ва гьелъул цIех-рех гьабулаго, дир рекIее бицун бажаруларебгIан кIудияб асар гьабуна,Таргъуялда ккараб гъазаваталъул хIакъалъулъ гIолохъанав Шамилица гьабураб марсият гьениб батидал. Бугилан бицен букIин гурони, гьеб марсияталъул мухIканаб хIакъикъат магIарул

цIалдолесе баянаб букIинчIилан ккола. Гьеб кIудияб, кIиго гьумералдасаги цIикIкIун бакI ккураб марсияталъул байбихьудасаги ахиралдасаги мухъал гьаб макъалаялде босичIого яхI гьабизе кIвечIо.

Байбихьудаса:

**ГIенекке, гIадамал, хабар бицинин**
**Хвалчадул балада би бетаразул.**
**Халгьабун бихьея, бицен гьабизин**
**Аллагьасул нухда рухI бичаразул.**
**Алжаналъул рохел жидей бицарал,**
**ХIабибасул хьибил жидеца ккурал,**
**АсхIабзаби гIадал гъазизабазул.**

Ахиралдаса:

**Гьал тушбабазулгун нижер рагъ ккедал,**
**Устар хIарбуялде хIадурлъун чIедал,**
**ХIамул гIурусазде ниж къачIадидал,**
**Воре, хIалай рачIа, хIадурал бацIал.**
**Я гьаб дунялалда нуж хвананиги,**
**Хабалазда жанир чIаго ругелъул,**
**Нижей кумек гьабе, ва гъазизаби.**

Къисаялда рехсаразул аслияйлъун имам Шамилил чIужу Жавгьарат кколелъул, АхIулгохIда гьей шагьидлъиялъул лахIзат рехселин, гьаб тIехьалдаса босун: «Жавгьарат ятIалъана гIумруялдаса. АскIой йикIарай ХIаскъилил ПатIиматица гьелъул берзул тIелхал данде рачана ва берал къанщизаруна. Разияб сипаталда, берцинаб гьурмал кьергун, кьижун ккарай гIадин, абадияб рукъалде къокъана гьей гьайбатай магIарулай. Хварай эбелалъул керен цIацIалев, вакъиялъ рухI лъугIун, гьелда тIад вегун вукIана СагIидги».

МухIамаднабица 2016 соналъ МахIачхъалаялда басмаялда бахъана «Ансадерил сверабазда» свери босидал (М. СагIадулаевасул тIехьалдаса цо-цо гъалатIазул хIакъалъулъ)» абураб тIехь. Гьениб бицен гьабулеб буго 1996 соналда басмаялда бахъараб М. СагIадулаевасул тIехьалда дандчIвалел ва ритIизаричIого теялъ тарих битIун бичIчIизе квекIен гьабулел цо-цо тарихиял гъалатIазул хIакъалъулъ. Гьаб хIалтIи ккоcosting гьесул тIехь какилъун ва гьелъие къимат кьейлъун. ТIехьалъул мурад ккола гIицIго цоги-цоги хъвадарухъабазги гьеб тIехьалдаса росулел ругел баяназулъ гъалатIал такрарлъичIого ва гIемерлъичIого рукIин. ТIехь хъван буго Дагъистаналъул тарих бокьулезе ва гьебгун хIалтIулезе кумекалъе.

Гьебго 2016 соналъ МахIачхъалаялда магIарул мацIалда къватIибе биччана «Шайих Ражабилав – ГIабдулагь-хIажи» абураб тIехь. Гьенир кьолел руго XIX–XX гIасрабазул машгьурав гIалим, динияв цевехъан, шайих Генуса Ражабилав – ГIабдулагь-хIажиясул хIакъалъулъ цо-цо баянал ва гьесул цо-цо шигIриял асарал. Динияб адабият ва магIарул пикручагIазул тарих бокьулел цIалдолез пайда боси ккола тIехьалъул аслияб мурад.

Гуржиялъе чабхъад хьвадулел рукIарал магIарулазул машгьурал церехъабилъун рукIана Гъойсубоялъул – гьанжесеб Унсоколо районалъул

росабалъа бахIарзал. Гъезул цIаралги гъунаралги рехсон руго магIарулазул халкъиял кучIдузулъ. Гъединал церехъабазул цоявлъун кколев, XVIII гIасуялъул ахиралда ва XIX гIасруялъул авалалда машгъурлъарав Унсоколоса ГIусманил НурмухIамадил хIакъалъулъ хъван буго МухIамаднаби Ибрагъимовас «Цевехъан» абураб къокъаб цIар лъураб кIудияб тIехь. МагIарул цIалдолезухъе гъеб щвана 2017 соналъ.

ТIехьалда бицен гъабулеб буго Дагъистаналъул чабхъадулазда гъоркьоса бищунго ахиралда вукIарав цIар рагIарав болцевехъан Унсоколоса ГIусманил НурмухIамадил гIумруялъул ва ишазул хIакъалъулъ. Гъев цевехъанасул мисалалда рагъулеб буго XVIII гIасруялъул ахиралда ва XIX гIасруялъул авалалда магIарул чабхъадулаз Кавказалъул гIумруялъулъ, рагъулал ва жамгIиялгун сиясатиял ишазулъ кколеб букIараб бакIалъул хIакъикъат, бицунеб буго магIарулазул анцI-анцI соназ халат бахъараб чабхъадул рагъазул ахирисеб бутIаялъул.

НурмухIамад жеги гьитIинго вугеб мехалда, чабхъад арав рос ГIусман гуржи ракьалда лъукъун, къадаралде щун, росулъе вуссинчIелдаса эбел ГIайишатица хьихьарав вас вукIана НурмухIамад. Гъев гIолохъанлъуде вахиналдего, хвана эбелги.

Цо нухалъ Гуржиялъе чабхъад араб мехалъ, НурмухIамадил лъай-хъвай ккола гIолохъанай гуржияй СопикIолгун. Гъес гьей, хъамун гурей, гьелъиеги бокьун, чода нахъаги рекIинаюн, магIарухъе цадахъ ячана. ГIагаралги къадаралде щун, жийго хутIарай, цIакъ къваридго йигей гуржи меседул рекIелъе кIудияб рохел лъугьинабуна гIолохъанав чабхъадулас.

Халат гьабун бицун щай, НурмухIамад балугълъана, чабхъаде гьев хьвадана, икъбалги битIги ккедал, бечелъана, росулъа берцинай яс Меседо лъадилъун ячана. Гьедин гIодобе биччан унеб букIана гIумру.

Амма… Гьале тIехьалъул «Цевехъан рокъов чIоларо» абураб бетIер. Гьадин байбихьулеб буго гьеб: «БацIица жиндирго ругьунаб гIамал толарин абухъего, чIужу ячун гIемераб заманго инчIого, чанго моцIидасан НурмухIамад цIидасан сапаралде къачIадизе лъугьана. Гьеб букIана азаралда микьнусиялда кIиабилеб сон. Рии гIагарлъарабго, гьес ансадерил бо бакIарана. ТIолабго жиндирго берцинлъи ва чалухлъи кумекалъе рачаниги, кIвечIо Меседода кьалул бахIарчи рокъов чIезавизе».

Гьелдаса хадуб кьун буго авторас Меседолги НурмухIамадилги букIараб гара-чIвари гIадин, цо лъицаялиго гьабураб кутакалда пасихIаб кечI. Гьениса чанго мухъ босилин макъалаялде:

**– НурмухIамад, берзул нур!**
**Дир гIумруялъул къилбар!**
**Кинго бегьуларищ мун,**
**ИнчIого рокъов чIезе?**
**ХIинкъи цIикIкIараб сапар**
**Дуе щай къваригIараб?**
**Мунан чапулей йигей**
**Дида щай гурхIуларев?**
**– Меседо, дуда бичIчIа!**

**ИнчIого кин дун чIолев?**
**Ахихъанги дун гуро,**
**БоцIул ишги дир гуро.**
**Дун чабхъенчи, рагъухъан,**
**Чол кьолонив гIурав вас!**

ГIумруялъул ахиралдехун ГIусманил НурмухIамад вукIана гIагараб росулъ бегавуллъун.

Цевехъан къадаралде щвана, гьединавго машгьурав цевехъан ХъахIабросулъа Хъаба-ГIалица горболъ ханжарги кьабун, чодаса вортизавун.

Гьел багьадурзабазда гьоркьоб кьал ккеялъе гIилалъунги лъугьанин бицунеб буго тIехьалда гьел кIиязулго гIухьбуз цин НурмухIамадил, цинги Хъаба-ГIалил рехьабазулъа гIиял рикъулел рукIин.

Гьединго тIехьалда бицунеб буго «ханзабазул багъа-бачариялъулъ» НурмухIамадил хIаракаталъул хIакъалъулъги.

«Цевехъан» абураб тIехьалдаса пайда босизе бегьула магIарулазул тарихги адабиятги бокьулез ва чабхъадулазда хурхарал суалазда тIад хIалтIулел махщалилаз.

2018 соналда МахIачхъалаялда гIурус мацIалда басмаялда бахъана «Джабраил из Унцукуля и артиллерия Шамиля» абураб МухIамаднабил тIехь. Гьениб бицунеб буго имам Шамилица гIуцIараб хIукуматалда гIарадаби гьариялъул хIакъалъулъ. Гьеб ишалъулъ бищунго жигараб хIалтIи гьабун буго Унсоколоса лъабавго имамасул кумекчи, гьунар бугев устар ЖабрагIил-хIажица.

Гьале МухIамаднабилункъого гьумер бугеб тIеренаб иргадулаб «МагIарул Лиза» абураб тIехь. Гьеб басмаялда бахьун буго 2019 соналда. ТIехьалъул ахиралда руго гьадинал рагIаби: «Хъвана 2019 соналъул ноябралда. Елизавета Семенюк гьаюралдаса 105 сон тIубаялде».

Щийха кколей гьей Елизавета Семенюк?

Гьей йикIана Дагъистаналда халкъияб лъай цебетIезабиялъул жигарай хIаракатчIужу, республикаялда тIоцебе Ленинил орденалъе мустахIикълъарай чIужугIадан, Дагъистаналъул мустахIикъай учитель, Унсоколо районалъул Рихьуни росдал школалъул директор, рахьдал мацIал цIуниялъул хIаракатчIужу, жамгIияй гIуцIарухъан, советияйгун партиялъул нухмалъулей хIалтIухъан, гIаданлъи цIикIкIарай инсан, «магIарул гIурусай», мугIалим. Елизавета Матвеевна Семенюкил хIалуцараб, лъугьа-бахъиназдалъун бечедаб, мисалияб гIумруялъулги жигараб ва баракатаб хIаракатчилъиялъулги хIакъалъулъ хIакъикъияб «МагIарул Лиза» абураб къиса хъван буго МухIамаднаби Ибрагьимовас. Гьеб къисаялда гьечIо лъугьа-бахъиназул цониги ургъун вахъарав гIахьалчи.

Гьаб хадусеб «ЧитIир тIезе течIев магIарул гIалим» абураб тIехь 2021 соналъ «Китаб» издательствоялъ къватIибе биччараб тIехьалда бицунеб буго XVIII–XX гIасрабазда Дагъистаналъул тарихалда лъалкI тарал батIи-батIиял гIадамазул ва, чанго анцIго соназул заманалда ккарал хIакъикъиял лъугьа-

бахъиназул кьучIалда, нилъер заманалъул исламияв гIалимчи, магIарул динияв цевехъан, магIарулазул жамгIияв хIаракатчи, хьиндалазул имам, мунагьал чураяв Рамазан-хIажиясул гIумруялъул хIакъалъулъ.

Гьесул хIакъалъулъ гьадин хъван батана тIехьалъул «Советияб заманалъул гIалим» абураб бутIаялда: «XX гIасруялъул лъабкъоялда анцIабилел соназде гьорлъе Рамазан лъугьана гендерица лъикIав гIалимчилъун рикIкIунев гIолохъанчилъун. Бугониги, жеги гIелму цIалулебги букIана гьес цоги гIалимзабаздасанги жинцагоги. Гьеб заман букIана гьесда хадуб хIукуматалъул хъаравулъи цIикIкIине лъугьараб заман».

Къокъго бицинин Рамазанил гIумруялъулъ ккарал хиса-басиязул. Гьес армиялдаса рачIун рукIуна цIиял лъикIал таргIалги сеткаги. Генуб школалъул физкультураялъул мугIалим Ражабиласул нухмалъиялда гьоркь гIуцIула торгIо хIалезул команда, Гьай-гьай, Рамазан вукIун вуго цевехъанлъун. Гьаниб тIаде жубазе ккола анцI-анцI соназ цересел бакIал кколел рукIанин гендерил командаялъ Унсоколо районалда тIоритIулел къецазда.

Рамазанил гIумруялъулъ цоги хиса-баси – гьес лъадилъун ячуна росулъа яс Хайрат. Бищунго цIикIкIун рекIелъе рохел лъугьараблъун ккана хадусеб лъугьа-бахъин – диналъе эркенлъи щвей.

Хадуселъул бицун халат гьабичIого, гьаб макъалаялъул ахиралде росизе рокьун руго Рихьуни росдада аскIоб машинаби цоцалъ речIчIун ккараб авариялъул хIасилалда захIматго лъукъ-лъукъун, больницаялде ккарав Рамазан-хIажиясул букIараб хIалалъул хIакъалъулъ Ибрагьимов МухIамаднабица хъварал рагIаби: «ТIубараб гIакълу-лъаялда гьечIониги, кигIанго захIматаб хIалалда живго вугониги, кIалъазеги валагьизеги кIолеб пурсаталдаса ватIалъун вугониги, жиндирго берцинаб тIабигIаталъги, чилъи цIикIкIараб хасияталъги, бацIцIадаб иманалъги толев вукIинчIо Рамазан-хIажияв жиндаго цеве вачIарав чиясе жаваб гьабичIого чIезе. КигIанго тохтурзабаз бицаниги, тIаде рачIунезда бичIчIулеб букIинчIо кигIан кIудияб зарал жидеца гьедигIан гIадамазе хирияв устарасе гьабулеб бугебали».

МухIамаднабица тIехь хъван буго, тарихги халкъиял церехъабазул къисматги лъазе ва магIарул мацIалда хъварал асарал цIализе бокьулезе.

МагIарулазул, хасго хьиндалазул адабияб ирс цIехолаго, МухIамаднаби Ибрагьимовас гьабураб хIалтIул хIасиллъун ккана, лъикI лъалареллъун яги жеги рагIичIеллъун рукIарал магIарул шагIирзабазулги гIалимазулги асарал цIалдолезда цере рахъи. Гьедин басмаялда рахьана гьал хадусел тIахьал (4 авторасул гIисинал тIахьал ва жеги 15 авторасул асарал данде росарал марсиятазул мажмугI):

1. Генуса Аминатил МухIамад. КIалъалищха дунги, лъаларищали? (1997).

2. Генуса ХIасанилав-дибир. Барка дуе алжан, ГъазимухIамад (1997).

3. Генуса ГIабдулагь-хIажияв устар. Цо хIалалда дуниял лъиего букIунаро (1997).

4. Генуса ГIалил МухIамад-хIажи. Бусурбабазул хьвадиялъул адабал (2001).

5. Генуса ГIабдулагь-хIажияв устарасул хIакъалъулъ марсиятал (2001).

Тарихалъе ва адабияталъе кIвар бугеб хIалтIилъун букIана Генуса ХIасаниласул адабияб ирс ва гIумруялъул нух лъазаби. ГIемерал, тарихияб хIакъикъат мекъи сверизарулел гъалатIалгун магIарул мацIалда басмаялда бахъун букIараб «Имам ГъазимухIамад» абураб ХIасаниласул къиса, битIизабун, гIажамалдаса гьанжесеб магIарул алфавиталде бачана ва «ЦIулакьодул гъотIокь» газеталда басмаялда бахъана (Генуса ХIасанилав-дибир. Имам ГазимухIамад, 2004, июнь–октябрь).

Нилъеца гьаниб жидер хIакъалъулъ бицарал тIехьазда къокълъуларо батIи-батIиял соназда магIарул ва гIурус мацIазда басмаялда рахъарал Ибрагьимов МухIамаднабил тIахьазул сияхI.

Гьале дагьаб цебе къватIибе бачIана МухIамаднаби Ибрагьимовасул гIурус мацIалда хъвараб «Имам Шамиль: страницы биографии и критика современных попыток ее фальсификации» абураб цIияб тIехь. Гьеб буго Шамил имамасул гIумруялда сверухъ цо-цо гьанжесел хъвадарухъабаз тарих хIабургъинабиялъул бицараб, гьесул вижиялдаса ва гIумруялдаса кIвар бугел суалазул тарихияб хIакъикъат цIалдолезе рагьулеб ва гIадатиял цIалдолезе цIиял, цоги хъвадарухъабаз жидеде кIвар кьечIел тарихиял баянал жанире рачараб тIехь.

Генуса АхIмадил МухIамаднаби вуго гъваридаб лъайги бугев, гьеб лъай гIадамазухъе кьезе гьунарги бугев, магIарул гIадат-гIамалги чорхолъ бессарав, бусурман чиясда тIадаб борчги бацIцIадго цIунулев хъвадарухъанги гIалимчиги. Гьес жиндирго асаразулъ борхатго цIунулеб буго жиндирго гIагараб Генуб росдалги, магIарулазулги, тIолго Дагъистаналъулги бахIарчияб тарих. Нилъ чIухIула гьединав гьунар бугев магIаруласдаса. Гьесул тIахьалги гьесул цIарги абадиялъго хутIила Дагъистаналъул тарихалда жаниб. Аллагьас сахлъи кьеги МухIамаднабие, хадурккунги магIарулал рохизарулел тIахьал хъвазе!

***МУХIАМАДОВ МухIамад Ибрагьимович,***
***филологиял гIелмабазул доктор, профессор***

**ТубхIат ЗУРГЬАЛОВА**

# ГЕНУСА ТАРИХЧИ МУХIАМАДНАБИ

Дагъаб цебе 65 сон тIубарав, гIагараб миллаталъул бахIарчияб тарихалъул хIакъалъулъ 16-ялдасаги цIикIкIун тIахьал хъвай гуребги, XIX-абилеб гIасруялъул кIиабилеб ва XX-абилеб гIасруялъул тIоцебесеб бащалъиялда рукIарал, халкъалда дагьго гурони лъаларел шагIирзабазул ункъо тIехьги магIарул гIалимзабазул ва гIакъилзабазул рухIиял пикрабазул брошюраги данде гьарурав, гIемерал публицистикаялгун гIелмиял цIех-рехазда хурхарал макъалабазул автор хIисабалдаги магIарулазда лъалев МухIамаднаби Ибрагьимовасул хIакъалъулъ макъалаялда цIар лъезе бокьана, гьесул жиндирго асаразул тIолалгойин абизе бегьулел героязулго гIадин, росдалги жиндиргоги цIарги аскIор лъун.

Гъаб бакIалдаго абизе ккола, МухIамаднабие расги хIалае гIезе гьечIо, кигIан мустахIикъаб батаниги, лъикIаб рагIи абизени киса гурин, макъала жиндир хIакъалъулъ хъвазе. Дида гьеб цIакъ лъикI лъала. Амма, гIумруялъго миллаталъул тарих наслабазе рагьулаго, гьелъул ритIухълъи цIехолаго, гьеб хиралъиялъ хутIанщинаб хIажат гьечIого, гIагараб, тарихияб дурго Генуб росуги течIого, гьелъул гордухъан валагьун, Аллагьас кьунщинаб къо Аллагьасул нухда шагьидлъаразул сухъмахъал хъирщулаго унев, сардал-къояз хIалтIулев дур хIакъалъулъги бегьилаха, МухIамаднаби, магIарулаз абухъе, кIиго рагIигIаги хъвазе… Халкъалъе, миллаталъе гIоло гурел, жидеего гIоло рекерахъдилел цо-цоял нилъер рагIудеги ккун гьечIелъул.

Унсоколо районалъул Генуб росулъ АхIмадил хъизамалда гьавурав МухIамаднаби, гIагараб росдал школаги лъугIизабун, тIадегIанаб лъайги щун, хIалтIун вуго гIагараб росдалги районалъулги гIезегIан хъулухъ-ишазда: гьезда гъорлъ, Генуб гьоркьохъеб школалъул математикаялъул ва информатикаялъул мугIалимлъун, завучлъун, Генуб поселокалъулаб гьоркьохъеб школалъул директорлъун, жиндирго хIаракаталдалъун Генуб рагьараб Дагъистаналъул тарихиябгун археологияб музеялъул филиалалъул директорлъун, Унсоколо районалъул БетIерасул заместительлъун.

Гьелгощинал хъулухъазда кигIан ракIбацIцIадгодай гьев хIалтIаравин ккола, МухIамаднабил аслияб – гIакъилал тIахьаз сверунги ккун, рекIее бокьулеб пиша – хъвадариялъулъ гьесул бугеб ритIухълъиялда хадув лъугьин бихьидал. Цо тIехьалъул авторцин ватулеб Хъвадарухъабазул союзалъул членлъунцин жив гьечIев, сураталда гурони, вихьунцин гъираялда жиндирго тIахьал цIалулезда лъаларев МухIамаднабил гIадатлъиялъулги гIамал берцинлъиялъулги бицун хIал кIоларо. Имамзабазул росулъ вижарав гьесул иманалъ рагьула гьеб кинабго, дозул баракатлъун вихьула гьев сундулъго. Цогияз гьабураб гьитIинаб лъикIлъиги кIодого бихьулев жинцаго миллаталъул адабияталда толеб бугеб хазина –баракатаб хъвадариги дагьаб жолъун бихьулев тарихчи МухIамаднабица абула жив гIадатияв ахихъан вугилан… Гьардарал гурищха нуж, хьин-

далал, гьединав гIакъилавги къалмил рекIеда пихъ бижулевги ахихъан вугел!

Дида цере тIиритIун руго МухIамаднабил 16-ялдаса цIикIкIун тIахьаздасан дие щварал анкьго тIехь: «Муса Балаханский», «АхIулгохIда ахирисеб хоб», «Цевехъан», «Джабраил из Унцукуля и артиллерия Шамиля», «МагIарул Лиза», «ЧитIир тIезе течIев магIарул гIалим», «Имам Шамиль. Страницы биографии и критика современных попыток ее фальсификации».

XIX-абилеб гIасруялъул тIоцебесеб бащалъуда букIараб Кавказалъул рагъда лъабавго имамасда хьолбохъ вукIарав Гъойсубоялъул наиб Балахьуниса Мусал багьадурлъиялъул рагIичIев чи магIарулазда гъорлъ ватиларин ккола. Имам Шамилил чIужу Жавгьаратилги гьезул гьитIинав СагIидилги хоб ахирисеб хоблъун АхIулгохIда лъугьинегIан лъабабго моцIалъ гъазизабаз гьениб хIехьараб гIазабалъулги гьелдаго цадахъ бахIарчилъиялъулги бицунеб буго МухIамаднабил хадусеб тIехьалда. «Цевехъан» тIехьалда Дагъистаналъул чабхъадулазда гьоркьоса бищунго ахиралда вукIарав цIар рагIарав болцевехъан Унсоколоса ГIусманил НурмухIамадил мисалалда авторас нилъее рагьулеб буго I8-абилеб гIасруялъул ахиралда ва I9-абилеб гIасруялъул авалалда магIарул чабхъадулаз Кавказалъул гIумруялъулъ, рагъулалгун сиясатиял ишазулъ кколеб букIараб бакIалъул хIакъикъат. Хадусеб тIехьалда авторас нилъее бицунеб буго Имаматалда тIоцебе артиллерия (батIи-батIияб тайпаялъул гIарадаби) гIуцIиялъул, гьеб тIоцебе ургъарав махщел камилав магIарул инженер Унсоколоса ЖабрагIил-хIажил гIумруялъул нухалъул. «МагIарул Лиза» тIехьалда бицуна Дагъистаналда тIоцебе Ленинил орден щварай Унсоколо районалъул Рихьуниб школалъул директорлъун хIалтIарай лъайкьеялъул цеехъан, гIурус учительница Елизавета Семенюкица магIарулазул гIелазе лъайгун тарбия кьолаго кьураб гIумруялъул. 18 – 20-абилел гIасрабазда Дагъистаналъул тарихалда лъалкI тарал гIадамазул ва анцI-анцI соназул заманалда ккарал хIакъикъиял лъугьа-бахъиназул кьучIалда «ЧитIир тIезе течIев магIарул гIалим» тIехьалда бицунеб буго машгьурав исламияв гIалимчи, магIарул жамгIияв хIаракатчи, хьиндалазул динияв цевехъан ГъазимухIамадов Рамазан-хIажиясул гIумруялъул хIакъалъулъ. Гьединго МухIамаднаби Ибрагьимов ккола «Шамил имам», «Гениб. (Тарихалъул нугIзал)», «ЦахъахIил», «Шайих Ражабилав ГIабдулагь-хIажи» ва цогидалги, гьел цIализегIан нилъеда лъалел рукIинчIел тарихиял баяналги, биценалги, лъугьа-бахъиналги жанир ругел, гIелмиял хIалтIаби-тIахьал. Щибаб тIехьалъул хIакъалъулъ батIаго хъвани гурони, гьезие унго-унгояб къиматги гьаб макъалаялъулъ кьезе бажаруларо. Гьел цIализе ккола, нилъер бахIарчияб тарихги, нилъер багьадурал, кьурабазда гIурал, кьураби гIадал умумулги лъазе ккани.

Дун хIайран гьаюна киналниги тIахьал хъваялъул къагIидаялъги бечедаб, унго-унгояб магIарул мацIалъги. Тарихиял тIахьал, битIараб бицани, гьенир ругел хIужабазул бициналде авторазул машгъуллъиялъ, хIакъикъиял лъугьа-бахъиназдаса батIияб жо хъвазе бегьиларин ккеялъ батила, тарих гIелмуялъе цIаларал рукIинальги букIине рес буго, дагьал чIамучIал рукIуна гIадатияв цIалдолесе. МухIамаднабил тIахьал руго тарихалдаса кьуричIел, амма цIализе гьира базабулел художествиял асарал-романал. Гьедин хъвайдал, тарихияб киноялда гIадин, жидер героязул тIолабго нух цебечIезабизе кIолел, лъугьа-бахъиназухъ нилъго ралагьун ругелгIанги, цIалдолесе гьел чIаго гьарулел. Гьеб буго тарихчиясе Аллагьас кьураб хъвадарухъанлъиялъулаб махщел. Гьединал тарихиял къисаби цIикIун ракIалдаги чIола, гьединал асараз кIудияб асарги гьабула.

Гьанибго абичIого гIоларо гIурус мацIалда хъвадариялъе МухIамаднабил бугеб хIикматаб гьунаралъулги. ХIисаб гIелмуялъе цIаларав гьев тарихчилъун лъугьинги гIурус хъвадарухъабазда бащадго камилаб гIурус мацIалъ гIелмияб тIехь художествияб асар гIадин хъвазе махщел букIинги - дагьаб жо гуро. МагIарулаз гуребги, къватIиса пачалихъазул тарихчагIазгицин цIехолеб, хIужаби хIажатаб, ритIухълъи цIикIараб бугебгIан дунялалъулго цIалдолезе нилъ рагьулеб гIелму буго тарих гIелму. Гьединлъидал гIурус мацIалда живго авторас хъвараб гIадаб букIинищха кодоса-кодобе унагоги таржама гьабулагоги ритIухълъи хисизабизе рес бугеб тарихияб асар. Гьелъги батила, МухIамаднабилгун бухьен балагьула, гьесда цIехола тарихчагIазги хъвадарухъабазги нилъер имамзабазул тарихалда хурхарал, лъазе хIажатал хIужаби.

Нилъеца бицунел, МухIамаднабица кидаго тIадчIун хIалтIизарулел хIужабазда хурхун, гьес ахиралда къватIибе биччараб «Имам Шамиль. Страницы биографии и критика современных попыток её фальсификации» абураб тIехьалда бугеб тарихчиясулги исламияв гIалимчиясулги гара-чIвариялдаса цо-цо мухъал рехсезе бокьун руго. XX-абилеб гIасруялъул ахиралда Дагъистаналда машгьурав гIалим, доб заманаялъ рухIияб гуребги лъаялъул рахъалъги, гIелмуялъул рахъалъги, гIакълуялъул рахъалъги жиндихъе вахъарав чи, цIакъ къанагIатго гурони, магIарухъ вукIун ватиларин МухIамаднабица къимат кьолев, жиндир баракат щваяв СултIанмухIамад-хIажида КIалбиччанкъоги баркизе, гьесухъе щун вуго автор.

«АскIор жиндирго вас МухIамадги цо чанго чиги ругеб бакIалда гьес дие кьуна цIакъ дун кантIизеги хIикмалъизеги гьавураб гIакълу. Байбихьуда дун дагьав гIажаиблъана исламияв гIалимчияс бицунеб жоялда. Хадуб бичIчIана гьелъул унго-унгояб магIнаги гьелъул ритIухълъиги: «Мун вуго Шамилилги цогидал имамзабазулги хIакъалъулъ хъвадарулев чи. Жакъа гIадамаз бицунебщиналдаги хъвалебщиналдаги, воре, божуге, гьезул жидерго хассаб мурад букIине бегьула гьелъие. Цересел заманаздаги рукIана гьелде машгъуллъарал, гьелдаса жидеего пайдаги цIарги хIажатал гIадамал. Жибго рагъуда хурхарал гурел суалазе жавабал цIехолаго дуца мугъчIвай гьабе гIурусаз хъваралда. Гьез жидеего пайдаяб хIалалъ реццизе рес буго жидералго, жидеего лъикIаб хIалалъ хъвазе рес буго чIваразул къадаргицин. Дагъистаниязул хIакъалъулъ кинабго гьезда лъалеб гьечIониги, нилъер хIакъалъулъ гьереси бициналъул гьезие кинабгIаги пайдаги букIинчIо, гьелъул магIнаги бихьуларо. Гьезие ургъел букIинчIо ГIали киса вукIаниги, ГIумар щив вукIаниги, лъица лъил хIакъалъулъ щиб абуниги. ХIинкъуч бахIарчилъунги гьез лъугьинавуларо. Гьезие гьеб кинабго хIажат гьечIеб жо буго», - ян гIакълу кьуна гьес. Кьохъа СултIанмухIамад-хIажица, гIараб мацI кигIан цIакъ лъалев чи живго вукIаниги, гьеб мацIалда хъварабгицин имамзабазда хурхараб тарих цебе кколеб батичIо.

Гьанже дие дагьалги чIванкъотIараллъун, заманаялъги гьеб тарихалда кваларазги тасдикъ гьарулеллъун лъугьана мугIрузда гIасру барав гIакъиласул рагIаби», - ян лъугIизе толеб буго авторас, нилъееги кантIи кьолеб, гьеб гара-чIвариялъул бицин.

ГIумруялда жанир дагьал гIадамал лъачIо дидаги. Амма, Генуса МухIамаднабигIан, цогиязе рецц-бакъ гьабизеги гьезул хIакъалъулъ хъвазеги тIоцеве ватулевги жиндир хIакъалъулъ мустахIикъабцин рагIи абизе ихтияр кьоларевги чи, гьев гурони, тIокIав дандчIвачIо. Дун хIайранлъун йикIуна Аллагьас гьесие кьун бугеб, хасго жакъа къанагIатаб гьеб гIамалалда.

Цогиги дица хIисаб гьабулеб жо: гьесулъ буго гьеб тарих биялъ хъварал бахIарзазул гIадаб рагIул къвакIиги, ритIухълъиялъе гIоло къуркьунгутIиги,

гьеб кIиялъего гIиллалъун кколеб гIагараб тарихалдеги гьелъул лъалкIалги гьезул дандерижиги багъулеб бугеб, гьитIинаб къоялдасаго бидулъги рекIелъги бессун бугеб живго гIураб имамзабазул ракьалдеги бергьун кIудияб рокьиги. Гьеб хасият букIиналъ тIамуна МухIамаднаби имам Шамилил умумузул кьалбазда хурхарал батIи-батIиял гьересиял пикраби тIокIал рагIулареб хIалалда, цо макъалаялъе жавабалъе тIубараб, тIадехун рехсараб тIехь хъвазе. Гьеб гурищ тарихчияс наслабазе толеб баракат, гьереси-тарихалъ гьел мекъи ккезаричIогоги рукIине, ритIухъаб тарихалдаса гьелъул бахIарзазул рухIалги рохун рукIине.

Бегьуларо МухIамаднабие гьесул рекIелъ бикIун бугеб тарихалда сверухъ дагьабгIаги гьетIи. Гьес хъвараб хъвагIазе кIоларо цониги тарихчиясда, щай гурелъул гьесул хIужабазулъ гьел бажаруларо, гьесул тIахьазда тIанкI лъезе бакI гьезда кодоб щоларо.

ГIажаиблъи, унго-унгояб, сахаватаб, баракатаб гьунар гIодобе биччараб, сабураб, ахIи-хIур гьечIеб, амма лъалкI гъваридаб, цIия-цIиял наслабигун цадахъ даимлъиялде унеб батана… Гьединав вуго Генуса МухIамаднабиги. Амма гьесул асарал руго, жибго гьес хъвараб тарих гIадал, гьелъул бахIарзал гIадал, хвалчабазул чапиги, чуязул хIи-хIидиги, гьужумазде ахIиги, «Аллагьу акбарги» цадахъ кьурабазда багъулел! Баркала, МухIамаднаби! Баракатал дурго сонал дуда баркилъун рукIа абе ахиралда «Дун АхIулгохIалде ахIулей йиго» абураб дирго тIехьалдаса дуе сайгъат гьарун рукIарал гьал мухьалги:



## ЧIАГОЛЪУН, БАХIАРЗАЛ КIАЛЪАЛА ДИДА

Гъунарги махщелги ахIдолареблъи
Лъазабулеб буго жакъа дур тIахьаз,
АхIи гьарзалъараб гьаб заманалъги,
СихIтун, хIалтIулъ вугев МухIамаднаби.

Дуниял бахилав росуцоясул –
Шамилил хIакъикъат лъалеб къаламгун,
Шагьаралда гурев, росдал гордухъан
АхIулгохIде вуссун, хъвадарулев мун…

Наслаби кантIизе, ритIухълъи лъазе,
Дуца хъирщулелъул хIисаб гьабула…
Тарихалъул хъвайгIан жавабияб иш
Заманалда цебе гьечIин ракIчIола.

Тарихни – гIелмуйин телаан дица,
Дур къисабазулъе лъугьинчIейани, –
ЧIагольун, бахIарзал кIалъала дида,
Гьезда цадахъ мунго вукIарав гIадин.

Лъан хадув дагьавги кодолъана мун,
КIодолъигун цIарал цIехечIев ватун,
ГIодобе биччараб дурго тIабгIалда
Миллаталъул тIокIлъи цIехолев вукIун…

Цинги, дир лъай-гIакълу хIайранлъуледухъ,
АхIулгохIил къиса дие бициндал,
Биценазулъ лъарал цо-цо гъалатIал,
МугIалимас гIадин, ритIизаридал.

Дагьабги хиралъун лъугьана тарих,
Генуса тарихчи, дур тIахьал цIалун.
Нахъойги ахIана АхIулгохIалде, -
Нилъер умумузул борхалъи лъазе…



**Наби ГIИСАЕВ**

## МУСАЛАСУЛ МИНА

**I**

**ХIанчIаз рехун тараб бусен кинигин,**
**Бесдалго бихьула Мусаласул рукъ,**
**Рекарал чIалаби, турараб хъарщи,**
**Хъанхъраялъ, цIер гIадин, цIураб рагъи-тIох.**

**Басрияб магIида чIолорхъо буго**
**ЧIараб гIумруялъе нугI гIадин далун,**
**Доб цояб рагъида гъалдибир буго,**
**Гъарималда щибдай макьилъ бихьулеб?**

**ХIинкъана щаяли, тIуркIана дир ракI**
**ТIокIалъ гьаниб гIумру гьечIин пикруялъ,**
**Гьелдасаги цIикIкIун – росулъа арал,**
**Руссине лъаларел лъимал цере чIун.**

**Нахъе-цере духъе щолел рукIарал**
**Щай адрес хисараб гьалбадерица?**
**Гьанже дур гордухъа бихьулеб гьечIо**
**Авалго гвангъараб чирахъул канлъи.**

**II**

**Гордухъ чирахъ свана, гъасда цIа свана,**
**ЦIорораб мина-рукъ буго къваридго.**
**Къебедрокъосаги дур квартIил кIутIи,**
**КечI гIадин хирияб, рагIулеб гьечIо.**

**Махщелги гьунарги умумуздаса**
**Ирсалъе босулел дагълъулел руго,**
**Дир гьабатаб ВатIан, дир Гьинухъ росу,**
**Дудеги ирга щун бихьулеб буго.**

**РикIкIаде цо-цоккун арал васалги,**
**АнцIабго сон ана – руссунел гьечIо,**
**ГьечIищ мун, вукIинчIищ дуниялалда –**
**Дур пикрабаз керен кваналеб буго.**

**Гьединан, цо-цоккун лъимал ун хадуб**
**Рукъалъул бакIалда чIваднал хутIила,**
**Хабалъ рукъаразул ургъел кIочараб**
**БачIунгеги абе Аллагьас заман.**

**Балагьун бадиса магIу чвахулеб**
**Чияс бахиладай хирияб гIурхъи?**
**ГIагарал-гIунтIарал сан гьаричIого,**
**Саяхъдай хьвадила хьитал хвезегIан?**

**МугIрузда хутIараб ахирисеб гIел,**
**ГIали, нилъер гьечIищ гьедин батани?**
**БачIараб къварилъи халлъилароан,**
**Хисуларебани гIамал-хасият.**

**ГIададайищ ккарал цIаларал дарсал,**
**ЦIвабзазухъ балагьун нилъей харабаз?!**
**Хадуса бачIунеб гIелалъ босизе**
**ГIадатищ хутIичIеб мугIрул росабалъ?**

**III**

**Херай магIарулалъ, магIуги бацIцIун,**
**РагIана гьитIинго гьабулеб дугIа:**
**«Я Аллагь, цIунаги гIазабаздаса,**
**ГIура-гIурал лъимал лъудбуз гуккулеб».**

**ГурхIел-рахIмуялъул кьучIищ биххараб,**
**Рохел-кеп дагьлъана, мех бахъанагIан.**
**МугIрул росабазда гьоркьоб букIараб**
**Гьуинлъи тIагIана, тIалаб билана.**

**ГIарзалъе вахъани, нахъа чи гьечIев,**
**Гьабилеб щиб, бице, дуца, кIудияв?**
**КIудиял гIуралго, диргоги лъимал**
**Лъутиладайилан хIинкъулев вуго.**

**ХIинкъи хIакъикъатлъун лъугьунеб буго,**
**ЛъикIлъи квешлъиялде сверулеб буго,**
**Сабруги намусги, саназ цIунараб,**
**ЦIад гIадинищ чвахун араб салулъе?**

**Салам босизецин чи хутIулареб**
**Хиялаз кIвекIула: бачIинадай мех?**
**ТIасан хIучги бахъун, нахъа ругезда**
**Нилъер яхI билараб бихьиладай къо?**

**Васаз рехун тарал улбул рихьана,**
**Улбул кIочон тарал лъимал рихьана,**
**ЛъугIугеги гIадат, билугеги цIар,**
**ЦIунараб кинабго кодосанги ун.**

**МагIарул бацIцIадаб мацI кIочаразда,**
**Бесдалазда гIадин, дир ракI гурхIула,**
**ГурхIел щиб жо гьанже, эркенлъи щиб жо? –**
**Улкаялъул унти щокъроб къан буго.**

**Щущан унел руго ракълил гIорхъаби**
**ГIаламалъул рокъор щула рукIарал.**
**РекIеде гъиз ккана «лъаялъ» бечелъун,**
**Бичана «ма!» - ян дин, хъулухъ хиралъун.**

**КъотIулареб дагIба лъималазулгун,**
**Лъаларо, метер щиб хIадурун бугеб?**
**ХIал бугесул зардай бергьине бугеб,**
**Божи-рокьиялъдай ханлъи гьабилеб?**

## НАХЪЕГИ ЩАЯЛИ РАКIАЛДЕ ЩВАНА

*Тав-Султан СагIидовасе*

**Нахъеги щаяли ракIалде щвана**
**РакI гьечIез риччарал чIегIерал гьерсал.**
**Гьуинал харбазул цIадги базабун,**
**ЩIа лъолеб батана дир гIумруялда.**

**Цо нухалда гуро кагьанатзабаз**
**МацIил сетал лъурал кочIолаб нухда,**
**Амма дица гуро – гудракьеги ккун,**
**Керен жидецаго бухизе ккана.**

**Хъвалеб жоялдеги дагIба гьабула,**
**Поэзиялъул мацI лъалеб кинигин,**
**Кинниги бицараб хабар батула,**
**Хиянатлъиялъул лъадалъ чурараб.**

**Божа мун, СагIидов, рекIелъ гьалдечIеб**
**ЦогIаги кечI дица кагътида хъвачIо.**
**Керен-ракI хIасраталъ бухIулеб мехалъ,**
**Босула кидаго кодобе къалам.**

**Неграл гIадин бакъукь хIалтIулел нилъер**
**Гьезухъ гIенеккизе заманищ бугеб?**

**Зобалазул амру тIубазабизе**
**ТIаделъун къойилго къеркьолел ругел.**

**Огь рагIи батараб «панаяб хIухьел»**
**Ва «хIикматаб лахIзат» дагьаб букIана.**
**Бичасе даимаб щукру гьабула,**
**ШигIраби ахIизе ахIун ругелъул.**

**Чанги макьу гьечIел сардал рорчIана,**
**Гьеб нилъеда гIадин лъидаха лъалеб.**
**ЛъугIун гьечIо нилъер Бичас кьураб нух,**
**Нахъеги, нахъеги гьаракь биччала.**

**ЖахIда-хIусудалъул, хIилла-рекIкIалъул**
**ГIадамаз чан гьунар гьайбатаб чIвараб.**
**ЧIун гьечIо дур поезд. Цереса рахъа,**
**Щцидалаб гьелъул сас рагIулеб гьечIищ?**

**Дида лъала, гьезда халкъ божуларо,**
**Бихьун лъараб мехалъ гьезул хасият.**
**Гьелъин ракIчIун дица галаби лъолел**
**Лъамиял харбазул гьезда цересан.**

**Гьунар гьез нилъехъа бахъизе гьечIо,**
**Босе цебе гали, дир гьудул СултIан.**
**Сахлъи дуе гьарун хъвана шигIраби,**
**Щвайги мурадалде мун, къайицадахъ!**

## КЬИЖУН МАКЬИЛЪГИЦИН РАХIАТ ТОЛАРЕБ

*ГIабдулагь Сулеймановасе*

**Кьижун макьилъгицин рахIат толареб,**
**Рохел-талихIалъул аслулъун бугеб**
**Аллагь БетIергьанас дий кьураб рокьи**
**Рокьулелщиназе сайгъат гьабила.**

**ГIумруялъул бичIчIи рачIунел соназ**
**ГIедегIана мацIал гьал дир нухазде.**
**Кьолболъан гьветI гIадин, вахъун рехилин**
**РакI бекунел гIадал кьуна хIинкъаби.**

**Дида лъалеб гьечIо гьезул гьунарал,**
**ГьанжелъизегIанги хадув гъоларо.**
**ХиянатчагIазул, балъго унтарал,**
**Ургьимес бухIула гьадал гьерсаца.**

**Божаралин дица гIагар гьарурал**
**ГIадамаз батана балъго хIунсулеб.**

**МацӀалда батана тӀинчӀнайил гьоцӀо,**
**РекӀеда батана борхьилаб загьру.**

**Дуде гьари буго, ГӀабдулагьхӀажи,**
**Кье дихъе юргъачу, Лермонтов гӀадин,**
**Гьал гъудузул гьаркьал гӀинда чӀваларел**
**ЧӀинкӀиллъи балагьун, бухьина сапар.**

**Виччанте цӀорозе, цӀалтун виччизе,**
**Дур рекӀелъ цӀа буго гӀазу биунеб,**
**ГӀадамалин абун гаргаданиги,**
**ГурхӀизе бачӀуна чӀегӀергъудузда.**

**Квешлъи-заралалъе ратулел чагӀаз**
**Чанги рохел чӀвазе рехана ганчӀал.**
**Гьел ругеб бакӀалда цӀалеб хӀухьелцин**
**ЧӀегӀераб кӀкӀуялде сверун бихьула.**

**ГӀоразул рикъарал гьал бакъназулги**
**МагӀна мукъсан буго, хинлъи дагь буго.**
**Дун ина гьайбатаб бакъул чӀоразул**
**ЧӀчӀва дуй балагьизе, дир магӀаруллъи.**

**Духъе нахъвуссана хӀасратаб кечӀгун,**
**Керен цӀунцӀрахунел поэмабигун,**
**Панаяб рокьуца кваркьаби гъурал,**
**Гъаргъар бан ахӀарал кьела жугьаби.**

**Ихдал щуб чурулел чабхил иццазул**
**БацӀцӀалъи, берцинлъи босила дуе,**
**Риччанте какдезе кочӀол илбисал,**
**Нух бакьулъ хваниги, хисиларо курс.**

**Къалам кодоб кквезе сахлъи бугогӀан**
**Сариназ Дагъистан цӀезе гьабила.**
**ЩӀа рекӀеда лъолел асаразда тӀад**
**Унеб заманалда барахщиларо.**

**Лъаларо, Дагъистан, дур васасул кечӀ**
**Кинан дуца къабул гьабизе бугеб,**
**Гьеб кочӀое гӀоло мугӀрул поэтас,**
**Макьу гьечӀин, чанги сардал рогьана.**

**Гьеб кочӀое гӀоло данделъабазда**
**Дуде бугеб рокьи цӀунун кӀалъана.**

**ЦІар-рецц бокьун гуро – ракІалъ ахІидал,**
**Жаваб гьабичІого чІезе кІвечІо, вац.**

**Таманаб захІмат кьун гьабураб хІалтІи**
**Гьезул бадиб къараб зазлъун батана.**
**БетІергьан Аллагьги хІалае чІедал,**
**ЧІегІерал чагІазул дий ургъел гьечІо.**

* * *

**МугІрузул тІогьазда тІад бегана накІкІ,**
**ТІубан сордо-къоялъ къварид буго ракІ,**
**КъотІана дудаса бачІунеб кагъат,**
**Кибе араб къотІи, гьебищ сайигъат?**

**ТІерхьана хьухьикье дир хьулазул цІва,**
**ЦІорораб рекІеда рекІунаро цІа.**
**Дуца рехун тана, талихІалъул бакъ,**
**Батиладай дие мун йокьулин хІакъ?**

**Дида мех-мехалда кколеб букІана**
**Мун кІочон тей бугин чорхое рахІат,**
**Мун цойги чиясе час кколей гІадан,**
**ГІадада щай гьарун дудаса пурман?**

**Амма кІвечІо дида: киве щваниги,**
**Щурулеб батана дур хІайранаб цІар.**
**ЦІа гІадаб цебесеб ццинги кІочон тун,**
**Тамаша, ватана дур рагьдухъе щун.**

## РАСУЛ ХІАМЗАТОВ БЕЖТІЕ ЩВАРАБ МЕХАЛЪ ХЪВАРАБ

**ЛъикІ щварав нижехъе, ХІамзатил Расул,**
**Россия чІухІарав магІарул поэт.**
**МугІрузги, гІоразги, гІатІилъабазги**
**Дуда рохун дандчІвай гьабулеб буго.**

**ХІикматал асараз асир гьаруураз**
**АхІулеб буго кечІ, дур хІасратаб кечІ.**
**КигІанго рикІкІадал сапараздаги**
**Инсул гъасда рекІун цІа бихьараб кечІ.**

**Дир хьолбохъ херазул бахъана шуршур:**
**«Щиб хІалалда вугев ХІамзатил Расул?» –**

**РахIманас цIунаги ЦIада баккараб**
**Дур гIищкъул цIвайилан гьабуна дугIа.**

**ГIагараб Дагъистан дуниялалда**
**Дуцагин генусес лъазе гьабуна,**
**Дуца кучIдуздалъун, Шамил имамас**
**Хвалчадалъун, дингун ВатIан цIунарав.**

**Кьурдизе ахIарав гьебго сагIаталъ**
**Сверун ккуна поэт лъеберго ясалъ.**
**Лъебел Жаватханил гIинда чIвана сас,**
**ЧIахъаги ХIамзатил хIайранав Расул.**

**Ясазул горсверулъ цIвабзазда гьоркьоб**
**МоцIалда релълъун мун вихьана дида.**
**Цинги цо параялъ накабиги чIван,**
**ЧIегIераб ракьалда гьабуна убач.**

**Гьелъул магIна дида хадуб бичIчIана,**
**Бокьулин кидаго мугIрузул улка.**
**«Умумуз рухIги кьун цIунараб гьелъул**
**Нужецаги къимат гьабе, наслаби!**

**Швейцариялде данде гьабуни,**
**Гьаб абун мукъсанлъи дида лъаларо.**
**Дуниял бижарас алжан кьун буго,**
**Кьурбазул васал, босе мунпагIат!»**

**Наби ГIисаевас гъира-шавкъалда**
**Расулие хъвараб асар цIалана.**
**ЩIигьулдерил васас, баркалаги кьун,**
**Нух битIи гьарана кочIохъанасе.**

**Хадубго абуна, ракIги пашманлъун,**
**Пайда щиб лъабго моцI гьаниб базецин**
**Рес гьечIеб мехалда, дир гьудулзаби,**
**Гьарула, гьарула тIаса лъугьун те.**

**Дида пачалихъал рихьана гIемер,**
**ГIагараб ЦIунтIаго букIун бугеб лъикI.**
**Лъица кинаб улка беццананиги,**
**Берцинлъидул мухъилъ мунги букIина.**

**ГIаздалаб тIалъидул гIадамазе мун,**
**ГIагарав чи гIадин, хирияв вуго.**
**ХалкъалъгиракI-ракIалъ абулеб буго:**
**«Аллагьас цIунаги ХIамзатил Расул!»**

## БАЧIАНА ЗАМАНА

**Дунялалъул свери гIаксалда ккундай,**
**ГIадамал рикъулеб бачIана заман.**
**Зодой кверал ритIун «ЦIуне Аллагь!» – ан,**
**АхIи базе ккараб бачIана заман.**

**ЗахIматалъул багьа гIодобе ккараб,**
**ГIадамазул къимат гъурщиде ккараб,**
**ГъарачагIаз кибго ханлъи босараб,**
**Хвалил цIа боркьараб бачIана заман.**

**Щивав «дун-дунилан» цеве кIанцIулев,**
**Цересел гIадатал гIодор рехараб,**
**ГIаданлъиги яхIги гIарцухъ бичулеб –**
**Бечедал чагIазул бачIана заман.**

**Героязе гIадаб цIар гьабулаго,**
**ЦIогьазе хъат чIвалеб бачIана заман,**
**Бича-хисиялъул базаралъулал**
**Багьабаз хIанчIулеб бачIана заман.**

**Судияс бокьухъе тамихI гьабулеб,**
**Такъсирал гьарзаяб бачIана заман.**
**«Ма дуе» гьечIони, мурад тIубазе**
**ТIубараб моцI балеб бачIана заман.**

**Рахьдал мацIалда тIад михир бачунеб,**
**Бюрократ вохараб бачIана заман,**
**ЗахIмат бихьичIого, дунял хачалел**
**Хамелеоназул бачIана заман.**

**Цояз чунтби цIолел, цояз чIехьолел**
**ЧIунталил инжитаб бачIана заман,**
**БорчIа макьидаса, Дагъистан, борчIа,**
**БацIазе, гарцIазе гIадлу гьабизе.**

**Эбел-инсул адаб лъималаз тараб,**
**Лъималазул тIалаб чIахIияз тараб,**
**ЧIаго нахъе ругел хварахъ урхъулеб**
**Унтабаз «рецулеб» бачIана заман.**

**Къасисел домазда, гостиницабахъ,**
**Щибго ккечIеб гIадин, гIолилал ясаз.**
**ГIарцухъ черх бичулеб бихьараб мехалъ,**
**«Бихьинал кир ругел?» – борчIана гьаракь.**

Вай, дир магIарулал, дир магIарулал,
МагIу хулуларищ, гьаб сурат бихьун?
БахIарзал, нуж рахчун гьечIел ратани,
Гьалъий ахир щвезе щун гьечIебищ мех?!

Россия тIагIине гьабизе бокьун,
ТIаделъун тушбаби къеркьолел руго.
Дунялалда тIадго бергьенлъи боссе
Бокьун, Америка ахIдолеб буго.

Украинаялда къор гъун, нацистаз
Нилъеда данде рагъ лъазабун буго.
Лъала, бахIарчияб нилъер армиялъ
Фашистал, гъалбацIаз гIадин, гъурула.

Ва нацистазда тIад бергьенлъи боссе
Солдатаз гьарулел гьунарал чIахъа!
ЧIаго гьел рагъдаса тIадруссин буго
Нижер тIолазулго аслияб мурад.

Дунялалъул рокъоб рекъел-эркенлъи
Улкаялъ баркулеб бачIина заман,
Бихьила гьеб къоялъ гIаламалдаго
ГIадада ккечIеблъи гьабураб къеркьей.

ГIадамазда гъорлъа, букIинчIеб гIадин,
ТIагIина хIелхIелги, хIинкъиги, ццинги.
Цого хъизаналъул лъималаз гIадин,
ГIумру гьабулеб мех рикIкIада гьечIо.

## ГIУМРУЯЛЪУЛ БАЙРАХЪ БОРХАТГО ККУРАВ

*ГIабдулагь Сулеймановасе*

Чилъиялъул байрахъ борхатго ккурав,
Чиясе бегьулеб лъикIлъи гьабулев,
ХIайранав дир гьудул, боркьараб салам,
Сахлъи гьарулаго, битIула дуде.

Нилъ, вацал кинигин, гIагар гьаруна
ГIагараб ракьалде бугеб рокьиялъ,
Рогьел гIадин, хехго сонал аниги,
Свине течIо гьасда гьудуллъидул цIа.

ГIумруялъ малъарал мухъалги херхун,
АхIана хирияб ВатIаналде кечI,

**ХIалхьи пикрабаца течIеб мехалда,
Мех-мехалъ къулана хъахIаб кагътиде…**

**ХъахIал тIагърал лъурал гIаздалал тIогьаз
Рагьана нилъее чанги балъголъи,
Чорхол рухIалдаса яхI цебе кколел
БахIарзал реццизе тIамуна ракIаз.**

**ТIабигIаталъ нилъей бачинчIищ назму,
Чвахулел лъараздa тIад рекъезабун,
ТIогьол байдабазги булбул хIанчIазги
Нилъей чан хIикматаб асар гьабураб.**

**ГIумрудул нуразда кьерхарал къоял
Гьезул бакъаназ нилъей гвангъизаричIищ?
ЗахIмалъи, къварилъи хIехьон рукIине
Гьелъул гIадаб кумек нилъей букIанищ?**

**Дир гIазизав гьудул, соназул гъаталъ
Нилъеда гъаримлъи лъазе биччанищ?
РекIелъ бугеб шавкъалъ шигIрудул гъасда
Бакараб кунчIиялъ квачазе танищ?**

**Гьелъги долъги гурищ нилъер гьудуллъи
Жеги сухъмахъазда гала-щокълъичIеб,
Дур рекIел бацIцIалъи букIана дие
Сапаралъ кидаго гьединан гвангъун.**

* * *

**РекIелъа росарал рагIаби сокIкIун,
Сордоккун ахIана дур хIасратаб кечI,
КватIун букIаниги, данде чIваялъе
Дица къисматалъе баркала кьуна.**

**Щибаб дур балагьи, беразул шури
РагIабаз бицине цIакъ захIмат буго.
КIалъайги, гьимиги, гьеб цо релъиги
Рогьалил бакъуда релълъун бихьана.**

**Тамаша гьабула гьанжелъизегIан
Гьедин камилай мун кин дида лъалей?
Цосина бер ккелин хIинкъиялъциндай,
КъватIий яккичIого, рокъойго чIарай?**

**Беразул чалухлъи, чорхол узданлъи,
Къали кIутIулаго, ахIила кочIолъ.
КигIан йихьаниги, чIалгIен буссинчIей
Дур бицун гIумруялъ дун свакаларо.**

## МИКЬЖУГЬАБИ

* * *

**Эбелан абулеб мехалда дида**
**Дунял гвангъулеб бакъ ракIалде щола.**
**Бакъуца кинигин, канлъи ва хинлъи**
**Эбелалъ хирияб лъимадуй кьола.**

**Бакъилан абулеб мехалда дида**
**Даим цее чIола гIазизай эбел,**
**Эбелалъ кинигин, багIарбакъуца**
**Дунялалъе кьола канлъи ва хинлъи.**

* * *

**Чорхол рухIалдаса яхI цебе кколел**
**БахIарал рукIа, вас, дур гьудулзаби,**
**Щиб къо кканиги, гьел хилиплъуларо,**
**Хирияб инсул ракь гьез бичуларо.**

**Ккараб къо борхизе бажари гьечIел,**
**Бикъа-хъамиялда гIумру тIамурал,**
**ТIадегIан ругезе бутIрул къулулел**
**Къадарал гIадамал дуца рикIкIад те.**

* * *

**Цогидал гIемераз какананиги,**
**Мун какизе дие цо гIилла гьечIо.**
**ГIолохъанай гьудул, дуе баркала**
**Бакаралъухъ гьинал рекIелъ гIищкъул цIа.**

**Жегиги гьитIинго лъарай, йокьарай,**
**Лъицаго дие мун хисизе гьечIо.**
**Дуе чIвалеб буго тIаде вахъун хъат,**
**ТIадегIан вугесе рецц гьабулаго.**

* * *

**Сонаца бухIулеб гьинал рекIелъе**
**Рокьул хIалбихьизе бокьараб гIадин,**
**РачIана, хирияй, кочIол рагIаби,**
**Мун дида тIоцее дандчIвараб мехалъ.**

**ТIоцее мун дида дандчIвараб мехалъ,**
**Дуниял батIаго гвангъун бачIана,**
**Габуралда сверун къвал бараб мехалъ,**
**Къварилъи, накIкI гIадин, гьороца ана.**

* * *

**Мун араб мехалда, бана горо-цIер,**
**ЦIорона дуниял, хасало гIадин,**
**Ва дуе ургъарал кочIол рагIаби,**
**МагIал гIадин, рекIел тIиндаречIчIана.**

**ТIадюссун мун дихъе ячIараб мехалъ,**
**ГIазу-цIер биана, цIорой тIагIана,**
**Ихдал хIинчIалъ гIадин, каранзул ракIалъ**
**Бакъул жахIда кколел бакъанал рачана.**

* * *

**Дун гIажаиблъула: «Воре, сахлъи!» – ян**
**Сахлъиялъул тушман – гIаракъи, чагъир**
**ГIадамаз, чIухIарал бокалахъе тIун,**
**ТIаделъун гьекъолеб бихьараб мехалъ.**

**РакIалде рачIуна авариязда**
**Хварал гIадамазул гIемерал цIарал…**
**ЦIуне, гIолохъаби, гIумру – къокъаб жо,**
**Жагин гIаракъиялъ гуккизе чIоге!**





**Исрапил ЗАИРБЕГОВ**

*Исрапил Заирбегов гьавуна 1961 соналда Гумбет районалъул Килалъ росулъ. Росдал гьоркьохъеб школаги лъугIизабун, гьес хъулухъ гьабуна Советияб армиялда. Гьелдаса хадуб лъугIизабуна Карачаево-Черкессиялъул Первомайскоялда бугеб Росдал магIишаталъул техникум.*

*1995 соналдаса 2010 соналде щвезегIан Исрапилица ракIбацIцIадго, жиндиего хасиятаб ритIухълъиялда тIубазабуна росдал администрациялъул бетIерасул заместителасул хъулухъ. Хадусеб анцIго соналъ хIалтIана Гумбет районалъул «Гумбет» газеталъул мухбирлъун. Адабияталдеги маданияталдеги бугеб гIищкъуялъ Исрапил вачана гIагараб росдал Маданияб централъул директорасул хъулухъалде. Гьесул гIумрулъул аслияб магIна гIадамазе, росуцоязе пайдаявлъун вукIин букIиндал, гьеб ишалдаги хъвадариялдаги гьоркьоб бухьенги батидал, рекIее цебе букIинчIеб хIалхьигун, ракьцоязул маданияб ирсги свине течIого букIине, цIияб шавкъгун, чIаголъигун гьенив хIалтIулев вукIарав Исрапилие 2019 соналъ Аллагьасул къадар щвана. Алжан насиб гьабеги гьесие.*

**ДИР КЪИСМАТ БУГО ДИР ХАЛКЪ**

**Дица поэтасул курсал цIаличIо,**
**Керен бухIарабго, гьаруна кучIдул.**
**ШагIирасул дарсал дида малъичIо,**
**Дарсал кьуна дие гIагараб халкъалъ.**

**Дида рихьана гьел рогьелгун цадахъ**
**РещтIунел хурзабахъ харибакIазда,**
**Харицел хьвагIизе гьазул махщелалъ**
**Пана гьавун, дунги жувана чанги.**

**Дида рихьана гьал магъилъ хIалтIулел**
**Махсаро-хочIалда, ахIи –хIуралда.**
**Гьазул гIадатлъиялъ кверде восарав**
**ГIищкъугун жувана дунги гьезулъе.**

**Дида рихьана гьал, огь, цо бертабалъ**
**МагIарул зурмихъе кьурдун толел куц!**
**Гьазул гьунараца куркьбал гъун, дунги**
**КIанцIана горилъе, кодоб тIилги ккун.**

**Дида рихьана гьал годекIабазда**
**Бакъанида рещтIун, рекIелгъеялда,**
**Халкъазда гьоркьосеб ахIвал-хIалалъул**
**Цоцазе бицунел, хIасил гьабулел.**

**Хадуб ВатIаналъул, Дагъистаналъул**
**Жакъасеб къоялъул хIисаб гьабулел,**
**Миякьоб, Рихьуниб ралел ГЭСазул**
**БахIарзазул цIарал, гьунар рехсолел.**

**Гьезул мисал бачун, гIолохъабазе**
**НасихIат гьабулел, гIакълаби кьолел…**
**Гьезул гIибратазда цIалана дунги,**
**ГIажаибго хъантIун, батIияб шавкъгун.**

**Дида рихьана гьал, киналго рахъун,**
**Армиялде унел васал регIизе,**
**РегIана дунгоги ВатIан цIунизе,**
**Хвел гьечIел дарсазул мажмугIги босун…**

**Гьанже дун мухъилав кочIохъан вуго**
**Адабияталъул гIорхъалабазда.**
**Халкъалъ дие кьураб ахIулев вуго,**
**Гьеб рикIкIуна дица дирго къисматлъун.**

## РАСУЛ ХIАМЗАТОВАСДЕ

**Гьаб дур каламалъул пасихIлъи лъайдал,**
**Нечана дир къалам къасидат хъвазе,**
**Огь, дур пикрабазул гъварилъи бихьун,**
**АхIдейги къотIана гьинал ракIалъул.**

**Пайда щиб, пайда щиб гьаб къеркьеялъул,**
**Мунгун гьужумазде ине гьечIелъул,**
**ШигIрияб къебелъухъ мун хIалтIулелъул,**
**ХIалае дур хьолбохъ чIезе гьечIелъул.**

**Цо чIухIини буго, чIаголъи хIакъаб,**
**ЧIобогояб рекIей хинлъи давлаяб,**
**Кинабго дур калам, камилаб гIакълу**
**Къойилго босизе рес щвеялдаса.**

## ДУНИЩ ГЬАБ РАКЬАЛДА ХЬВАДУЛЕВ ВУГЕВ

**Дунищ гьаб ракьалда хьвадулев вугев**
**Яги дир рагIадищ ракьалда бугеб?**
**Гьедин хIисабазда рогьунеб сордо,**
**Сарин лъугIизегIан хутIулареб къо.**

**Гьав дун ватанани, щайха диль гьечIеб**
**Доб гIащикъаб къуват, къарарлъи тIокIаб?**
**КIолареб кин дида гIаламалъулго**
**ГIузраби – ургъелал тIаса росизе?**

**Гьев дун ватанани, щайха дагьабги**
**Дилъ гьечIеб лъикIлъиги хIасратаб цIаги.**
**Бугеб дир лъикIлъиги, тIекълъи бихьани,**
**БихьичIеб ххвел гьабун, буцIцIун щай чIолеб?**

**Дир рагIад гурони батичIонани,**
**Щайха гьал пикрабалъ дун гьелегьунев?**
**Толареб куц хIалхьи гьаз, дихье рещтIун,**
**БикIулеб куц керен, квешезе гIадин…**

## НУЖЕР ТIЕПУН ЧIЕЙ ЩИБ, ЧIУХIАРАЛ ВАСАЛ

**Нухмалъи гьабизе чи гьечIеб росу**
**Чияр гIадамазул чадиде ккана.**
**Байрахъ борхун кквезе гIадан гьечIеб ракь**
**ГурхIарасул гъасде балагьун буго.**

**Бакъул нур гIадинал умумул индал,**
**ГIакълуялъул нурал тIеренлъун ккана,**
**Къилбаралъул цIвабзаз дуниял тедал,**
**ХIасраталъул цIадул хIенехI хутIана.**

**Нужер тIепун чIей щиб, чIухIарал васал,**
**ЧIухIараб росуги чIунтизе биччан?**
**СихI тун чIейго кинаб, росдал жамагIат,**
**ЧIваднazде сверизе магIишатги тун?**

**Дуниял хиралъун, гIакълуги биххун,**
**Щибилан бицинеб гIун рачIунезе?**
**Чунтбухъ гIарац цIикIкIин чилъилъунги тун,**
**Тарбия щиб кьелеб кьолбол васазе?**

**ЦIигьабун гIуцIизе нухал рагьидал,**
**Рагьдул кIалтIаги чIун, тIураладай нилъ?**
**ЖамгIияб хIаракат хIажатаб къоялъ,**
**НахъегIанги кIанцIун, рорчIиладай нилъ?**

## ГIОЛИЛАЗДЕ

**Инсан вуго гьаб ракьалъул тIокIлъилъун,**
**ТIокIаб кьураб гьесул гIакълу – огь кьуват.**
**ТIабигIаталъ насиблъун гьев гьавуна**
**ЦIар рагIарал бахIарчиял ишазе.**

**ЗахIматалъул кьалда гIурал бахIарзал,**
**Кьабе газа, тIегьазабе гьаб гIумру.**
**Гъужумазда жеги ругел кьерилал,**
**ВатIаналъул тIохда чIвая байрахъал.**

**Заманалъул «пьедесталги» къадруги –**
**МустахIикъаб нухда ругел гIолилал ,**
**ГIищкъуялъул цIа рекIарал ракIаца**
**РитIухълъи кье ВатIаналъе сайгъатлъун.**

**Инсаният тIасан ине гIасрабаз,**
**ГIумруялъул борхалъуде кьоял лъе.**
**ТIолго гIалам тархъанлъизе рагъдаса,**
**Тарих цIалун, ракълил къимат лъазабе…**

## БАКЪЛЪУЛАЗУЛ ТIАЛЪИ – ТIАДМАГIАРУЛЛЪИ

**Ассаламу гIалайкум, бакълъулазул улка-ракь,**
**ТIадегIанав Аллагьас кIодо гьабеяб Гумбет!**
**Дие дунял рагьараб гIаданлъиялъул гъамас,**
**ГIадамазул яхIалъе умумуз гьабураб си.**

**Сси бугел бахIарзаца дунялалъе гьурщараб**
**Даимаб цIарги реццги тарихалда бикIараб,**
**Имамасул байрахъаз чабхъеназда бицараб,**
**Хвалчабазул паркъиялъ тушбаби сородараб!**

**Пачаясде чан нухалъ сардарас чи витIарав,**
**Чилъи тIокIал бакълъулал мутIигIлъулел гьечIилан.**
**РитIухълъи балагьана дур чIухIарал васаца,**
**Къаси-къадлъи гьечIого, чуязул тIваркъиялъукь.**

**Тушманасе мугъ кьечIев МелъелтIаса Уцуми,**
**Имамасул генерал Аргъваниса Абакар.**
**Кибего цIар рагIарал бакълъулазул бахIарзал,**
**Шамхалие гIеларищ гIавухъазул наиблъи!**

**Ингишоса МухIамад, ЦIиликьа ДавудхIажи,**
**ТIарикъаталъул устар – Инхоса НурмухIамад.**
**Шамилил байрахъулав – Килалъа Къокъав Дибир,**
**Къуркьи лъачIев багьадур – ИчичIалиса Къади.**

**ГьитIинаб улкаялъул гьунар тIокIал бахIарзал,**
**Нужер иманги яхIги хутIила васигатлъун.**
**БацIцIадаб намусалъул, мустахIикъал цIаразул**
**Нужер къадру борхатго наслабаз буго цIунун.**

**АлхIамдуллагь, щукру, щвана, тIадвуссана дун,**
**Шагьаралде сапаралъ дагьабги мун хиралъун.**
**Бакълъулазе бакъ гIадаб умумузул баракат,**
**Дирго ракьалда гIадин, щоларо рекIей рахIат.**

## ДУР БУКIАНА СИПАТ, ДИР МАГIАРУЛАЙ

**Дунни бахиллъула, тIубачIониги,**
**Бицадуй хутIараб рокьи лъаразда.**
**Къанабакь лъуниги, гIалам урхъарал,**
**Рокьуй кьуру барал геркулесазда.**

**Дур букIана сипат, дир магIарулай,**
**ТIолго бахIарзазе гIумрудул шавкълъун.**
**Къисматалъул кьогIаб лълъар борхулезул,**
**Мун талихIай йикIин букIана мурад.**

**ТIогьода бигъараб пардав бахъизе**
**Кинабго кьуна гьез барахщичIого.**
**Нужер гIумруялъулъ бецIал сухъмахъал,**
**РекIеда цIаги гъун, гвангъизаруна.**

**Дур букIана сипат, ссвин гьечIеб, бакун**
**ГIищкъуялъ бухIулеб МахIмудил рекIелъ.**
**Рогьалил цIваялде дур цIарги ахIун,**
**Гаргадана гьебгун гьев кочIодалъун.**

**Рокьул Олимпалда Дагъистаналъул**
**Дуе цIа бакарав цойги Прометей,**
**БухIи лъараб гьасул гьинал рекIее**
**Дур гуреб сипаталъ сагьиллъи кьечIо.**

**Дунни бахиллъула, тIубачIониги,**
**Бицадуй хутIараб рокьи лъаразда.**

## ЧIУХIУЛА КИДАГО ДИР КАРАНДА РАКI

Дир халкъ, дун дур васлъун ватиялдаса,
Дур гьаб къисмат дие гIаммлъиялдаса,
ГIадатал цIунизе рес щвеялдаса
ЧIухIула кидаго дир каранда ракI.

ЗахIматалъул кьалда мун гIуцIулезул,
Кьерда чIезе дийги нух щвеялдаса,
Гьезул къеркьеялъулъ, гIаданлъи цIунун,
Мухъилавлъун чIезе бакI щвеялдаса.

Дир жанги, гьунарги, гьабулеб ишги,
Дир рокьиги, лъайги, тIолго гIумруги
Дуе тIубан кьезе рес щвеялдаса
ЧIухIула кидаго дир каранда ракI.

## МУНИЩ ЦЕЕ ККАРАЙ, ДУНИЩ КВАТIАРАВ

Рокьиги букIанин, балайги кканин,
Гьаб гIумрудул нухда дандчIвачIел кин нилъ,
Гьаваялъ рухIанин, гIищкъуялъ чIванин,
Данде рилълъаниги, цолъичIел кин нилъ.

Дунищ гIедегIарав, мунищ лъалхъарай,
Яги заманалъищ хIилла гьабураб?
Мунищ цее ккарай, дунищ кватIарав,
РатIалъарал щайха, рикьуде щведал?

Дурги рокьул гама океан бакьулъ
Эхетун хутIана, хирияй гьудул,
Гьаваялъ бачунеб гIищкъул ледокол
Гаваналде щвечIо, рокьи ккарай яс.

Капитан унтунищ, карта билунищ,
Компас хIалтIичIого, маршрут хисунищ?
Лангар тIаде цIалел гамихъабазул
Гьунар гьечIогунищ, къуват дагьлъунищ?

Рокьул гьаваялъул океаналда
Гьурийищ бахъараб, буранищ пураб?
Яги зодор лъурал бецIал хьухьаца
Хьул буссинабунищ сапаралдаса?

Балаялъул ралъдалъ буранал пуйдал,
«SOS» – гIаги кин кьечIеб, къватIив вахъине?
КъватIул гьураз сверун гор тIамулелъул,
Гудокал щай кьечIел, хIалай вачIине?

Гьанже, гьури гIадин, свердулев дунги,
Сси хвелилан хIинкъун, рокъой чIун мунги….
МагIна кин гьабилеб гьаб рокьиялъул ? –
Рукьбал рухIи – дие, хIалхьиялда – мун…

## ГIАЙИБАЛЪЕ ЛЪУНА ЛЪАЙ БУГЕЛ РУКIИН

Туснахърукъзабазухъ гIалимзабазе
ГIайибалъе лъуна лъай бугел рукIин.
Сурав босулаго, кIал гьикъулелъул,
ГIиллалъун бачана гIакъилал рукIин.

Аристотелаца тарбия кьурав
Кьалда гIумру ана мутагIиласул.
Рагъул пиша беццун рецц гьабичIелъул,
Апараг гьавуна Зулкъарнайица.

Доба Афиналда – Сократие суд,
Сабурго эхетун машгьурав гIалим.
ГIелму малъунилан чIвазе къотIана
ЧIухIилъун вукIарав гьев архонтаялъ.

Николай Коперник – гIасрудал чирахъ,
Кинаб къисмат къачIан батараб досда,
БитIун тIогьол гIужалъ, гIолохъанлъуда
ГIасияб цIадулъе гали бегьизе?!

Огь, доб Востокалъул апарагзаби:
Авиценна, Джами, ГIумарил ХIаям.
ХIасрат бергьанщинал шагIирзабазул
ШигIрабазда цебе барабщинаб гъегъ.

Игьалиб бахъараб гIасияб кьвагьи… –
Кьураби угьдана, гIащикъ таридал.
ГIумруги гIажалги гIорхъоде щведал,
Щурана Муиян ахираб калам.

Цин берал рахъана, кIутIби рукъана
Рияъ бецчичIезул, рецц гьабичIезул.
Кверазда, бохдузда маххалги рахан,
Сибиралде къотIун ана ритIухълъи.

ГIалихIажи
МУХIАМАДОВ

## ГЕНЕРАЛАСУЛ ХАБАР

Москваялдаса рикIкIад гьечIеб гьитIинабго шагьаралъул рагIалда, сверун чIоргIан ритIарал, рорхатал гъутIбуз ва лъел электростанциялъул гIатIидаб хIоралъ берцин гьабураб расалъиялда буго Россиялда цохIого- цохIо бугеб Афгъанистаналъул рагъул ветераназул сахлъи щула гьабулеб санатория «Русь».Совет хIукуматалъул заманалда партиялъул чIахIиял хъулухъчагIазе бараб санатория,гьанже заманалъул тIалабазда дандеккунги гIезегIан беричабги,бечедабги,киналго квегIенлъаби ругебги буго.Бихьухъе, кутакалда жидерго тIалаб гьабулеб букIун буго коммунист партиялъул церехъабаз.Совет хIукумат биххарал соназда, кинали лъаларо, гьеб кьун буго Афгъаналъул рагъул ветераназул ТIолгороссиялъул организациялъе.Ахирал соназдайин абуни гьениб хIухьбахъи гьабизе риччала ВатIанияб рагъулги, Венгриялъул лъугьа-бахъиназулги, Чачаназул рагъулги ветеранал…

Роол бищун къоялги халатаб,бакъги хинаб моцIцIалъ санатория, тIолабго Россиялдасанго рачIарал хIухьбахъулез цIун букIана.Гьенир дандчIвалаан анцIго,къого,лъебергоги соналъ цоцада рихьичIел тIадехун рехсарал рагъазулъ гIахьаллъаралги сакъатлъаралги,лъудбузул ва гIагаразул цIобалде ккарал,бадиб пашманлъиги,бахIарчилъиги,гIумруялде гIишкъуги бессарал ветеранал.Гьезул роххалил гьаркьазги расги нечечIого бадиса магIу чваххулелги дандчIваязухъ балагьараб мехалъ кколеб букIана гьал цоцаздаса кидаялиго ратIалъарал вацалги гIагарал чагIиги ратилин.Цоцахъебахъи гьабун гьез бицунаан церегосел лъугьа-бахъиназулги гIолохъанго камурал гьудулзабазулги хIакъалъулъ.Гьединго, санаториялда гъоркьиса, кьерциса лъай-хъвай ккаралги разиго дандчIвалаан гьенир.

Азариде гIунтIун чагIи цадахъго кваназе бегьулеб кIудияб столоваялда, анлъ-анлъ чи гIодорчIчIолел столазда нахъа бакIал жив-живасда хадур цереккунго рихьизарун рукIана.

Нижер, дагъистаниязулги, букIана бихьизабураб, бусурбабазе данде кколеб квен кьолеб хассаб стол.Щибаб кванил ригьда нижералда аскIосеб столалде унаан цояс цоясул рукьалги ккун рилълъине кумекги гьабулаго, мугъзалълъа дагьал къуланиги, рорхатал къаркъалабазул кIиго херав.

– Кваранисевни гIолохъанаб мехалъ залимав чи вукIун ватила, – ян абуна ХIасаница цо къоялъ къадеквание гIодоччIарал нижеда аскIоре гIагарлъулел дол херал рихьарабго.—Бихьулищ, досул лугбазулги квер-бохалъулги чIахIлалъи?

– Лъабго соналъ цереги рукIана гьал гьанир, дун мекъи ватичIони кIиялго генералзаби рукIине ккола, – ян абуна арал соназдаги чамалиго нухалъ гьаниве

щварав Имангъазалица.Гьедин батиялъе нугlлъи гьабулеб букlана киназго гьел херазул гьабулеб адабалъги.

– Салам гlалейкум, горцы! – ян ахlун абуна нижер столалда асклове щваравго гьудуласул рукьги биччан, рагъулаб къамартlлъиялда ворхунчlчlезе хlаракатги бахъулаго дов залимас.

– Вагlалайкум салам!—ин вархxан тlаде рахъана нижер ункъавго.

Столазда нахъа чlчlаралги, рачlунел-унелги гlажаиблъун нижехъ ралагьун чlчlана.

– Кисаха нуж кколел, гlолохъаби?—ян гьикъана херас кьвараpб,командирасул гьаракьалъ.

– Дагъистаналдаса, – ян абуна дица киназего гlоло.

– Во-о! Нилълъ ракьцоялин абизе бегьила, гьудулзаби.Лъабго соналъ Махlачхъалаялда рагъулаб хъулухъалда вукlана дун Ватlанияб рагъдаса хадусел соназда, – ян абуна херас гьурмаде гьимигун бачlун. – Нужни «афгъанцал» ратила, гlолохъаби…Гlодорчlезе бегьила.

– Мун витlарав вуго, гьалмагъ генерал, – ин абуна Хlасаница.

– Дун генерал вукlин кисаха дуда лъараб?— ин гьикъана херас.

– Нижеда генералзаби рикlкlадасанго ва цlаралккун лъала,—ян абуна дица гьимулаго.

– Молодцы, молодцы, – ян такрар гьабуна разиго херас.—Генерал-полковник Янис Балодис,гьавги дир рагъулав гьудул генерал-лейтенант Сергей Терехов!—ин добго рагъулаб чlваркьиялда абуна генералас.

Нижер щивасги цlарал рицана…

– Жеги рихьила, хабар-кlал бицина, гlолохъаби, – ян абуна генералас рукьги ккун гьалмагъги вачун унаго.…

Хадуб нижер жеги лъикlаб лъай-хъвай ва гьудуллъицин кканин абизе бегьила генералзабазулгун. Генерал Янис Болодис ватана латышав.Гьев вукlана гъираялда кlалъалев, харбилъл махсаро гlемерав чи.Гьел ратана Ватlанияб рагъдаго ккараб гьудуллъи биххизе течlел, башдаб гlасру гlанисеб заман рагъулаб хъулухъалда арал гьудулзаби. Кванил лъабабго ригьдаги, санаториялъул беричаб паркалда тира-сверулагоги дандчlвайгун додинго магlарул къагlидалъ «Салам алейкум» абун салам кьолаан генералзабаз нижее. Гьездаса цереккун салам кьезеги,цо-цо гьел роххулел рагlаби реххизеги нижецаги яхl бахъулаан.Хlакъикъаталдаги,Имангъазалица абухъе латышав гlолохъанаб мехалъ гугарухъан вукlун вуго. «Дун 1947 соналда гугариялъул бакlаб цlайиялда Дагъистаналъул чемпион ккола,» - ян абуна херас хадуб хабар ккейгун.Ватlанияб рагъулги миллатазухъ балагьичlого Совет хlукуматалъул заманалда гlадамазда гьоркьоб букlараб гьудуллъи-вацлъиялъул чанги бицунаан генералзабаз нижее. Латышасда Дагъистасналъул тарих гlезегlанго лъикl лъалеб батана.1946-1947 соназда Дагъистаналда рагъулаб хъулухъалда вукlун вуго Янис.Дагъистаналъул гlемермиллатазул халкъалъул гьудуллъиялъул, гьобол хиралъиялъул бицунаан гьес разиго.Жинцадила тlолабго гlумруялъ Дагъистаналъулгун бухьен къотlизе течlила, рагъулаб хъулухъалда цадахъ ккарал дагъистаниязулгун гьудуллъи цlунанила, амма пайда щибила, ахирал соназда, киналго гьалмагъзаби ахираталъул рокъоре анила. Гlемерал ракlалдещвеял гьесул ратана Расул Хlамзатовасда рухьаралги. Досулгун букlараб лъай-хъваялдаса воххаравги чlухlаравги вукlин бахчулароан генералас.

– Дие сайгъат гьабураб жиндирго «Дир Дагъистан» тIехьалъул жилдалда Расул ХIамзатовичас хъван букIана «Дагъистаналъул солдатасе – Латвиялъул генераласе»– йин гьимулаго абуна генералас.

…Цо къоялъ къаде кванидаса хадур санаториялъул азбаралда гургинаб лълъадал фонтаналда аскIоб, гъотIокь халатаб бакIида гIодорчIчIун ратарал гьезда аскIор кIусана нижги.Кидаго гIадин иж рачIиналдаса воххана генерал.

– Сергей Юрьевич, цо дуе нижер Дагъистаналъул мацIцIазул балъголъиги гIажаиблъиги бихьизабилищ?—ин абуна генерал Балодисица «нижер Дагъистан» рагIабиги ратIа рахъиледухъ абун.

– Дагъистаналъул мацIцIал дуда лъалеблъи гьалгощинал соназ лъан букIинчIо дида, Янис Айварсович, – ан абуна генерал Тереховас гьудуласул иргадулаб махсаро кинабдаян бичIчIизе гьесул бадивеги валагьун.

– Щай гьел мацIцIал дида лъазе кколел, лъалел гIолохъаби рихьуларогойищ мун?—ин гьимулаго абуна генералас.—Гьая, гIолохъаби, нужер кинасха гьав дир гьудуласе бицинеб магIарул мацIцIалда кьода гъоркь къва-къвадулел къуркъбузул?—ин гьимулаго гьикъана генералас гъоркьан- тIаде нижер щивасде берги щвезабун.

Генераласул мурад бичIчIарал нижееги кеп швана.Имангъазалица гьел авар мацIцIалда гIажаибго лъугьунел рагIаби абидал гьев кIиясегоги нижер харбихъ гIенеккарал гIурусазеги кутакаб кеп щвана. Жеги чанцIулго такрар гьаризе ккана дол рагIаби гъозул гьариялдалъун ва щибаб нухалъ бадиса магIу бацIцIунедухъ релъулаан херал.

– Гьанже гIолохъаби, бицининха нужее дирги Расул ХIамзатовасулги цо дандчIваялда ккараб гIажаибаб лъугьа-бахъиналъул, – ин абуна генерал Балодисица бадиса магIу бацIцIунеб букIараб квербацIцIги гурдил каранзул чвантиниб мухIканго лъун.—Дол рукIана ЦК КПССялъул генералияв секретарь Михаил Горбачовас улкаялда гьекъел-мехтелалде рагъ лъазабурал, араб гIасруялъул 80-абилел соназул ахир. Дун, гьанжего-гьанже рагъулаб хъулухъалдаса гIодовчIчIарав чи вищана Калининград областалдаса СССРалъул Верховный Советалъул депутатлъун.Кремлиялъул кIалгIаялдатIолабго улкаялдасаго ракIарун рукIана депутатазул мандатал щварал цIцIар рагIарал политикалги, гIалимзабиги, захIматалъул церехъабиги, республиказул, краязул бутIрулги…

Цо къоялъ съездалъул хIалтIул перерывалъул заманалда залалдаса къват1ире лъугьунел нижеда нуцIцIикIалтIа дандчIвана Расул ХIамзатов.Дида гьев, цевеххун лъай-хъвай букIинчIониги, вихьаравго лъана.

БитIун бицани дие гьесул поэзия кутакалда бокьулаан.ВатIанияб рагъда гьитIинав гIолохъанчи гIахьаллъарав, эменги кIудияв вацги гьенир камурав дие Расулил «Къункъраби» кечIалъ бицине бажарулареб кIудияб асар гьабула. Гьай-гьай, «Дир Дагъистан» тIа-тIала вуссун чаналиго нухалъ цIалунги букIана дица.

Дунгун цадахъ вукIарав Калининград обкомалъул тIоцевесев секретарь Дмитрий Васильевич Романинил лъикIаб лъай-хъвай батана Расул ХIамзатовасулгун.Нижер лъай-хъвай гьабулаго рагъулаб къагIидаялъ «генерал-полковник Янис Балодис» – ин абуна дица ва рекIеда ватичIого гIадин честьги кьун хадуб бегьана Расул ХIамзатовичасухъе квер.

– Генералас поэтасе честь кьолеб улка биххизабизехъин буго гьадаб къапилаялъ, – ин залалда жанибехун бетIер хьвагIана Расулица дир кверги босун.Ниж цо параялъ риххун хутIизаруна Расулил махсароде лъаларо,

унго- унго лъаларо абурал раглабаз.Гlажаибаб, баклаб сихlкъотlи лъугьана нижер гурулълъ.Доб заманалда улкаялъул кверщел кодосезде Кремлиялъул кlалгlаялда пачалихъ биххизабулел чаглиян абизе кlвей цlакъ жавабчилъиги хlатта хlинкъи цlиклкlарабги ишлъун кколаан…

– Кинха бугеб дур гьитlинаб, чlухlараб Дагъистан, Расул Хlамзатович?—ин цlехана тlоцеве рекlеда ватарав,хабар цоги рахънибе бачине бокьарав Дмитрий Романиница .

– Гьоболасе тlезе чагъир тезехъин гьечlо дир Дагъистаналдаги, тlагъур босизе ритlани бетlерги босун бачlунеб тайпаялъ…Анцl-анцl соназ захlматхалкъалъ глетlги тlун глезарурал, Молдавиялдасаги, Франциялдасаги, Италиялдасаги росун чlарал къанаглатал сортазул цlолбол ахазул авлахъал гъурун лъолел ругоха гьекъел-мехтелалде рагъ лъазабун гьаб кlалгlаялдаса бачlараб ахlухъе... Цlибил – гьеб цохlо гларакъи-чагъир гуреблъидал, – ин абуна Расулица. Бихьулеб буклана хlакъикъаталдаги гьев раклунтун кlалъалев вуклин.Расулил гьеб хlунссулеб хабар рекlее глечlел цо-цоял нижер гурулълъа хехгьабун нахъе ана.

– Гьекъел цlакъ кlвар кьезе ккараб, хlатта, нилъер улкаялъулго даражаялъул балагьлъун лъугьун бугоха, Расул Хlамзатович, – ин абуна харбилълъ политикияб рахъ чучлъизе бокьарав дица.

– Гьекъолди инсанасул унти буго.Гьекъолдухъаби сах гьаризе ккола... Пачалихъалъул экономикаялъе зарал кьолел хехал хlукмаби рахъичlого, гьалмагъ генерал.Ургъун хlалтlи гьабизе ккеларищ гьаб кlудияб пачалихъалъул кверщелги къисматги кодосес, – ин абуна Расулица дидеги вуссун.

– Гьекъел-мехтелалде рагъ лъазабураб ЦКаялъул Указ гъалатlаблъунищха дуца риклклунеб, Расул Хlамзатович?—ин гьикъана нижеда гьоркьоса цо къокъвиццатав, къвалакь папка ккурав чияс.

– Гьеб гъалатlабищ битlарабищ абураб дур суалалъе жаваб заманалъ кьела, амма жакъа улкаялда, хассго дир Дагъистаналда, гьеб Указ тlубазелъун гьарулел тадбираз я дун, я нуж рохизесеб хlасилалде рачунареблъиялда раклчlчlарав вуго дун, – ин чlванкъотlараб жаваб кьуна Расул Хlамзатовичас.

– Гьелъищха мун жакъа дагьав пашманго вугев, Расул Хlамзатович?—ин гьоркьов жувана жеги хабар политикияб рахъалдаса сверизабизе бокьарав обкомалъул секретарь Дмитрий Романин.

– Дмитрий Васильевич, я не печальный, я трезвый!—ин абуна Расулица цо батlияб гьимиги гьурмаде бачун…

Нужеда раглизе лъиклanха гьеб лахlзаталъ цадахъго бахъараб релъиялъул гlа-глай.Тlеренал мухъал хутlуледухъ къанщун бералгун нижеда цадахъ живгоги велъана Расул Хlамзатович…

Гьебсаглаталъ ниж жанире ахlулеб цlурмил зваргъи бахъана.

– Долдаса щуго сон иналде, Расулица абухъе, генералас поэтасе честь кьолеб, захlматхалкъалъул къадру цlиклкlараб, кlудияб улка биххана.

Тlалъиялде рорчlарал жанисел тушбабаз дунялалда бищунго гучаб пачалихъалда гьарурал хlакъирал ишазулги гьезул ккарал хlасилазулги нуглзаллъун руго нилълъ…Амма кидаго дица хlисаб гьабула кинандай Расулида бачlинахъего улкаялда лъугьунел ишазул хlасил лъиклаб буклинареблъи додин якъинго лъараб ва кин досда кlвараб гьелъул хlакъалъулъ Кремлиялъул кlалгlаялда рагьун абизе.Гьебни дица, рагъулав генералас, бахlарчилъилъун риклклуна, глолохъаби, – ян хабар лъуглинабуна генералас.

## БЕКАРАБ ХАНЖАР

*(XIакъикъияб лъугьа-бахъиналъул кьучIалда хъвараб хабар)*

МагIарулгьитIинабросулъ расги гуреб жо сабаблъун кIиго тухумалда гьоркьоб чIвай-хъвей ва бидулаб тушманлъи ккана. Заманги, гIадаталги,гIадамалги рукIана гьединал: сабру дагьал, ццин хехал, ханжарги кверги лебалал... ТIинчIал гIолохъабазда гьоркьоб ккараб дагIба-рагIи сабаблъун гIодобе тIуна би.МаркIачIукакиде мажгиталда жаниве лъугьунев херлъиялде варав, ворхатав бихьинчиясда гъоркьчIелги гьабун, нахъаса мугъзалъ къазабураб ханжар цебеса къватIибе баккана.Гьев вукIана гъалмагъир ккарал гIолохъабазул цоясул эмен. Залимаб къаркъалаялъул,сахлъи щулияв чи вукIиналъги батила, кIиго къоялъ халатбахъана гьесул гIажала-

лъулгун къеркьей.Лъабабилеб къоялъул маркIачIуда рукъ цIурал лъималазул эмен абадияб рокъове ана... Гьоркьор сонал ингун щайин дуца, гIолохъанчияс, кIудияб ригьалъул чиясда ханжар нахъасан чIварабин гьикъидал, дос абун рагIула бадиса-бадибе жиндир хIал бащалъизе букIинчIин дов залимасдаян. РакI гъанцIизабураб чIвай-хъвей гIодобуссинабизе росдал къадруял гIадамаз гIезегIан хIаракат бахъана, хабар бицана.ГIадаталда батухъе бидул хIакъги тIад къотIана, чIвадарухъанги росутун вахъинавизе хIукму гьабуна, дов добго сордоялъ живго цевеса тIагIаниги...ЧIварасул рукIанаункъо базалиял, рукъалде руссарал васал.Гьезул кIигоял гIумру гьабун рукIана мадугьалихъ бугеб, эбелалъул кколеб росулъ.

«Бидухъ би» абураб умумулълъанго батараб гIадат магIарулазда тезабизе имам Шамилицаги хадусел Дагъистаналъул кверщел кодосезги чанги къануналги лъазабиялги рахъана ва хIалтIизаруна, амма абизисеб хIасил кьечIо.Гьедин кканин абизе бегьила гьабнухалъги.ЧIварасул тухумалъул чIахIиял сабру гьабун чIчIаниги,гIолохъабазда,хассго ункъавго васасда ресал ралагьунги рецIел босичIого чIчIезе ракIалда букIинчIо.ЧIчIезе бокьаниги гьезда гьеб мех-мехалда ракIалда щвезабулел кIал бегIерал чагIи росулъги камулел рукIинчIо.Кинан щиб бицаниги маслихIатчагIазда бажаричIин абизе бегьила ракълидалъун иш роцIцIинабураб къотIуде кIиябго тухум бачине. ЧIварасул гIагарлъиялъухъе кигIан хадур лъугьаниги бидулав кодов щолев вукIинчIо—дов бидвиххун киве аравали чIезабизе кIоларого.Доб заманалда къанагIатаблъун кколареб гьеб къварилъи ккун лъагIел сверилалде чIварасул васазул цояс мажгиталъул тIуцабго гордухъа къватIиве как ахIизе ваккарав (росдал мажгиталъул минара букIинчIого как гордухъан ахIулеб гIадат букIана) тушбабазул тухумалъул кIудияв чи къадахъанги ххарун карандачухъидасаги ккун хъун виччан тана…Гьединаб букIана цо-цо росабалълъ гIадат – бидулав кодове щвезе чIолев гьечIони дозул цебесеб гIагарлъиялдаса рецIел босулеб.

Нахъеги найил тIала гIадин хъудана росу.Нахъеги гьоркьор лъугьана чIахIиял,къадруял, хIатта ракълилаб маслихIат гьабизе сверухъ росабалъаги ахIарал чагIи.ДагIба-рагIиялда ана лъабгониги моцI.Доб соналъ магIарухъе хасел цудунаб ва гIазулаб бачIана.Къадекак бан мех балелде тIохаздаса гIазу реххизе рахъарал росдал гIадамазда бихьана росдадаса рикIкIад гьечIеб хьонлъудаса тIунбачIараб саламатаб гIазул гIанси хъудулаго кIкIалахъан араб

куц… Ахlи-хlур гlодоцинегlан росдадаса рикlкlадаб колода вахчун вукlарав рецlел босун кlудияв чи чlварав гlолохъанчи,доб гlонсокье ккун рагlулин ахlи бахъана мех балелде.Кlиго къоялъ халатбахъана сверухъ росабалъаги гlемерал гlадамал гlахьаллъараб гlонсокье ккарав валагьулеб тадбир.Хlалихъе ватизе кlварав гlолохъанчи лъабабилеб къоялъ хабалълъ вукъана.Гьесул къого сон бачlей чlужуги къороллъана, ургьивго васги бесдаллъана.

Къокъидго эменги гьитlинав вацги камурав,асклосеб эбелалъул росулъ гlумру гьабун вугев,тlоцевесев «къурбанасул» бищун кlудияв васасе – Тlинахlажиясе цlакъ захlмат букlана гlадатазеги росдал жамагlаталъул маслихlатазеги мутlигlлъун,лъабго бихьинчиясул гlумруялъе ахир лъеялъе сабаблъун ккарав дов жиндирго эмен чlварав бидулав валагьичlого,тlасалъугьун тезе. Къварилъиялъги ццидацаги бухlулеб ракlалъ хlалхьиялда толарого,чlегlераб чодаги рекlун гьал-дол багьанабиги ратун сверухъ росабалълъе ваккарулаан гьев,бидуласул хабар лъалародаян.

Ахир-къадги гьесухъе хабар щвана мадугьалихъ росулъе, гьоболасул бакlалде, гьоркьо-гьоркьов щолев рагlулин тушманин. Амма, гlажаибаб жо, дов тушманасул гьобол вукlана гьазул тухумалъулги умумулълъанго ватарав гьобол-рукъги бугев чи…Гьедин батиялъ Тlинахlажиясе бигьагоги захlматги букlана – гьасие бокьараб мехалда гьоболасул бакlалде ине бегьулеб букlана тушман ватизе хьулалда, амма гьоболасул адаб тун гьесул рокъов бидулав чlвазе ккеладаян ургъалилълъги вукlунаан.

Кlалбиччанкъоялъ гьоболлъухъ вачlине рес рекъеларищан дов гьоболас ругьел бачlиндал тlокlалъ нахъбахъичlого радалго къватlив вахъана Тlинахlажияв.Кlалтlа чуги бухьун, саламги кьун гьоболасул рокъове лъугьун вачlарав гьасда халлъичlо гьоболасулги, гъоркь ратарал хъахlаб мегежалъул херасулги, хважаинасул гlагарал кlиго бихьинчиясулги рахlатхвей.Гьел чагlи гьоболасулълъ ратиги Тlинахlажиясги Кlалбиччанкъоялда бухьинабун, кlваркьечlого тана.

– Хирияб гlидалъул байрам баркула, Мухlамадгlумар-даци, нужеца ккурал кlалалги, рахъарал сахlалги, гьабураб гlибадатги Аллагьас азаридеги

рахинарун къабул гьареги, – ян абуна Тlинахlажияс салам-каламалдаса хадуб хъваштlан босун хважаинасул чlужуялъ лъураб бакlидаги кlусулаго.

– Амин я Алллагь! Нужерги къабуллъаги кlалалги сахlалги,-ян абуна Т1инахlажиясул инсул ригьалъул хважаинасги.—Лъове росулъе щваравищ, жеги

гlазу тlубанго биун бихьуларин лъобани,нижер анибни ихдалица кверщел гьабулеб буго.

– Мугlрузде гlазу бачlони гlоразе кутак щоларин вукlунаанха мунагьал чураяв эмен, гьанже гlемер щвезе кколев вугоха лъовеги цоги росабалъеги, –ян абуна Тlинахlажияс пашманаб гьаракьалъ, гъоркьан гьоболасухъги валагьун.

Араб соналъ ккараб пашманаб лъугьа-бахъиналъул хlасилалда гlумруялдаса ватlалъарав жиндирго гьоболги гьесул гlолохъанчи васги ракlалдещолеб хабаралъ Мухlамадгlумарги херал чагlиги лъикlаланго заманалъ сихlкъотlун хутlизаруна.

–Тlинахlажияв,дир вас,Аллагьас жиндирго лагъзадерил батlи-батlияса хlалал рихьулила, рохел-къварилъи батаниги,бечелъи-мискинлъи батаниги,захlмат-гlазабал кьуннигиян хъван буго хириял тlахьазда.Аммаха чиясда хlехьезе

кӀолареб жо гьесда бихьизеги толарин РахӀмасинги буго, - ян абуна хӀеренаб гьаракьалъ, каранде даларабlъедераб магжил херав чияс.—Мун вацазул вищун кӀудияв вуго,дуца бихьизабизе ккола сабрукӀодолъиги,рахӀмугӀатӀилъиги хутӀараздаги росдал жамагӀаталдаги.Мун хехдарунги,ццин гӀакълуялдаса цебе биччанги лъугьани къурбаналги тушманлъиги цӀцӀикӀин гурони батӀияб хӀасил кьоларинха.

– Валлагьха, кӀудияв чи, «бидухъ би» абураб гӀадат дица ургъараб ялъуни дида тезабизе бажарулеб жо батиялда щаклъи дирги нужерги гьечӀебха,- ян абуна рахӀатхварал бераз херасухъги валагьун ТӀинахӀажияс.—Сабруги иманги кибдай букӀараб херлъиялда варав чиясда нахъасан ханжар чӀвалев гӀолохъанчиясул?

– Гьелъул бицуневха дунги вугев.Гьединан букӀуна гӀакълуялдасаги сабруялдасаги ццин бергьине толеб мехалъ.Бидул рецӀел босизе кколин абуралдасаги гӀемер ва мухӀканго тӀасалъугьиналъулги маслихӀаталъулги букӀунеб даражаялъул бицунеб буго хириял тӀахьаздаги. ТӀинахӀажияв, гьоболасул вас, нижеца лъоба нужер росулъ, маслихӀаталъул къоялъги бицана дур инсудаса рецӀел босанин Ибрагьимица дозул кӀудияв чи чӀваялдалъун, гьеб бакӀалда тушманлъиялъе ахир лъуни лъикӀаб букӀинаан.Гьединаб хӀукмуялдеги рачӀун рукӀанин нилъълъ, щайха мун гьанже цӀидасан гьалаглъулев?

– ВахӀ! МухӀамадгӀумар-даци, дуда гӀонсокье ккун хварав дир гьитӀинав вац кӀочон тунищ? Гьев хвеялъе сабаблъун щив ккаравали лъаларогойищ мун?

Кинаб ращалъиялъулха дуца бицунеб, кӀигояв нижер, цояв дозул камураб хӀасилалъул?

– Ибрагьим къадаралде щвей нагагьаб балагьлъун рикӀкӀани лъикӀан,дир вас. Гьединал хӀасилал дуца гьаруни тушманлъи соназги гӀасрабазги халатбахъине рес буго.Лагъ тархъан гьавурасдаги тушман тӀасалъугьун тезе кӀварасдаги тӀаде чваххулеб Аллагьасул рахӀматалъул гьарзалъи лъаниха дуда, – ян абуна нахъеги херас…

– ТӀад релъун гӀадамалгун ва тушбабигун вукӀа гӀумруялъ дунан вугоха мун, кӀудияв чи, – ян абуна ТӀинахӀажияс тӀадеялдаса -тӀаде гьалаглъулеб ццин къинабизе хӀаракатги бахъунаго.

– Мун кӀигӀаркьелал мацӀцӀал ругел гӀадамазул харбазухъ гӀенеккичӀого, къадруял жамагӀатчагӀазул хӀукмуялдаги, Аллагьасул амруялдаги хадув вилълъани лъикӀ букӀина.Нилълъер росабалълъ дагьал гьечӀо ракълилаб нухги тӀаса бищун, бачӀунеб гӀелалъе тушманлъиялъул гуреб гьудуллъиялъул бицен тарал сабурал, цӀодорал гӀадамал.

…КӀалъалел гьалги тун рукъалъул хважаин къватӀиве лъугьун ана.Мехго балелде жанив вачӀарав гьасул гьурмалълъги рагъа-ракариялъулълъги загьирлъулеб рахӀатхвей ТӀинахӀажиясда халлъичӀо.ХъахӀаб мегежалъул херас гъоркьанго берал речӀчӀизарулел рукӀана МухӀамадгӀумагӀумарида гьес щибниги абилародаян хьулалъ, амма хважаинас хабар цоги рахъалдехун сверизабуна.

– Мадинат, бухӀараб гьагӀу гьечӀищ сапаралда свакарав гьоболасе? – ян

ахӀана гьес лъадуде.Гьелъухъ ялагьун йикӀаралъ гӀадин, хехгьабун ячӀун, бухӀилаго бугеб гьагӀуялъул гъадаро ТӀинахӀажиясда цебе лъуна Мадинатицаги.

ГӀумру-яшавалъул хабар-кӀалалда лъикӀаланго заман ингун, рагьулелъул къиркъидулеб нуцӀихьан жаниве нечадго гӀадин лъугьун вачӀана ТӀинахӀажияс гьабгощинаб заманалъ валагьулев вукӀарав, пикрабалълъги макьилълъги чанцӀулго батӀияса гьас чӀварав тушман.Гьес салам кьечӀониги рокъор ругел киналго цадахъго гьесул рахъалдехун руссана.Жиндирго беразда божуларев гӀадин гьалгъан хутӀана ТӀинахӀажияв цолахӀзаталъ. Хадув рекӀеда ватун, кӀанцӀун вахъун, хартӀан рачлихъа ханжарги бахъун цевехун вортун унев гьасие МухӀамадгӀумарицаги хутӀаразги гьоркьоре кӀанцӀун нух къана. «Аллагь!» – ан гьаракьги гьабун хӀинкъарай хважаинасул лъадиги къватӀие тӀурун ана.

– ТӀинахӀажияв, дир вас! Хирияб гӀидалъул къоялъул хӀурматалъе гӀоло сабру гьабе! – ян ахӀун абуна чарабухӀарав МухӀамадгӀумарица кӀиябго квералъ дугъдан ханжар ккураб ТӀинахӀажиясул кверги ккун.

– НагӀана батаяв тушман! – илан ахӀана батӀиял рагӀаби мацӀцӀалде рачӀунарев, ццидаца гъанкъулев, ТӀинахӀажияс.—Чехь бихъун чӀарбиде чӀехьела дица дур бакьал, хъурумсахъ!

– ТӀинахӀажияв! Сабру гьабе, гьоболасул вас! Вореха кӀочонге маслихӀаталъул тӀалабал дуца хӀатӀикь мерхьани тушманлъи халатбахъилеблъи! – ян ахӀана МухӀамадгӀумарица.—Мун дица хирияб къоялъ чӀвай-хъвеялъе гурев,трекъел гьабиялъе ахӀанин гьаниве! ГӀадаллъуге! Къадруял харабазул харбихъ гӀинтӀаме!

– Сабру гьабе, дир вас! Сабру гьабе! КидаллъизегӀан гьаб тушманлъи халатбахъине тезе бугеб? – ин сородулеб гьаркьалъ абуна хъахӀаб магжил херасги, ТӀинахӀажиясул гӀункӀрукьги ккун.

– Гьас багъарана кинабго хӀарщ, цеве ункъо васги вукӀаго расги гӀайиб гьечӀев кӀудияв чиги чӀван! ГӀолохъабазда гьоркьоб ккараб дагӀба-рагӀи жидецаго роцӀцӀинабизе течӀого! – ян ахӀана ТӀинахӀажияс жив сверун ккуразухъа ворчӀизе тенколаго…

Бихьиназул цояс нахъаса лъугьун къвалжемун рачлихъа ккурав гьесда ворчӀизе кигӀан кьуркьуданиги бажарулеб букӀинчӀо.

– ГӀайибиял ралагьиялде нилъалъ машгъуллъани тушманлъиялъе ахир букӀинаро.КӀиябго рахъалъул руго жиде-жидер ритӀухълъиги гӀунтӀизарулел гӀайибалги.Араб-таралде дуца нуцӀа къай, бихьинчи, сабру гьабун чӀчӀезе кӀвейги бахӀарчилъи буго, – ян гьоркьов жувана хважаинасул гӀагарав чиги.

– Харбал рицине бигьаго буго нужее, кинха бичӀчӀилеб лъагӀел сверилалде чияца эменги чӀварав, вацги камурасул рекӀел бухӀиги къисас босизе бугеб щавкъги нужеда.Дир бераздалъунги ралагьеха нуж гьаб кьогӀаб хӀакъикъаталъухъ ва диде бегараб кӀудияб жавабчилъиялде! – ян ахӀун абуна ТӀинахӀажияс ккуразухъа ворчӀизе нухал ралагьулаго.

– Ункъо вацасул бищун кӀудиявги, жавабчилъи тӀаде ккаравги вукӀиналъха мун нижеца жакъа гьаб бакӀалде тӀалаб гьавурав, – ин абуна хъахӀаб мегежалъул херас ТӀинахӀажиясул бадивеги валагьун сабураб,хӀалимаб гьаракьалъ.—Дуда бараб буго гӀемераб ва Аллагьасул рахӀмуги цӀобги дуде щвела щайтӀаналъе нагӀанаги кьун, кӀиго тухумалъул тушманлъи лъугӀизабизе ва гьудуллъиялъул квер цоцахъе кьезе дур гӀакълуги бахӀарчилъиги гӀуни.

Ццидаца гъанкъулев ТӀинахӀажияв гӀодовуссинавизе кумекалъе роргун рачӀана хважаинасул лъадул ахӀухъе къватӀиса рачӀарал бихьиналги.

Гьаб кинабго лъугьа-бахъунеб жинда хъинтӀулареб гӀадин рагьумахӀуялда гъежги базабун пащманго гӀодов къулун чӀун вукӀана хохораб ратӀлил, бахараб чӀегӀераб мегежалъул гӀолохъанчи.Бихьиназ гӀезегӀан хабар бицине ккана ТӀинахӀажияс ханжар лъалиниб лъезелъун.

– Дуца гьоболасул рокъоб такъсирги гьабун кӀиябго кьолбол тушманлъи халатбахъинабуни, Ахираталъул рокъоре чанги гӀайиб гьечӀел гӀолохъаби ина ва тушманлъиялъе ахир батиларо.Сабру гьабе, ТӀинахӀажияв! Аллагьасе гӀоло сабру гьабе! – ян кӀалъана тӀаде рачӀаразда гъорлъа кӀудияб ригьалъул, ворхатав бихьинчи.

– Валлагь, МухӀамадгӀумар-даци, мун дир тушманасулгун гьудуллъи хӀалев ватиялда божун вукӀинчӀо! – ян абуна хӀухьлада хелъарав ва жеги гӀодовуссинчӀев ТӀинахӀажияс, жиндие нухкъан цеве вахъунчӀчӀарасул гъажалдасан досухъги валагьун.

– Аллагьасул хӀукму букӀун буго нужер росулъа дир умумузул гьобол-рукъги бугел тухумал цоцазе тушбабилъун лъугьине.Диеги я хӀалхьи, я рахӀат гьечӀо, аман гьарун гьав гъаримас къаси нуцӀа бухаралдаса нахъе. Нужеда гьоркьоб гьуинлъи тӀирщиялъе гӀезегӀан векерахъдана дун, жакъаги гьедин букӀинародаян хьулазда вуго! – ян кьварун, борхараб гьаркьалъ жаваб кьуна МухӀамадгӀумарица.

– Дуе Аллагьас рес кьун буго кӀудияб кириги, гӀадамазулги, наслабазулги баркалаги щолеб иш гьабизе.ЩайтӀаналъе нагӀанаги кьун, бокьилаан мун нижехъги, жиндирго би дуе хӀалал гьабурав гьав гъаримасухъги гӀенеккани.

КигӀан кӀудиябги, захӀматабги такъсир Аллагьасе гӀоло тӀасалъугьун таразе букӀунеб кириялъул бицун бажариларо, – ян абуна херав чияс недегьаб гьаракьалъ.

- Эмен цеве гьечӀеб мехалъ вищун кӀудияв васги, вацги мун вугелъул, дур сабруги, гӀакълуги, бахӀарчилъиги гӀезе ккола гьаб тушманлъиялъе ахир лъезе.Аллагьасе гӀоло! Аллагьасе гӀоло! – ян ракӀ-ракӀалъго такрар гьабуна МухӀамадгӀумарица.

Рокъоб лъугьараб сихӀкъотӀи биххизабуна бидуласул гӀодобиччараб, пашманаб гьаракьалъ:

– ТӀинахӀажияв…ЛъагӀелгӀанги дие халалъарал сардазги къоязги чанги ургъана дун дихъан борчӀараб кӀудияб такъсиралда тӀад, гьелдаса рекӀекъавги вуго...Дур вацас нижер кӀудияв чи чӀваравлъиги, хадув живгоги нагагьаб балагьалдалъун хваравлъиги дида лъала. Гьезулги мунагьалъулги хӀакъалъулги бутӀа диде кколеблъиги бичӀчӀула.Цоцада гӀайибал гӀунтӀизари-ялде нилъалъ мащгъуллъани нилъер тухумазда гьоркьоб тушманлъиги, жахӀдаги, биял тӀеялги лъугӀинаро.Гьаб рокъор чанги сардал рорчӀана дица МухӀамадгӀумар-дацилгун гьаб кьогӀаб лъугьа-бахъиналъул бицунаго.

Ццимги чучлъараб, ккараб балагьалъул хӀасилги бичӀчӀизе рекӀеда ватараб мехалъ дида бичӀчӀулеб буго нужер ракӀазе бугеб бакӀлъиги къварилъиги…Гьаб вахчарулеб гӀумруги дида чӀалгӀана…Аллагьасе гӀологи, жакъасеб ГӀидалъул къоялъул кӀодолъиялъе гӀологи, гьал хъахӀал мугжузул хӀурматалъе гӀологи, кӀолеб батани дида тӀасалъугьа.БатичӀони, дир биги рухӀги дуе хӀалалаб буго,- янги абун гӀолохъанчи гьасда цеве къулун гӀодобе бетӀергун эхетана.Цинги гьес бигьагьабун лъалиниса бахъун жиндирго ханжар тӀагъи цебе гьабун ТӀинахӀажиясухъе бегьана…

Иш гьадинахун свериялдаса рохханиги, Тlинахlажиясул ахираб рагlи кинабдай букlинебан рахlатхун ралагьун хутlун рукlана рукъ цlун рахъунчlчlарал бихьинал.Кlиябго кверalъ каранде къан гьалараб тlагъурги ккун,

гlицlаб бетlерги гlодоб къулун Тlинахlажиясда цеве сихlтун чlчlовухъе гlолохъанчиги вукlана.

…Цеве вахъунчlчlун тушман, квербитlун щолелъуб досул ханжар… Тlинах1ажияв цо лахlзаталъ щиб-кинан гьабилебали лъаларого хутlун вукlана…

– Алагьасе гlоло! Аллагьасе гlоло, бихьинчи! —ян цадахъго гlадин такрар гьабуна гьесул васвасди бихьарал бихьиназ.

– Гьабе, Тlинахlажияв, мунги, дур наслабаги кlудияб хlакъалдаса цlунулеб, ахир Къиямисеб къоялъ кlудияб даражаги щолеб ищ…Аллагьасе гlоло! – ян рагlана херасул загlипаб гьаракь…

«Гьалеха дов дур тушман! Чан сордоги къоги араб дур гьасул бидухъ гlащикъаб? Къазабе рекlелъ ханжар!» – ин цо гlасияб жанисеб гьаракьалъ гьесизавулев вукlана гьав. «Сабру, сабру, сабру! Аллагьасе гlоло, Аллагьасе гlоло» – ян цогидаб кlудияб къуваталъ къанккурав гlадин чlезавунги вукlана.

– Ашгьаду алла иллагьа илляллагь ва ашгьаду анна Мухlаммадан расулуллагь! – ин рагlана Тlинахlажиясда сородулеб гьаракьалъ гlодове къулахъе бидулас щурулеб.Гьелъ бицине бажарулареб цо батlияб асар гьабуна гьасие.Гьасул васвасди лъагlелгlан халатбихьарал бихьиналги рахlатхун ралагьун хутlун рукlана.

– Аллагьасе гlоло! Аллагьасе гlоло, дир вас! – ин абуна Мухlамадгlумарица кlиябго кверalъ хонжрол тlагъи ккураб Тlинахlажиясул кверги дугъдан ккун.

Тlагъи цебе гьабун жиндехун битlараб тушманасул ханжар бигьа гьабун кодобе босана гьас.Цlахlилаб рокьол гьабураб тlагъиялъул, квергlан гlебаб кlибалаб ханжар тlоцебе бихьулеб гlадин лъикlаланго мехалъ валагьун чlчlана гьав.Цо щибниги квешаб пиша гьасдаса борчlиладаян рахlатхун ралагьун бихьиналги рукlана… Цинги Тlинахlажияс бидуласул бетlералда тlаде кколедухъ гlебеде кlиябго кверги битlун тlагъиялдасаги балалдасаги ккун кlихlи бекана ханжар.Цо параялъ жинца гьабураб бичlчlичlев гlадин кодор ругел хонжрол кесказухъ валагьана хутlана гьав.

– Дунги дир гlагарлъиги дуда тlаса лъугьана…Аллагьасе гlоло! Амма гlумруялъ нижеда вихьулелъув вукlунге! - ян абуна Тlинахlажияс бекараб хонжрол кlиябго кесекги Мухlамадгlалихъе бегьулаго.

– Шукру Аллагьасе! Я Аллагь! Я Аллагь! – ин цадахъго гlадин такрар гьабуна рукъ цlурал бихьиназ.Бахараб, чlегlераб мегежалъул, кьертlурав гlолохъанчи бихьиназ хехгьабун къватlиве вачун ана…

– Дица гьаб бекараб ханжар туризе ракьулъ букъила.Биччанте нужеда гьоркьоб тушманлъиги турун тlагlине. Дуца, дир вас, Аллагьги гlаламги разияб, кlудияб иш гьабуна.Лъове росулъеги ун лъазабе киназдаго тушманлъиялъе ахир лъураблъи, инсулги вацасулги хабадеги вакке, садакъаги гьабе гьезул рухlал рохизе…Бачlунеб рузманалъ дунги вачlина лъове, ин ша Аллагь, жамагlаталда гьаб кинабго бичlчlизабизе, – ян абуна Мухlамадгlумарица къватlиве вахъине къачlадулев Тlинахlажиясда. – Гьав гlолохъанчиги умумулълъанго батараб гlадаталда рекъон нижерго росулъ гlумру гьабун теян росдал жамагlатчагlалда гьарила дица…

…Гьурилъун гӀурумухъккун бекерулеб чода тӀа-тӀалаго цӀцӀалал ралел рукӀана ТӀинахӀажияс. ГӀор бахунелъулги гьес чу хьадар ине течӀо.

БичӀчӀизе захӀматаб чорхол хӀал букӀана гьесул. Жакъа жинца гьабураб иш кӀварцӀикӀкӀараб бугеблъиялда божилъи гьабизе яхӀ бахъулеб букӀана гьас. Къумал кулабазул щобикь, кьурул ракьанда бугеб гьабихъе щваравго гьас чу туркӀун чӀолохъжогун, кваранидехун, гъоркьан-тӀаде кӀичӀардилаго инсул росулъе унеб нухде сверизабуна…

…Гьедин ахир лъуна гьанжезаманалъул бербалагьиялдалъун къимат кьуни расги гуреб жо сабаблъун ккараб лъабго чиясул гӀумру къурбанлъараб, гьит1инаб магӀарул росулъ ккараб бидулаб тушманлъиялъе.

…Ана сонал…КӀиябго тухумалда гьоркьоб дагь-дагьккун рекъелги гьуинлъиги бижана. Хадур ригьиналги, гӀагарлъиги жубана. Дозул наслабаз гьудуллъиги гьабуна, гӀагарлъиги цӀунана. Рагъун хадуб гьабураб гьудуллъи гьуинабин кици бугелъулха магӀарулазул.

ГӀемерал соназ цебе, цо ихдалил къоялъ, жиндирго гьалбаллъунги цоцазе тушбабилъунги кколел тухумазда гьоркьоб рекъел гьабизе бажариги сабабги батарав магӀаруласулги, тущманасул кодобе жиндирго ханжар кьезе ва наслабахъе кьечӀого тушманлъи лъугӀизабизе таваккал гӀурав гӀолохъанчиясулги, цеве вахъунчӀчӀарав бидуласул рекӀелълъ къазабичӀого ханжарги кӀихӀи бекун, тушманлъиялъе ахир лъезе сабруги бахӀарчилъиги гӀурасулги рухӀал, нусгоялдасаги цӀикӀкӀун сонал аниги, алжаналъур ратагиян гьарилин ккола гьаб къиса цӀалараласщиназ…Аллагьасе гӀоло….





**Раисат**
**БАТАГIАЛИЕВА**

## МЕСЕДИЛ КЪАЛАМАЛЪ БАН БУГИН ЧIЕГIЕР, ХIАМЗАТИЛ РАСУЛИЛ ИРСИЛАВ ХВЕДАЛ…..

БатагIалиева Раисат Магьдиевна гьаюна 1976 соналъул 20 октябралда КIуяда росулъ.

ЛъугIизабуна Агъада гьоркьохъеб школа. Хадуй цIализе лъугьана Дагъистаналъул педагогияб университеталъул авар мацIалъулгун литературияб факультеталде. Раисатил гьитIинаб къоялдасанго букIана магIарул мацIалдехъун, литератураялдехъун рокьи. Пагьму-гьунар букIана кечI хъвазеги.

Дагьал церегIан соназдасан байбихьун, гьелъул дагьабги цIикIкIана кучIдул хъвазе махщел ва дагь-дагькkун къватIире раккана гIадамаз лъикI къабул гьарурал асарал. Гьелъул назмаби тIоцере ахIун халкъалда рагIизаруна ЧIарада районалъул ГIириб росулъа Юсуп АсхIабалиевас. Гьелдаса хъадуб гьелъул назмаби цоги-цоги гьунар-махщел бугел группабазги цогидазги гIемер ахIулелги руго.

Раисат йиго гIадамал хирияй, ракI гIатIидай, гьимун гурони гIадамасда кIалъаларей гIадан. Гьединай йикIиналъ гьей гIадамазеги цIакъ йокьула, гьелъул гьунаралъулги къимат гьабула.

Жиндицаго гьанжелъизегIан хъварал асаралги данде росун, «Пикрабазул карачел» абураб тIоцебесеб тIехь къватIиб биччазе хIалтIи гьабулеб буго. Нилъецаги гьарила Раисатие хъадубkkунги жеги мухIканго, жеги берцинго назмаби хъвазе пагьмуги гьунарги!!!

### МАГIАРУЛ МАЦI

**Пашманаб ракIалъул унти рехсани,**
**ТохтургIаги гьечIищ дару гьабизе?**
**Холеб магIарул мацI хвасар гьабизе,**
**Лъиде ахIиги бан, ургъел бикьилеб?**

**МагІарул мацІалда суал кьурасе**
**Данде жаваб буго гІурусалъ кьолеб.**
**Дур миллат щибилан гьикъа-бакъидал,**
**Аварка йигилан жаваб гьабула.**

**Нилъер гІакълу бугел гІалимзабазда**
**Гьадин гьаб кколеблъи лъалеб букІана.**
**МагІарул мацІ хвани, хвезе хІадурал**
**Чанги шагІирасул къанщана берал.**

**Нилъер умумузе хвалчадул ругъун**
**МацІ хисиялдаса бигьа букІана.**
**Ругънаде цІан щвалел цІиял наслаби**
**Хадур рачІунеблъи лъалеб букІана.**

**Меседил хІарпаз хъван, хІадур гьарурал**
**ХІамзатил Расулил саринал цІале,**
**ВатІаналъе хисун, хилиплъаразул**
**Къадру жаниб хварал жугьаби рагье.**

**Ле, пуланасул вас, пуланав эмен,**
**Бихьинчияс гІадин, цІуне рахьдал мацІ!**
**Хъизан-лъималазе магІарул хабар,**
**МагІарулаз гІадин, щай бицунареб.**

**ВатІан рехун теялъ пашманал рухІал**
**Рахьдал мацІ кІочон тун «рохун» ратила.**
**Хъирул къанал къирун, рорхизе анищ**
**ЯхІ гьечІел нилъеда рагІи абизе.**

## **ХЪИРЩАРДИЗЕ ЛЪУГЬУНГЕ!**

**ГІадамазул гІумруялъулъ хъирщардулел рукІинчІого,**
**Дурго араб, унеб бугеб, гІумруялъул хІисаб гьабе!**
**Гьезул бадиб бугеб гІочІол ургъалида рукІинчІого,**
**Дурго бадиб бугеб чІалу нахъе цІазе гІамал гьабе!**

**Ирга гьечІеб хабар бицун, хур бекьулел рукІинчІого,**
**Хайир бугеб жанибги хьан, бачІин лъикІаб тІалаб гьабе!**
**Цинциязул гьанги кванан, чахьал цІезе гьаричІого,**
**Дурго рокъоб гьабураб квин кванай цІакъго рекъон ккела!**

**Кколарелъурги рецщарун рецц гьабизе лъугьинчІого,**
**ЛъикІлъи-квешлъи гІадамазги жодоцаго борцунебин.**
**ЛъикІаб месед гьечІо гьабин гІантас гІодоб реханиги,**
**ГІакъилас гьеб кодоб босун, кутакалда цІунулебин.**

## ПАЙДА ГЬЕЧIЕБ ДУНИЯЛ

Араб къоялъул гуреб божи гьечIеб дунիял,
БачIунелъул ургъелаз унти ккараб дуниял.
Хваразда бахиллъараб ракI чIунтараб дуниял,
ГIуразда ракI бухIараб гIажаибаб дуниял.

Эркенлъиялъул пикру гьабулареб дуниял,
ГIарцул гIор чваханиги, гIорцIулареб дуниял.
Хвезе рукIин лъаниги, хьул халатаб дуниял,
Хабалъ гIалам лъуниги, ургъел гьечIеб дуниял.

Жиндий хайир гьечIев чи хвайин толеб дуниял,
ХъамалчагIазда хадур рекерулеб дуниял.
БитIарабин-тIекъабин, рищ-магъ гьечIеб дуниял,
РищватчагIи гIемераб, гIакса ккараб дуниял.

Берцинаб рагIиялъул къимат гьечIеб дуниял,
Къадру бугел какулеб лъай босараб дуниял.
ЛъикIлъи гьаби лъалареб хIалихьатаб дуниял,
ХIакъаб рагIул щибниги къимат гьечIеб дуниял.

Кодоблъи цIикIкIарасул хьибил кколеб дуниял,
ГIакълу кьолев мискинчи нахъе цулеб дуниял.
Квешлъи гьабулесдаги тIад рекъолеб дуниял,
Гъибат-бугьтан гьоцIогIан гьуинлъараб дуниял.

Аллагь, ниж рикIкIад гьаре гьеб квешабщиналдаса!
Какараб гIамалалъул гIасияб напсалдаса!
Аллагь, ниж дуца цIуне жужахIалъул цIедаса!
ЦIадар ккеялъе ругел квешал гIамалаздаса!

## МУХIАММАД АХIМАДОВАСДЕ

ХъахIаб кагъаталде беганин щакъи,
ШагIирасул хIухьел къотIун рагIидал.
Меседил къаламалъ бан бугин чIегIер,
ХIамзатил Расулил ирсилав хведал.

Гьанже рагIабазул ккелебдай магIна,
МагIна бугев шагIир къаникьеги ун?
Гьанже хIарпал сокIкIун, ккеладай сарин,
Сариназул инсул берал къанщидал.

**ГIоде, шагIирзаби, гIоде, Дагъистан!**
**Адабияталде беганин хIуби.**
**ГIоде, Гъуниб район, гIоде, аварал!**
**Эбелаб мацIалъул беканин сибил.**

**Союзалъул эмен, миллаталъул вас,**
**Халкъалъул ургъелаз унтарав шагIир.**
**Расул нижей хисун, щун вукIарав дур,**
**ЩвечIо мурадалде тIолго анищал.**

**Дир районцоясул беканин перо,**
**Меседил хIарпал хъван, къватIире кьолеб .**
**АхIмадовичасул къотIанин калам,**
**ХIеренго шивасда рекъезабулеб.**

**Гъунир цIигьарулел къункърабазул тIел,**
**Лъида тIад гьелги къан, къо-лъикI гьабураб?**
**Я АхIмадов гурев, я Расул гьечIев,**
**Исана лъилгун гьез дандчIвай гьабилеб?**

**АхIмадов МухIамад, хIикматав инсан.**
**ХIажат вукIана мун жеги нижее!**
**Аллагьасул хIукму, алхIамдулиллагь,**
**Алжан насиблъаги, МухIамад, дуе!**

## СОН БУКIАНИН ККОЛА

**Сон букIанин ккола лъимадул гIужда,**
**Кверги ккун, мухъ цIазе малъулеб заман.**
**Жакъа хадуй сверун ялагьарайго,**
**Соназул гохI буго сокIкIун бихьулеб.**

**Сон рукIанин ккола рохалил къоял,**
**ГIагарлъи камичIеб разияб заман.**
**Жакъа ялагьидал, къварилъула ракI,**
**РатIалъун аразул хIисабги гьабун.**

**Сон рукIанин ккола ургъелго гьечIеб,**
**Унтидал сахлъулеб лъикIаб замана.**
**Жакъа балагьидал, дару кколареб,**
**Хехаб къадар бачIун, къан кколел руго.**

**Сон, жакъа, метерин къокъунеб гIумру,**
**Хивал гьабилелде лъугIулеб буго.**
**Хьул халалъаниги, бахъулеб хIухьел,**
**ХIасилго ккечIого босулеб буго.**

## БИЦЕ НИЖЕЙ, АХIУЛГОХI, ДУР ККАРАБ КЪИСАЯЛЪУЛ

**Бице нижей, АхIулгохI, дур ккараб къисаялъул,**
**КъуркьичIого, къеркьарал васазул къисматалъул.**
**Бице нижей, АхIулгохI, цIа гIадал бахIарзазул,**
**ЦIумаллъун роржанхъарал лебалал наибазул.**

**Бице нижей, АхIулгохI, къвакIарал руччабазул,**
**ТIад тIагъур лъун рагъарал гIещдерил мусудузул.**
**Тушманасул чорокаб квер жидеда хъвалалде,**
**Кьурса гъоркье кIанцIарал намус тIокIал ясазул.**

**…Гьеб цIакъго къварилъана, угьун хIухьел биччана,**
**Амман жакъаанищ дол лебалал наибзаби.**
**– Дун гIемераб лъукъана, къоял чанги рихьана,**
**Тушманасул квердаса Шамилица цIунана.**

**Нужеда рагIуларищ гьаб гохIалъул ахIи-хIур,**
**Добасан тункIил кьвагьи, гьаниб чуязул тIваркьи,**
**Гъоба хъвалчадул чапи, чвахулеб биялъул сас,**
**Аллагьу Акбарилан цадахъ бачунеб такбир.**

**Гъоркьлъалие васги кьун, рагъ лъугIилин гьабураб**
**КьотIи хведал, Шамилил бадисан цIа пирхана.**
**ГIи гъуризе бачIараб гъалбацI кинигин, имам,**
**Тушбабазул боялъул бакьулъе кIанцIун ана.**

**Бихьуларищ имамас хьвагIулеб чармил хъвалчен,**
**Чара хварал хъачагъал хъачадулел ругеб куц.**
**Бадисан цIа беролел Шамилил муридзабаз,**
**Исламалъул бацIцIадаб цIар цIунулеб бугеб куц.**

**Балагье, дол руччабаз хеч тункулеб бугеб куц,**
**Берал къанщун, къотIулел тушбабазул бутIрузухъ.**
**Дол цо лъимал рихьулищ, улбузде тIаде къулун,**
**Берал рагье бабайин, ахIи бан инагьдулел.**

**Дир ракI гIодулеб буго гIоралъ аразда хадуб,**
**Дир ракI угьдулеб буго, бесдал таразда гурхIун.**
**Дир гьал беразда цере чан бахIарзал кьанщарал,**
**РукъичIого, ракъдада ракъван чамал тIагIарал.**

**Амма дун цIакъ бохула, къварилъи кIочон тола,**
**Имамас хIетI тIад чIечIеб тIанкI гьечIо дир мугъалда.**
**Гьезул биги – дида тIад, гьезул гIетIги – дида тIад,**
**ГIасрабаз лъугIулареб гьезул цIар – дида цадахъ.**

**…Ниж цIакъ гIажаиблъана, гIодун гьаракь биччана,**
**Берда бихьараб гIадаб асар рекIей лъугьана.**
**Нижер ракI бахиллъана гьенир хваразда хъадуб,**
**Квешго ракI къварилъана, гьеб къокъадулъ гьечIелъул.**

# Ццидалъ гъулгъудула цIорораб гьури...



**Сулим МАХIАМАДОВ**

Чачаназул машгьурав шагIир ва хъвадарухъан Сулим МахIамадов гьавуна 1968 соналда учительзабазул хъизамалда Майртуп росулъ, Калмыкиялда школаги лъугIизабун, 1985 соналда ВатIаналде тIадвуссана. Армиялда хъулухъ гьабун хадуб, цин Ставрополалъул Политехникияб институт, хадуб МахIачхъалаялда Финансазулгун правоялъул институт лъугIизабуна.

КучIдул хъвазе байбихьана, школалда цIалулеб мехалдаго. Сулимица хъвала кучIдул ва харбал чачан мацIалдаги гIурус мацIалдаги. Гьев ккола Россиялъул Хъвадарухъабазул союзалъул член, жугьабазулгун харбазул чанго тIехьалъул автор, Чачан Республикаялъул Курчалой районалъул бетIер.

* * *

**Нилъ киса рачIарал, кире нилъ унел?!..**
**Киназдаго гуро ургьиб гьеб унеб!**
**Гьереси гьарзаяб согIаб ракьалда**
**Рокьи тун, улкаби ратула кьалда.**

**Унел руго къоял, къокъуна сагIтал,**
**Макьил хIалхьи кIочон, сверула сардал.**
**Сордо-къояз хъамун уна лъимерлъи.**
**Хехго ун батула гIанчIаб гIолилллъи.**

**ЦинтIаго гIунтIула кьурул рагIалде,**
**ГIумру щун батула тохаб херлъуде.**
**Хисула хасият, херлъула гьумер,**
**РекIекълъи, пашманлъи букIуна гIемер.**

**Хъвараб къадарилан, дур къисматилан**
**Къойилго абула къабуллъейилан.**

**Къварилъахъдун щибго нахъбуссунарин,**
**Нахъа тараб кIочон, цеве валагьейн.**

**Цебе – гьеб гIумрудул бищун аслияб! –**
**Аллагь рехсон дунял босе даимаб.**
**Дунялалда гIумру – къокъабго макьу.**
**Къо щвейгун, къокъина, дур «мина» - ракьулъ.**

## ИХ

**Рохьил рацIцIалъиялда**
**Дун харилъ вегун вуго.**
**ГъотIол тIамхазулъа дий**
**Гьимулел чIорал руго.**

**ТIокIкIараб иццул гаргал -**
**Эбелалъул калам, гъал.**
**ХIанчIаз рачунел бакънал –**
**Ихалъ дида балеб къвал.**

**Зодой гIунтIарал мугIрул,**
**ГIаздалал гьезул тIогьал –**
**ТIабигIаталъул кини,**
**Ихдалил вас – дун жанив.**

**ТалихIалъ хIайранлъидал**
**Дица берал къанщула.**
**БетIергьан Аллагьасда**
**Шукруйилан шурула.**

## ДИР ГЬУДУЛЗАБИ – ШАГIИРЗАБИ

**Хириял шагIирзаби –**
**РакI лъикIал гьудулзаби,**
**Сардилъ хIалхьи лъаларел,**
**Макьу тун хъвадарулел.**

**Цо якъут батизелъун,**
**Ракьулъ гамачI хъурула,**
**РагIул жавгьарал сокIкIун,**
**Жугьа нужеца хъвала.**

**Къиматаб магIданалъул**
**Багьа гъурщаз борцуна.**

**МагӀна гъваридаб рагӀул**
**ГӀемер гӀелаз бицуна.**

**Анищ – шагӀирзабазе**
**ШигӀрияб махщел щвезе,**
**Гъединал рагӀабазул**
**Хвел гьечӀеб асар хъвазе.**

## СОНАЛ

**Ццидалъ гъулгъудула цӀорораб гьури,**
**Гъураб тӀамах лъухьун чӀвала гьелъ гъуни.**
**Квачан сородула гӀицӀлъарал гъутӀби,**
**РичӀула цӀороялъ хасалил нуцӀби.**

**Хасалил гӀаздаца гӀицӀаб тӀабигӀат,**
**Хинлъизе ретӀуна тамахаб халгӀат.**
**Хъубчузулъ рахчула гӀисинал рукъзал,**
**ТӀулбузухъа къватӀир кӀкӀуйдузул мухъал.**

**Марталда бакӀ-бакӀалъ багьула халгӀат,**
**ГӀурччинал лангазулъ тӀолго тӀабигӀат.**
**ТӀогьолаб маялда цӀилъула дунял,**
**ЦӀилъула щивасул рекӀел анищал.**

**Хасел, их, хаслихълъи нилъей бокьула,**
**Херлъи хехго тӀаде щоларебани.**
**ТӀегьарал гъутӀбуз нилъ рохизарула,**
**ТӀаде ракь хъвагӀалеб къо гьечӀебани.**

МагӀарул мацӀалде руссинаруна Дагъистаналъул халкъияй шагӀир Баху-Меседу Расуловалъ

**ХОСИЯТ Рустам**

Узбекистаналдаса машгъурай шагIир, хъвадарухъан, таржамачIужу, Узбекистаналъул ва Азербайжаналъул Хъвадарухъабазул союзазул член, «Китоб дунёси» («ТIахьазул дунял») абураб литературияб газеталъул бетIерай редактор Хосият Рустам гьаюна 1971 соналда Узбекистаналъул Наманганский областалъул Олмос посёлокалда. 1993 соналда гьелъ лъугIизабуна ташкенталъул пачалихъалъулаб университеталъул (гьанже Мирзо Улугбекил цIаралда бугеб Узбекистаналъул миллияб университете) журналистияб факультетги 2003 соналда гьебго университеталда ТIадегIанал литературиял курсалги.

Узбекистаналда гурейги, улкаялъул гIорхъи бахун къватIибехунги жиндир цIар рагIарай шагIир Хосият Рустам творчествоялъулаб хIаракатчилъиялъул щварал бергьенлъабазе гIоло мустахIикълъана:

2004 соналда улкаялъул Президентас кьолеб «Шухрат» абураб литературияб премиялъе;

2006 соналда «Узбекистаналъул чияда бачIолъиялъул 25 сон» абураб юбилеялъулаб гIаламаталъе;

2012 с. – Турциялъул Бурса шагьаралда тIобитIараб халкъазда гьоркьосеб шигIрияб къецалда тIоцебесеб бакIалъе;

2015 с. – Азербайжаналда МикагIил Мушфигал цIаралда бугеб Халкъазда гьоркьосеб Литературияб премиялъе;

2018 с. – VII-абилеб Халкъазда гьоркьосеб Литературияб Open Eurasian Literature фестивалалда, Таиландалда поэзиялъул къецалда тIоцебесеб бакI ккуна.

ШагIир гурейги Хосият йиго хъвадарухъан ва драматург.

20I5 соналда «Зодихъ роржен рекъечIеб хIинчI» абураб гьелъул пьеса, Узбекистаналъул халкъияв артист Мирза ГIазизовасул режисёрлъиги гьабун, бихьизабуна Мукумил цIаралда бугеб Узбекистаналъул музыкалиябгун драмаялъулаб театралъ.

ТаржамачIужу Хосият Рустамица узбек мацIалде руссинаруна батIи-батIиял улкабазул гIемерал шагIирзабазул асарал. Х. Рустамовалъул кучIдулги руссинарун руго дунялалъул 30-гIан батIияб мацIалде.

Дида Хосият лъаралдаса гIемерал сонал руго. Гьелъ дида гьарана, Расул ХIамзатовасул мацIалде руссинарун, жиндир кучIдул Дагъистаналъул литературияб альманахалда рахъизе цIакъ бокьун бугила, гьелъие кумек гьабейилан. Дихъе битIун бачIараб Москваялда къватIибе биччараб тIехьалдаса тIаса рищун гьал кучIдул руссинаруна дица, жиндир мунагьал чураяв, дунялалдаго цIар рагIарав нилъер шагIир Расул ХIамзатовасе хирияб магIарул мацIалде:

## БОКЬУН ГЬЕЧІО ХЪВАЗЕ ХВАЛИЛ ХІАКЪАЛЪУЛЪ

**Хвалил бицун хъвазе дий бакьан гуро,
Хъванилан, хъвагІазе кІоларелъул хвел.
РикІкІаде хъаме дун, мугІрузул гьури,
ГІедерго кІкІалахъан чвахулел гІорал.**

**Хвел кІочон, кечI ахІе, дир кочІол мухъал,
Гьаре дий гІумрудулъ талихІгун рохел.
Дудаса рикІкІалъун рукІкІунел къояз
РикІкІадасан гІадин, чІвала хвалил сас.**

**КочІолъ хъвазе буго гІицІго рохалил,
Мун вихьун хІалхьараб хинаб рогьалил.
Хвалил пикрабазде къан тела нуцІа,
Хвалида абила: «РикІкІалъе, буцІа!».**

**Зодой йоржаниги, ракьулъ лъуниги,
Мун цадахъ вукІина – пикрабазул хан.
Дуда дун рагІила къанабакьаги,
Ва къалъараб мехалъ гьалъаб зодисан.**

## НАКІКІУКЬАН БАККАНА МОЦІ

**МаркІачІуда къватІал пашманго руго,
Къаси мех бецІлъигун рештІунеб буго.
БецІлъи, дуда дир хІал кинан бичІчІилеб,
Вокьулесул гордо щайзе бахчулеб.**

**Сардил кватІараб гІуж, гІодулеб гьури,
ГІодой гъунеб тІанхил пашманаб шури.
Квачараб мех буго гьаб ханлъиялда,
Ахал гІицІлъулеб гІуж хасалихълъуда.**

**НакІкІукьан баккана канаб моцІрол гор,
Каранлъе чвахана талихІалъул гІор.
Зодой нух къосараб сардил хъаравул –
МоцІ лъалхъана тІохда дур азбаралъул.**

* * *

*Анна Ахматовалъе*

**Дир каранлъ бакараб цІадул кутакалъ
Канаб гьаб дунялго бухІанин ккана.
ЦинтІаго биараб гІазу кинигин,
Кинабго хисана, талихІалъ тана.**

**ГIицIго кочIол мухъал, пашманаб бакъан …**
**Янгъизлъи буго дир рекIелъ жаниб къан.**
**Дур беразулъ жугьа цIалулеб лахIзат,**
**ХIатIазукьа кьватIун ракь унеб хIасрат!**

**ГIашикъаб балаялъ хъварал шигIраби,**
**ШагIирзабаца хъван жеги рихьичIо.**
**ШигIриял тIахьазулъ гьечIел жугьаби,**
**Жан гIазизав гьудул, дур гурел гьечIо.**

**ЦIадуца бухIулеб гьинал рекIее**
**Рес кье дур беразул шигIру цIализе.**
**Дий дунял кIваричIо, йиччай аскIое,**
**Чалухал беразул гIишкъу гьекъезе.**

### ТАЛИХI ГЬАРИЛА

**ГIурччинхарда жеги щуб бетун гьечIо,**
**Бакъул чIораз тIогьол берал ричIичIо.**
**Мунги, дир хирияв, кьижун ватила,**
**Дица дуе талихI-рохел гьарила.**

**Макьил парахалъи, гIумрудулъ икъбал,**
**Гьарула макьу тун, пикрабалъ къвал бан.**
**Балъго гьабиларо, рагьун бицина,**
**Дие мун вокьула, бищун берцинав.**

**Къадар хъвачIониги, йокьичIониги,**
**Ракьалда мун гурев чи вокьиларо.**
**ГIадамаца дида гIайиб чIваниги,**
**ГIодун дуде гурей инагьдиларо.**

**Макьу тарал сардаз, рогьалил гIужалъ**
**ГIодой накаби чIван гIумру тIамила.**
**ГIунтIизе биччанте хвалилаб гIажал,**
**ХвезегIан, хирияв, дий мун вокьила.**

МагIарул мацIалде руссинаруна Дагъистаналъул халкъияй шагIир Баху-Меседу Расуловалъ


РОССИЯ
RUSSIA·2023
63 ₽
1923–2003
Р.Г. ГАМЗАТОВ


Мишустин готов цитировать меткие
высказывания Расула Гамзатова
в своих выступлениях на заседаниях
Правительства



Индекс годовой - ПС807 - 0
Индекс полугодовой - ПМ962 - 0

# Гьудуллъи

